ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

80 ТЕКIУЭНЫГЪЭ

№37 (24.787) • 2025 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 27, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэм къызэритамкlэ

Жылагъуэм зэрызиужьар къэзыгъэлъагъуэщ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Чайкэ Юрий и деж щылажьэ Советым и зэIущIэм.

АР ТЕУХУАУЭ щытащ зи узыншагъэм сэкъат иIэ балигъхэмрэ сабийхэмрэ яхуэунэтIа физкультурэм зегъэужьыным.

Апхуэдэ гупым щыщхэм я Iэпкълъэпкъым зэрызрагъэужьыфыну щытыкIэхэр къахузэгъэпэщыным мы зэманым мыхьэнэшхуэ иIэщ дэз Iуэху хэхам хэту уIэгъэ хьэлъэ хъуауэ щыта ди сэлэтхэм я дежкIэ.

Чайкэ Юрий къыхигъэщащ спорт IэнатIэм и Iэмалхэр зи узыншагъэкIэ гуныкъуэгъуэ зиIэхэми зэхуэдэу къагъэсэбэпыфыныр къэралым и УнафэщIым къигъэува къалэнхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр.

Никъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэм зэрахущытым и гугъу щищIым, къэралым и Президент Путин Владимир мызэ-мытIэу къыхигъэщащ ар «жылагъуэм зэрызиужьар, зэрызэкъуэтыр икIи псэукIэм зэрыхуэщIар къэзыгъэлъагъуэ мардэу зэрыщытыр». Абы и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI Налшык къалэм дэт Спорт-адаптивнэ еджапIэм. Зи тхьэкIумэхэм зэхамыххэм, зи Iэпкълъэпкъыр тэмэму къызыдэмыбзхэм, зи нэхэм ямылъагъухэм папщIэ унэтIыныгъэхэм зыщрагъэужь, спортым и лIэужьыгъуи 8-кIэ щадолажьэ - тхэквондо, шабзэкIэ нэщанэ еуэн, псым есын, атлетикэ псынщIэ, бочче, голбол, футбол цIыкIу, пауэр-лифтинг хуэдэхэмкIэ. ЕджапIэм и гъэсэнхэм текIуэныгъэхэр къыщахь зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм, абыхэм урысейпсо зэхьэзэхуэхэри яхэту.

Илъэс блэкIам «Псоми зэхуэдэу къагъэсэбэпыфу» къэрал программэм ипкъ иткIэ еджапIэм къыхуащэхуащ зыхуэныкъуэ спорт Iэмэпсымэхэр, абы екIуалIэхэм ядэлэжьэну IэщIагъэлIхэр ягъэхьэзыращ, и къудамэхэр щIыналъэхэм къыщызэIуах. Ар Iуэху къызэрыгуэкIкъым икIи ирагъэкIуэкI «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и щIыналъэ къудамэм щIыгъуу.

Республикэм щыщу СВО-м хэтахэм медалитху къыщахьащ Хэкум и хъумакIуэхэм я Кубокыр къэхьыным хуэунэтIауэ илъэс кIуам Ставрополь къалэм щекIуэкIа зэпеуэм. А унэтIыныгъэм адэкIи зрагъэужьынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэмкIэ щIыналъэм щыпсэухэм зэрехъуэхъур

ПщIэ зыхуэсщI си лъахэгъухэ! Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэ!

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу къэблэгъа махуэщIымкIэ - Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэмкIэ.

Псоми ди зэхуэдэ, псори дызыщыгуфIыкI а махуэм къегъэлъагъуэ захуагъэр зэрытекIуэр, балъкъэр лъэпкъым хэлъ къарур, къэмылэнджагъэр, быдагъэр. Лей зытехьэу гугъуехь куэд зышэча а лъэпкъым зихъумэжащ, здрагъэIэпхъукIа и щIыпIэми къигъэзэжащ.

Абы къыкIэлъыкIуа илъэс пщIы бжыгъэхэр лъэпкъым и дежкIэ хъуащ социальнэ, экономикэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэ лъагэм я лъэхъэнэ. Нобэ балъкъэрхэр лъэ быдэкIэ хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я унагъуэшхуэм, зэгурыIуэм икIи зэрыIыгъым. Ар ипэкIэ мэкIуатэ, къэкIуэнур дахэу еухуэ, ехъулIэныгъэхэр зыIэрегъэхьэ, и къаруи зэфIэкIи ирехьэлIэ ди республикэри къэралри гъэбыдэным.

Си фIэщ мэхъу дызэкъуэтмэ, игъащIэ лъандэрэ къыддекIуэкI зэныбжьэгъугъэ быдэм, къуэшыныгъэм, нэгъуэщI лъапIэныгъэхэм дахуэпэжмэ, гугъуехь псоми дазэрыпэлъэщынур, ди республикэм, Хэкум я ехъулIэныгъэхэм хуэгъэзауэ зыхуэдгъэувыж мурадхэм дазэрылъэIэсынур.

Си гуапэу сохъуэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми мамырыгъэ, насып, зэпэщыныгъэ яIэну.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, «Къэрал сыхьэтым» хыхьэу, яIущIащ республикэм и курыт еджапIэхэм я психолого-педагогикэ классхэм щеджэхэм.

НыбжьыщIэхэр иратъэблагъэ

НАЛШЫК къалэм, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ, Прохладнэ районхэм я ныбжьыщIэ 60-м щIигъу ирагъэблэгъат зэхуэсым. Абыхэм зыщрагъэплъыхьащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэ нэхъыщхьэм. НыбжьыщIэхэм къаIущIащ КъБР-м и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым и унафэщIхэм ящыщ, Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Джатэ Руслан. Депутатыр щIэупщIащ щIалэгъуалэм я ехъулIэныгъэхэм, ахэр дэзыхьэххэм, икIи дэтхэнэри къыхуриджащ жыджэру щIыналъэм и жылагъуэ Iуэхухэм хэтыну.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэ къыхигъэщащ, республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм игъэбелджыла Iуэхухэм ящыщу, 2024 гъэм и дыгъэгъазэм математикэмрэ информатикэмрэ, физикэр, химиер, биологиер, тхыдэмрэ обществознаниемрэ щхьэхуэщхьэхуэу школхэм щрагъэджыным иужь зэрихьар икIи ар зэрыщхьэпэр. «Мы Iуэхур щIыналъэм дежкIэ сэбэпщ, дызримыкъу IэщIагъэлIхэр пасэу дгъэхьэзырыну Iэмал къыдетри, - жиIащ Емузым. - Ди зэхуэсым нобэ къедгъэблэгъахэр а программэ гъэщIэгъуэным хэхуахэращ. ИкъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ ныбжьыщIэхэм ЕгъэджакIуэхэм я Iэзагъэм щыхагъахъуэ IуэхущIапIэм и IэщIагъэлIхэр къазэрыдэлажьэми. Нобэ психолого-педагогикэ унэтIыныгъэм ирилажьэхэр дрикъуркъым, абы къыхэкIыу дыхуейщ курыт школым иджыри фыщIэсу IэщIагъэр зищIысым зыщывгъэгъуэзэну, абы фыхуэхьэзыру еджапIэ нэхъыщхьэм фыщIэтIысхьэну. ЕгъэджакIуэм цIыхум и гъащIэр зыхуэдэ хъунум теухуауэ къалэнышхуэ егъэзащIэ, псом хуэмыдэу здиунэтIыну гъуэгумрэ къыхихыну IэщIагъэмрэ ехьэлIауэ. Аращ нобэ апхуэдэ гулъытэ мы Iуэхум щIыхуащIыр».

КъБР-м и Парламентым КъэпщытэныгъэмрэгламентымкIэ и комитетым и унафэщI Кансаевэ Еленэ ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ щIыналъэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и зэхэлъыкIэмрэ илэжьхэмрэ. Абы къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ мы зэманым КъБР-м и Парламентым и еблэнэ зэхуэсыщIэр зэрылажьэм, хэтхэр иджыблагъэ процент 40-кIэ зэрызэрахъуэкIам, щIалэщIэхэр зэрыхагъэхьам. Къыхигъэщащ депутат 70 зэрылажьэр, абыхэм СВО-м хэта щIалитI зэрыхагъэхьар. Кансаевэ Еленэ щхьэхуэу тепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым и комитет 11-мрэ Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ комитетымрэ я пщэрылъ нэхъыщхьэхэм, IуэхущIапIэм епха ЩIалэгъуалэ палатэмрэ Жылагъуэ советымрэ ягъэзащIэ къалэным.

ЩIалэгъуалэм яIущIахэм ящыщт ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ комитетым хэт, депутатхэм нэхъыщIэ дыдэу яхэт (илъэс 28-рэ хъууэ аращ), дзэ Iуэху хэхам и ветеран Шевчук Герман. Ар щIалэгъуалэм яхутепсэлъыхьыжащ къикIуа гъуэгуанэмрэ зыхэта гъэунэхуныгъэхэмрэ. ЩIалэм жиIащ Налшык къалэм и курыт еджапIэ №6-р къызэриухар, адэкIэ Хэкум къулыкъу зэрыхуищIар. Шевчук Герман и ныбжьыр илъэс 23-м щегъэжьауэ хэтащ дзэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм, зэпэщIэтыныгъэ гуащIэхэм. ИлъэситхукIэ абы Таджикистаным къулыкъу щищIащ, иужькIэ гуп унафэщIу щытащ, Урысеймрэ Таджикистанымрэ я зэпсэлъэныгъэхэр шынагъуэншэу екIуэкIынымкIэ къэралым пщэрылъ къыщищIыр игъэзащIэу. «ЗэрысхуэзэфIэкIкэ си къалэныр згъэзэщIащ. Зэман нэхъ гугъу дыдэхэм деж зыхэсщIэрт си щIыбагъ унагъуэр, Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Урысейр къызэрыдэтыр. Арат сыт щыгъуи къару къысхэзылъхьэжыр», - къыхигъэщащ абы. СВО-м щыIэу, ар плIэ уIэгъэ хъуащ, иужьым къигъэзэжащ. ЩIалэм зэрыжиIэмкIэ, Хэкум, цIыхум хуэлэжьэнращ депутат къулыкъум пэрыхьэныр къызыхэкIар. Депутатым ныбжьыщIэхэр къыхуриджащ къимыкIуэту я хъуэпсапIэхэр зрагъэхъулIэну.

КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и унафэщIым и къуэдзэ Хьэмыкъуэ Аслъэн тепсэлъыхьащ законхэр зэрырагъэфIакIуэм, республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и жэрдэмхэм УФ-м и Къэрал Думэм къару зэрыщагъуэтым, нэгъуэщIхэми.

ЕджакIуэхэри депутатхэм куэдымкIэ еупщIащ, цIыхухэм зэраIущIэ щIыкIэм, къыхалъхьэ жэрдэмхэр зыхуэдэм, н.къ. теухуауэ. Апхуэдэуи езы ныбжьыщIэхэр тепсэлъыхьащ я районхэм щыIэ школхэм я Iуэхур зытетым, зэреджэм.

Депутатхэр ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ, ехъулIэныгъэхэр яIэну, я гум фIэфI IэщIагъэ зрагъэгъуэтыну зэрагуапэр къыхагъэщу.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Пщыгъупщэ хъунукъым

Налшык «Дзэ щIыхьым и къалэ» цIэ лъапIэр къызэрыфIащрэ илъэс 15 зэрырикъур КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек соцсетым щиIэ напэкIуэцIым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм ягу къыщигъэкIыжащ.

«КЪАЛЭР зыхъумахэм Хэкум и хуитыныгъэм, ар зыми и унафэ щIэмытыным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэм къыщагъэлъэгъуа хахуагъэм, къэмылэнджагъэм, бэм къакъуэкIа лIыхъужьыгъэм папщIэ», - итщ Урысейм и Президентым и Указым. Абы Iэ тридзащ 2010 гъэм гъатхэпэм и 25-м, а дэфтэрыр къалэм и лIыкIуэхэм Кремлым къыщратыжауэ щытащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъум и пэ къихуэу.

«Лъэпкъ куэд хъу цIыхубэр зэрызэкъуэтым и щапхъэт Налшык бийм зэрыщахъумар. 1942 гъэм и гъэмахуэм фронтым и гъунапкъэр абы километр 25-рэ къудейкIэ пэIэщIэу щытауэ аращ, къалэм зауэ гуащIэхэр щекIуэкIащ, зэпымыууэ лагъымхэр къыщрадзыхырт. Бийр хуеIэрт Грознэрэ Бакурэ я щIыдагъэ къыщIэшыпIэхэм.

Жэпуэгъуэм гитлерыдзэхэм къалэр яубыдащ, ауэ 1943 гъэм и щIышылэм и пэщIэдзэм Дзэ Плъыжьым ахэр дихужащ абы, бийм цIыхущхьэкIи техникэкIи хэщIыныгъэшхуэхэр ириту. ИужькIэ Кавказыр хуит къэщIыжыным хуэгъэзауэ екIуэкIа зауэшхуэм бийр къанэ щымыIэу щызэтракъутауэ щытащ.

Фашистхэр щIыналъэм зэрита мазитIым къриубыдэу цIыху минитхум нэблагъэ зэтраукIат - лIыжь-фызыжьу, цIыхубзу, сабийуэ. Ар фашистхэм яхуэбгъэгъуи пщыгъупщи хъунукъым.

Къалэр бийм иубыдыным ипэкIи абы иужькIи налшыкдэсхэр ТекIуэныгъэм папщIэ я къару еблэжакъым, фронтым ерыскъыпхъэхэр хурагъашэу, армэм папщIэ Iэщэхэр, дзэм къыщагъэсэбэпыну нэгъуэщI зыхуеинухэр ящIу, бийр хэкум къратхъэхьэн папщIэ щIытI лэжьыгъэхэм хэту. Санаторэхэм къыщызэрагъэпэщат уIэгъэщ 12.

Налшык щыщу фронтым кIуащ цIыху мин 20-м щIигъу, абыхэм ящыщу минибгъум нэблагъэм я гъащIэр ТекIуэныгъэм щIатащ.

Налшык къалэр бийм къыIэщIахыжын, ар хуит къэхъужын папщIэ зи къаруи, зи пси емыблэжа совет зауэлIхэм къагъэлъэгъуа лIыхъужыгъэр зэи тщымыгъупщэжыну хыхьащ республикэми Урысейми я тхыдэм. Къалэр зыхъума лIыхъужьхэм я фэеплъыр дэтхэнэ зым ди дежкIи сыт щыгъуи щытынущ дызэрыгушхуэу, пщIэ зыхуэтщIу.

А фэеплъыр я гум илъу ди зауэлI хахуэхэм нобн ди Хэкур яхъумэ - абы и къэкIуэнур шынагъуэншэу щытыным щIоззэу. ЛIыхъужьхэм я фэеплъыр, Налшык зыхъумахэм я фэеплъыр зэи тщымыгъупщэнщ», - щыжеIэ щIыналъэм и Iэтащхьэм цIыхухэм зэрызахуигъазэм.

ЯгъэлъапIэ махуэм теухуа пэкIу щызэхэтащ Налшык и Дэшхуей хадэм. Налшык «Дзэ щIыхьым и къалэ» къызэрыфIащам и щIыхькIэ абдеж щагъэуващ щыта фэеплъым деж цIыхуищэхэр къыщызэхуэсат. Iуэхум хэтащ къалэ округым ЩIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и Iэтащхьэ Муравьев Игорь, Налшык администрацэм и унафэщI Ахъуэхъу Таймураз, абы и къуэдзэхэр, департаментхэм я унафэщIхэр, Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ советым и тхьэмадэ Абдуллаев Мустэфа, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, къалэдэсхэр.

Зэхуэсым къыщыпсэлъахэм къыхагъэщащ къалэр зыхъумахэм фIыщIэ мыухыж зэрыхуащIыр икIи а хабзэр щIэблэхэм зэIэпахыу къызэрекIуэкIынур. ПэкIум и кIэм абы къэрихьэлIахэм удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ стеллэм деж.

Гъэплъыгъуэ лъэхъэнэр икIмэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Журавлев Андрей. **ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ псэупIэ-коммунальнэ, щIыналъэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щыIэ ухуэныгъэхэр хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ IэнатIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным теухуа Iуэхухэм**.

УНЭХЭМ я гъэплъыгъуэ зэманыр икIмэ, унэтIыныгъэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIыну къапэщытщ. Апхуэдэу я мурадщ Налшык дэт котельнэхэм техникэ IэмэпсымэщIэхэр щIагъэувэну, къищынэмыщIауэ, хуабэ зэрыкIуэ бжьамийхэр щызэрахъуэкIыкIэ иджырей технологиехэр къагъэсэбэпынущ.

ЗэIущIэм и гугъу щащIащ Налшык и уэрамхэм щекIуэкI зэгъэпэщыжыныгъэми икIи язынкъуэ щIыпIэхэм деж инженер сетхэр къэгъэщIэрэщIэжыным гулъытэ зэрыхуэщIыпхъэр къыхагъэщащ. Апхуэдэу тепсэлъыхьащ къалэм и псы хъумапIэ нэхъыщхьэр зыхуей хуэгъэзэжыным теухуа проектыр зэрагъэхьэзырым.

Лэжьыгъэхэм я нэхъыбэр ягъэзэщIэнущ Урысейм и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ къыхалъхьа «ПсэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа ухуэныгъэхэр» проектыщIэм хыхьэу.

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм 2024 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа и доклад

«ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэхэм я IэнатIэр зэфIэуващ... Ар дызыхуейщ, жылагъуэм къигъэуващ. Мис мыбдежщ цIыхухэм езыхэм я социальнэ, лэжьыгъэ, псэупIэ, экономикэ, политикэ хуитыныгъэхэм къащхьэщыжын къыщагъуэтыр». **(Путин В. В.)**

ЦIЫХУМ и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм (адэкIэ Уполномоченнэщ) илъэс къэс ищI докладыр «ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №82-РЗ-уэ 2006 гъэм щэкIуэгъуэм и 3-м къыдэкIам и 25-нэ статьям ипкъ иткIэ игъэхьэзыращ, мыхэр и лъабжьэу:

езым и щхьэкIэ щригъэблэгъахэм, абыхэм республикэм и муниципальнэ къызэгъэпэщыныгъэхэм зэрыщригъэблэгъахэри хэту, къыщищIахэр;

республикэм, Урысей Федерацэм и адрей щIыналъэхэм щыпсэухэм, гражданствэ зимыIэ цIыхухэм, хамэ къэралхэм ящыщхэм зэрызыкъыхуагъэзахэр;

Уполномоченнэр гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм щыщIэупщIэу абыхэм къыщищIахэр;

къэрал, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм, абыхэм цIыхур щхьэхуимыту щаIыгъхэри яхэту, щыкIуэм къулыкъущIэхэм, адрейхэм къабгъэдэкIыу къыIэрыхьа хъыбархэр;

хуитыныгъэхэр хъумэным теухуауэ екIуэкIа конференцхэм, зэхуэсхэм, «стIол хъурейхэм» я зэIущIэхэм къыщыIэрыхьа тхыгъэхэмрэ щыгъуазэ зыщыхъуахэмрэ;

цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм, абыхэм Интернет сетри яхэту, традзахэр.

«ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 25-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм тету докладыр хуагъэхь Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм, Урысей Федерацэм ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ уполномоченнэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд нэхъыщхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым.

Докладым къыщыгъэлъэгъуащ цIыхухэм Уполномоченнэм зэрызыхуагъэза лъэIухэр нэхъыбэу зытеухуахэр, зыхуэгъэзэныгъэхэр бжыгъэкIи зытеухуахэмкIи щызэхагъэкIащ, цIыхухэм я хуитыныгъэхэр нэхъыбэрэ къыщызэпауду зыщрихьэлIэхэм, цIыхум и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ къызэпаудыныр къэзыша щхьэусыгъуэхэмрэ Iуэхухэмрэ къэзыIуатэ хъыбархэр, апхуэдэу ахэр зэфIагъэувэжын папщIэ Уполномоченнэм зэфIигъэкIахэм теухуа хъыбархэр.

(КIэлъыкIуэр 2-4-нэ нап.).



• Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ.

«Б» дивизионым и Япэ гуп. ЕтIуанэ джэгугъуэ «Спартак-Налшык» - «Динамо-2» (Мэхъэчкъалэ) Налшык. «Спартак» стадион. Гъатхэпэм и 29. Сыхьэт 15-м.

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм 2024 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа доклад

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап).

Хэзыгъэгъуазэ

2024 гъэм къэрал, муниципальнэ властым и органхэм, граждан жылагъуэм щыщхэм, дин, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм икIи, дауи, цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ Уполномоченнэм и IэнатIэм я лэжьыгъэр пащIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм ядэIэпыкъуным, ахэр дэIыгъыным, ахъшэ хуаутIыпщар и чэзум икIи къанэ щымыIэу яIэрыхьэным, псэуныгъэм ехьэлIа нэгъуэщI льготэхэр пхыгъэкIыным. Абыхэм къадэкIуэу республикэм къыщцызэрагъэпэщащ псапащIэ дэIэпыкъуныгъэр зэхуэхьэсыным икIи зауэхэр щекIуэкI щIыпIэхэм нэгъэсыным егъэщIылIа лэжьыгъэри. Ди зауэлIхэм - дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэхэм щыIэ лIыхъужьхэм - дахуэзащ.

Абы, шэч хэмылъу, мыхьэнэ ин иIащ ди лъахэгъу-зауэлIхэр гъэгушхуэн и лъэныкъуэкIэ икIи белджылы къищIащ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ди адэхэмрэ ди адэшхуэхэмрэ зытета «Псори фронтым папщIэ - псори текIуэныгъэм папщIэ!» хабзэхэм зэрыпащэр. Абы къикIыращи - Урысейр текIуэнущ!

Дэ дыщопсэу Урысей къэралышхуэм къыгуэхыпIэ имыIэу хэт Къэбэрдей-Балъкъэрми мыбы щекIуэкI псори ди гъащIэм щыщ Iыхьэу зыхыдощIэ. Дэ къэралым и экономикэм, жылагъуэ-политикэ гъащIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэфIхэм дащогуфIыкI, ныкъусаныгъэхэр тлъагъумэ, ди жагъуэ мэхъу.

Дэ куэдрэ дытепсэлъыхьащ хуитыныгъэхэм къащхьэщыжхэр граждан жылагъуэм зэращыщым икIи ди дежкIэ псом нэхърэ нэхъапэр цIыхур щыпсэунымкIэ Iэмалхэр, абы и шынагъуэншагъэр къыщцызэгъэпэща, хабзэхэмрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмрэ къыщцызэпыбуд мыхъу щытыкIэфI къэралымрэ жылагъуэмрэ щызэтеухуэныр зэрыарам. Абы и лъэныкъуэкIи республикэм щызэфIагъэкIыр мащIэкъым.

2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыкъомкIэ щыкIуэтащ экономикэмрэ псэуныгъэ IэнатIэмрэ зегъэужьыным, «Лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэнымкIи, - къыхегъэщхьэхукI КъБР-м и Iэтащхьэм, къэралым и щIыналъэ пашэхэм дащыщщ». Абы щыхьэт тохъуэ ягъэхьэзыра псоми я куэдагъым, зэщIэгъэуIуа бюджетым и хэхъуэхэм зэрызаIэтыр, уагъэгуфIэ промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ къыщахь ехъулIэныгъэхэм, узыншагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэмрэ я IэнатIэхэм мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэр щагъэзащIэ, лъэмыжхэр, гъуэгухэр яухуэ, турист IэнатIэм и материально-техникэ лъабжьэр ягъэбыдэ. Социальнэ политикэр пхыгъэкIыным мылъкушхуэ хуаутIыпщ, цIыхухэм, псом хуэмыдэу зи ныбжь хэкIуэтахэм зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм, бын куэд щапI унагъуэхэм защIэгъэкъуэн и лъэныкъуэкIэ зыхуагъэувыжа социальнэ къалэн псори республикэм егъэзащIэ. Ди гуапэу къыхэдгъэщхьэхукIын хуейщ жылагъуэр зэкъуэувэным и Iуэхум зэрыпащэр, зэкъуэтыныгъэр зэрагъэбыдэр, лъэпкъэр, дин зэмылIэужьыгъуэхэр зезыхьэхэр зэгурыIуэу зэрызэдэпсэур.

А псоми къадэкIуэу республикэм мыгъэзэщIауэ къыщонэ экономикэмрэ псэуныгъэмрэ ехьэлIа къалэн мымащIэ. ЗэкIэ ирикъуу къыщызэрагъэпэщыркъым нэхъ гуащIэ-мащIэхэр, псом хуэмыдэу зи ныбжь хэкIуэтахэр, ныкъуэдыкъуэхэр, сабий зеиншэхэр, адэ-анэхэм я нэIэм щIэмытыжу къэна сабийхэр псэун папщIэ зыхуеинухэр. Пенсэхэмрэ нэгъуэщI социальнэ льготэхэмрэ я индексацэхэр езэгъыркъым упсэун папщIэ япэу узыхуейхэм, ерыскъыхэм я уасэхэм. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, социальнэ псэупIэу яухуэр мащIэ дыдэщ, абы пэплъэурэ, цIыхухэм илъэс куэд ягъакIуэ. Абыхэми, нэгъуэщIхэми яжь къащIеху бэм я гукъыдэжым, цIыхухэр ирахулIэ къэрал, муниципальнэ органхэм, суд IуэхущIапIэхэм, абыхэм Уполномоченнэри яхэту, яхуэтхьэусыхэныр.

Абы къыхэкIыу Уполномоченнэм и лэжьыгъэр хуэгъэзащ республикэм цIыхумрэ гражданинымрэ я хуитыныгъэ нэхъыщхьэхэр щыпхыгъэкIыным щIэгъэкъуэн хуэхъуным, къызэпауда хуитыныгъэхэр щызэфIэгъэувэжыным. Абы щыгъуэми, мыбдежым дащыдолажьэ властым и органхэм, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм, граждан жылагъуэм и IэнатIэхэу я нэхъыбэм зэгурыIуэныгъэ зэтщIылIахэм.

Лей хъунукъым мыбдежым Уполномоченнэр къэрал муниципальнэ властым и органхэм зэращыпэщIэмыувэр къыщцыгъэлъэгъуэныр, дэ дызыпэщIэтыр цIыхум и хуитыныгъэхэр къызэпызыуд къулыкъущIэхэрщ.

Дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI зэманым цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным и IэнатIэм къалэнхэр зэрыщыIэм 2024 гъэм и накъыгъэм щытепсэлъыхьащ КИФЩI-м и щIыналъэхэм щылажьэ уполномоченнэхэр УФ-м и Президентым Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щиIэ полномочнэ лIыкIуэ Чайкэ Ю.Я. щаIущIам. Мы зэIущIэр дэ, цIыхум и хуитыныгъэхэр зыхъумэхэм, добж властым цIыхум и хуитыныгъэхэм къащхьэщыжынымрэ уполномоченнэхэм я IэнатIэмрэ гулъытэ къазэрыхуищIам и дамыгъэу икIи уполномоченнэхэм я лэжьыгъэм зэпымыуэ я нэIэ трагъэтын зэрыхуейр щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм ягу къэзыгъэкIыжу.

Уполномоченнэм и IэнатIэр къыщцызэрагъэпэща япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ зэхалъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан жылагъуэр щызэтеухуэнымрэ цIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ» тхылъым и проектыр икIи и щIэныгъэ-публицистикэ къыдэкIыгъуэхэр дунейм къытохьэ (проектыр зейри зэхэзылъхьэри Зумакулов Б. М.), том 14 къыдагъэкIакIэщ дэтхэнэри печать лист 18 - 20 хъууэ. Ар щIэуэ щыуващ Урысей Федерацэм и щIыналъэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэм. А къыдэкIыгъуэхэм щытрадзэ Уполномоченнэм илъэс къэс ищI аналитикэ докладхэр, еджагъэшхуэ-правоведхэм я щIэныгъэ тхыгъэхэр, щIэныгъэ-практикэ конференцхэм я дэфтэрхэр, апхуэдэу цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ УФ-м щыIэ Уполномоченнэмрэ щIыналъэ уполномоченнэхэмрэ къабгъэдэкI хъыбархэр. Тхылъхэр республикэм и библиотекэхэм, еджапIэхэм хуагъэхь.

Япэ Iыхьэ
ЦIыхухэм Уполномоченнэм зэрызыкъыхуагъазэ щIыкIэхэмрэ ахэр зытеухуахэмрэ

2024 гъэм Уполномоченнэм зэрызыкъыхуагъэза тхыгъэу 667-рэ къыIэрыхьащ. Конституцэ хуитыныгъэхэмкIэ ахэр мыпхуэдэу ягуэшащ:

щхьэзакъуэ (граждан) хуитыныгъэхэр (псэунымкIэ, пщIэ къыхуащIынымкIэ, зыри къемыIусэнымкIэ, гражданствэмкIэ, хуиту къикIухьынымкIэ, езыр зыщыщ лъэпкъыр иубзыхунымкIэ, иIэ хуитыныгъэхэр, дин иIыгъынымкIэ щхьэхуитыныгъэр, гупсысэнымкIэ, псэлъэнымкIэ щхьэхуитыныгъэхэр, хъыбар зригъэщIэнымкIэ хуитыныгъэхэр, нэгъуэщIхэри) - 123-рэ;

экономикэ хуитыныгъэхэр (уней мылъку яIэнымкIэ хуитыныгъэр, хьэрычэт лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIынымкIэ хуитыныгъэр, щIыр къэгъэсэбэпыным, таможнэ законодательствэм ехьэлIа Iуэхухэр, нэгъуэщIхэр) - 16;

социальнэ хуитыныгъэхэр (унагъуэм, анагъэм, сабиигъуэм къащхьэщыжыныр, псэуныгъэкIэ къызэрагъэпэщынымкIэ, псэупIэкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ иратынымкIэ хуитыныгъэхэр, лэжьыгъэ хуитыныгъэхэр, къэзыухъуреихь дунейр фIыуэ щытынымкIэ хуитыныгъэхэр) - 120-рэ;

щэнхабзэ хуитыныгъэхэр (анэдэлъхубзэр къигъэсэбэпынымкIэ, щIэныгъэ зригъэгъуэтынымкIэ, творчествэм зэрыхуейуэ зритынымкIэ, иригъэджэнымкIэ, щэнхабзэ гъащIэм хэтынымкIэ хуитыныгъэхэр, н.) - 10;

политикэ хуитыныгъэхэр (хэхыныгъэ хуитыныгъэхэр, къэрал къулыкъум лъэIэсынымкIэ хуитыныгъэр, щIыпIэ самоуправленэ иригъэкIуэкIынымкIэ, хеящIэ Iуэхухэм хэтынымкIэ хуитыныгъэхэр, зэгухьэнымкIэ хуитыныгъэр, цIыху куэд зыхэт Iуэхухэр егъэкIуэкIынымкIэ хуитыныгъэхэр, къэрал властым и органхэм захуигъэзэнымкIэ иIэ хуитыныгъэр, СМИ-хэм я щхьэхуитыныгъэр, нэгъуэщIхэри) - 4;

къэралыр къыщхьэщыжынымкIэ шэсыпIэхэр (уголовнэ судопроизводствэм, граждан судопроизводствэм, административнэ хабзэхэр къызэрызэпиудам щыхэплъэкIэ икIи административнэ судопроизводствэм цIыхум и хуитыныгъэхэм щытетыныр, щхьэхуимыту щаIыгъ щIыпIэхэм цIыхум и хуитыныгъэхэм щатетыныр) - 261-рэ;

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэм, Iэмалыншагъэхэм къэIэпхъуахэм зэрызыкъыхуагъэзахэр - 90;

фIыщIэ письмохэр - 11.

Зэрызыкъыхуагъэзахэр я зэхэлъыкIэкIэ мыпхуэдэу щытщ:

Урысейм Къэбэрдей-Балъкъэр РеспубликэмкIэ и УФСИН-мрэ республикэм щыIэ МВД-мрэ цIыхухэр щхьэхуимыту щаIыгъ я IуэхущIапIэхэм кIуэурэ щаIущIахэр -294-рэ (211-рэ).

Зэрызыкъыхуагъэзахэр къыздикIа къалэхэмрэ районхэмрэ:

- Налшык къ. - 173-рэ (168-рэ),
- Бахъсэн къ.- 13 (9) ;
- Прохладнэ къ.- 30 (7);
- Бахъсэн район - 10 (8);
- Май район - 29-рэ (7);
- Аруан район - 13 (15);
- Прохладнэ район - 27-рэ (88-рэ);
- Шэджэм район - 110-рэ (36-рэ);
- Шэрэдж район - 61-рэ (163-рэ);
- Iуащхьэмахуэ район - 9 (8);
- Дзэлыкъуэ район - 13 (9);
- Лэскэн район - 8 (10);
- хамэ къэралхэм я цIыхухэм - 140-рэ (139-рэ);
- Урысей Федерацэм и нэгъуэщI щIыналъэхэм - 25 (10).

Къэтхьа бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэщи, зэрызыкъыхуагъэзахэм хуитыныгъэхэм я IэнатIэ куэд къызэщIаубыдэ. Ауэ я нэхъыбэр зытеухуар цIыхум и хуитыныгъэхэм къэралыр къыщхьэщыжынымкIэ шэсыпIэхэм егъэщIылIахэрщ административнэ хабзэхэр къызэрызэпаудам теухуа Iуэхухэм щыхэплъэкIэ икIи административнэ судопроизводствэм щытетыным, цIыхухэр щхьэхуимыту щаIыгъ щIыпIэхэм абыхэм я хуитыныгъэхэм щытетыным) - 261-рэ, и щхьэзакъуэ хуитыныгъэхэр (псэунымкIэ, пщIэ хуащIынымкIэ, къемыIусэнымкIэ, гражданствэмкIэ, хуиту къикIухьынымкIэ, зыщыщ лъэпкъыр езым иубзыхунымкIэ хуитыныгъэхэр, дин иIыгъынымкIэ щхьэхуитыныгъэр, гупсысэнымкIэ, псэлъэнымкIэ щхьэхуитыныгъэхэр, хъыбархэр къыIэрыхьэнымкIэ хуитыныгъэр, нэгъуэщIхэри) - 123-рэ, социальнэ хуитыныгъэхэр (унагъуэм, анагъэм, сабиигъуэм къащхьэщыжыныр, псэуныгъэкIэ къызэрагъэпэщынымкIэ, псэупIэкIэ, и узыншагъэр ихъумэнымкIэ, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ кърatынымкIэ яIэ хуитыныгъэхэр, лэжьыгъэ хуитыныгъэхэр, къэзыухъуреихь дунейр фIыуэ щытынымкIэ хуитыныгъэхэр) - 120-рэ.

Псори зэхэту зэрызыкъыхуагъэзахэр хуэдипщIкIэ нэхъ мащIэ щыхъуащ следствиемрэ дознаниемрэ я органхэм ялэжьхэм (ямылэжьхэм) папщIэ къата тхьэусыхафэхэм я бжыгъэр икIи ахэр 3-м хуэкIуащ, 2023 гъэм зэрыщыта 33-м къикIри.

Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, коммунальнэ IуэхущIапIэхэм ялэжьхэм (ямылэжьхэм) яхуэгъэза тхьэусыхафэхэу, зыкъыхуэгъэзэныгъэхэу Уполномоченнэм къыIэрыхьащ 121-рэ (91-рэ). Абыхэм я бжыгъэм зиIэтыныр къэзышар социальнэ къызэгъэпэщыныгъэм - 51-рэ (33-рэ), лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэм - 12 (9) ехьэлIа IуэхухэмкIэ, щIы IуэхухэмкIэ - 14 (11), коммунальнэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэм и фIагъымкIэ - 19 (15) зэрыхэхъуарщ.

Хабзэ зэрыхуэхъуащи, цIыхухэм зэрызыкъыхуагъазэхэм Уполномоченнэр гъэзэщIакIуэ властым и республикэ органхэмрэ властым и федеральнэ органхэм я щIыналъэ органхэмрэ я гъусэу хэплъащ, къэрал, муниципальнэ органхэм, цIыхур щхьэхуимыту щаIыгъ щIыпIэхэм кIуэурэ, апхуэдэу тхьэусыхафэм къыщцыхьа хъыбархэр къипщытэурэ, зэхигъэкIыурэ.

2024 гъэм республикэм къыщцыхъуакъым цIыхум и хуитыныгъэхэр егъэлеяуэ икIи къытрагъэзэжурэ къыщцызэпауд.

Мыбдеж щапхъэ зыбжанэ къыщцытхьыну къозэгъ, цIыхухэр къегъэблэгъэным, абыхэм яхуэзэным яIэ мыхьэнэр къызэрагъэлъагъуэм къыхэкIыу.

2024 гъэм гъатхэпэм и 29-м, мэкъуауэгъуэм и 28-м, щэкIуэгъуэм и 20-м Уполномоченнэмрэ абы и аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Урысейм и Юристхэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэр я гъусэу цIыхухэр щрагъэблэгъащ Мэлбахъуэ Т. Къу. и цIэр зезыхьэ Къэрал Лъэпкъ библиотекэм, зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкiэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм я Налшык къалэ Советым, Аруан, Шэджэм, Дзэлыкъуэ, Май районхэм, Бахъсэн къалэ округым я щIыпIэ администрацэхэм.

2024 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м Уполномоченнэм Дзэлыкъуэ районым и прокурорымрэ Дзэлыкъуэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэмрэ я гъусэу Дзэлыкъуэ районым щыпсэухэр иригъэблэгъащ. ЗэIущIэхэм щыхэплъащ экологие шынагъуэншагъэм тетыным, щIыр къэгъэсэбэпыным, щIыхубэ IэщIагъэхэм зегъэужьыным, псэупIэ ухуэныгъэм Iыхьэхэ хыхьэу къагъэпцIахэм я хуитыныгъэхэм къащхьэщыжыным ехьэлIа Iуэхухэм. ЦIыхухэм даэрыIущIам кърикIуахэм япкъ иткIэ дэ къытIэрыхьащ тхьэусыхафэхэмрэ лъэIуэхэмрэ зэфIэхыным дазэрыдэIэпыкъуам къыхэкIыу фIыщIэ къызэрытхуащI письмохэр.

Дзэлыкъуэ районым щыпсэу П., Май районым щыпсэу Д., Прохладнэ къалэм щыщ У., Нарткъалэ щыпсэу К. бзылъхугъэхэм Уполномоченнэм фIыщIэ къыщыхуащI тхыгъэхэр къытIэрыхьащ, абыхэм я бынхэр украин гъэрыпIэм къырагъэкIыжын папщIэ зэрадэIэпыкъуам папщIэ.

Апхуэдэу фIыщIэ къыщыхуащI письмохэр къыIэрыхьащ суд унафэр якъутэжынымкIэ икIи лъабжьэншэу цIыхубзым и счетым ираха ахъшэр къыIэрыхьэжынымкIэ зэрыдэIэпыкъуам, уIэгъэ хъуа и къуэм уIэгъэщым дэфтэрхэр къыщратыжынымкIэ зэрыдэIэпыкъуам, зыщIэс псэупIэм щыпсэуну иIэ хуитыныгъэм щыхьэт техъуэнымкIэ зауэ Iуэхухэм я ветераным зэрыдэIэпыкъуам, ЦIыхухэм лэжьыгъэ яIэнымкIэ центрым етIуанэу учет щагъэувынымкIэ зэрадэIэпыкъуам къыхэкIыу.

Уполномоченнэр цIыхухэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуащ гъащIэ щытыкIэ гугъухэм ехьэлIа Iуэхухэр зэфIагъэкIынымкIэ, мылъку, юстицэ, нэгъуэщI дэIэпыкъуныгъэхэр иратынымкIэ, апхуэдэу къызэпауда я хуитыныгъэхэр зэфIэгъэувэжынымкIэ. Москальковэ Т.Н. къызэрыхигъэщащи, «Уполномоченнэм и IэнатIэм и стратегие мурадыщIэ къэунэхуащ, къызэпауда хуитыныгъэхэр зэфIэгъэувэжыным и мызакъуэу, гъащIэм щытыкIэ гугъу щихуа цIыху щхьэхуэм дэIэпыкъуным ехьэлIауэ. Абы дэ дрехулIэ дэтхэнэ зыкъыхуэгъэзэныгъэми, Iэмал зэриIэкIэ, сакъыу, дегугъуу икIи псынщIэу дыбгъэдыхьэну». ЗэрыгурыIуэгъуэщи, дэ зэрызыкъытхуагъэза дэтхэнэ Iуэхухэри къызыбгъэдэкIар зэрыхуейм хуэдэу тхузэфIэхыркъым, ауэ дыхущIокъу зы Iуэхуи жэуапыншэу къызэрымынэн.

Дэ зэрызыкъытхуагъэзахэм я зэхуэдитIыр къызэрытщыгугъам хуэдэу зэфIэтхыфауэ икIи ар арэзы дыкъэзыщIу къэплъытэ хъунущ. Къэзгъэлъэгъуэнщи, Уполномоченнэр зэрылажьэрэ дэкIа илъэс 16-м щIигъум езыр е и IуэхущIапIэм и лэжьакIуэр гудзакъэншэу икIи зэхэщIыкIыншэу яхущыту ягъэкъуаншэу зэи зыри къэтхьэусыхакъым. Уполномоченнэм цIыхухэр сыт щыгъуи езым ирегъэблагъэ бэрэжьей къэс, абы и аппаратым и лэжьакIуэхэм зэрызыкъыхуагъазэхэм ятещIыхьауэ. ЩIыпIэхэм зэрыкIуэнур хэIущIыIу ящI печатымкIэ, радиомкIэ. Идогъэблагъэ зыкъытхуэзыгъазэ псори. Щедгъэблагъэкiэ щыIэщ хабзэхъумэ органхэм, щIыпIэ администрацэм я унафэщIхэр, абы къыхэкIыуи Iуэху куэдыр щыпIэм щызэфIокI. Дауи, щыIэщ тхьэусыхэу еса цIыхухэр, я щытыкIэмкIэ мыарэзыуэ къэгъуэгурыкIуэхэр, ауэ апхуэдэхэр нэхъ мащIэ мэхъу. Зыгуэрхэр щIэупщIэнкIэ мэхъу: нэхъапэм Уполномоченнэм илъэс къэс цIыху 900 - 1000 иригъэблагъэрт, иджы 650 - 700-м хуэкIуащ. Си гугъэщ абы къалэнхэр нэхъ мащIэ хъуауэ икIи цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ щытыкIэр мыткIиижу къимыкIыу. Мыбдеж ар зэлъытар ди цIыхухэм яхэлъ гудзакъэр арауэ къыщIэкIынущ. Дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI зэманым псэуныгъэ-унагъуэ IэнатIэм ехьэлIа къалэн мымащIэ екIуэтэкIащ икIи, куэдым къызэралъытэмкIэ, зауэ щекIуэкI, ди щIалэхэр щыхэкIуадэ зэманым унагъуэ зэхуэмыхуныгъэ гуэрхэм щхьэкIэ утхьэусыхэну къезэгъыркъым. Зыкъытхуэзыгъазэхэм я бжыгъэм зымащIэкIэ зэрыкIэрыхуам и гугъу пщIымэ, мыбдеж къыщытхь хъунущ Диксон Э. и псалъэхэр: «Зым нэхъ мыхъуми, и гум сэ сихьэфамэ, си гъащIэр купщIэншэу щытынутэкъым, зы гъащIэ нэхъ мыхъуми, нэхъ тыншу схуэщIамэ, узыр къэзыгъэтIэсхьамэ, е къихуа бзу шырыр абгъуэм изгъэтIысхьэжыфмэ, си гъащIэр апхуэдэу купщIэншэу щытынутэкъым». Аращи, гугъэр хэзыхыжа цIыхур гугъуехь щыхэтым деж абы дыдэIэпыкъумэ, зыщIэдгъакъуэмэ икIи и гуфIэгъуэ тлъагъумэ, абы папщIэ дыпсэу икIи дылажьэ хъунущ.

Уполномоченнэмрэ абы и аппаратымрэ 2024 гъэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм кърикIуахэм къагъэлъагъуэ цIыхухэм я зыкъыхуэгъэзэныгъэхэм хэплъэнымкIэ къулыкъущIапIэ пэшым уащыхуэзэнми хуэдэу щIыпIэхэм щекIуэкI зэхыхьэ зэмылIэужьыгъуэхэм е псэуныгъэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэм уащыIущIэнми мыхьэнэ ин зэраIэр.

ЕтIуанэ Iыхьэ
Дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ я хуитыныгъэхэр хъумэныр

Дзэ Iуэху хэхар зэрекIуэкIым Уполномоченнэм и лэжьыгъэм щхьэхуитыныгъэхэр хилъхьащ. Дэ псом япэ ит къалэну къэтлъытащ икIи къыдолъытэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я унагъуэхэр дэIыгъыныр.

Iуэху хэхам зэрыщIидзэрэ Уполномоченнэр екIуэкI псоми я курыкупсэм хэтщ. Дэ дахуозэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я унагъуэхэм щыщхэм. Властым и органхэм, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм, граждан жылагъуэм я лIыкIуэхэм драгъусэу дыхущIокъу абы хэтхэмрэ я унагъуэхэм щыщхэмрэ дэтIыгъыну, ялъысын хуей ахъшэр, я унагъуэхэм льготэхэр и чэзум икIи ирикъуу яIэрыхьэным.

ФщIэн папщIэ. 2025 гъэм щIышылэм и 17-м зэрыщытамкIэ, ираджахэм сом мин 25,0-рэ хъууэ мазэ къэс хуагъэувар 2025 гъэм и щIышылэм кърихубыдэу иратащ, псори зэхэту сом мелуан 787,76-рэ хъууэ.

Дзэм къулыкъу щащIэу хэкIуэда цIыху 436-м я унагъуэхэм зэ етыгъуэу зы сом мелуанкIэ зыщIагъэкъуащ псори зэхэту сом мелуан 436-рэ хъууэ, дзэм къулыкъу щащIэу уIэгъэ хъуа цIыху 1906-м псори зэхэту сом мелуан 382,7-кIэ ядэIэпыкъуащ.

КъБР-м и дзэ комиссариатымкIэ дзэ къулыкъу ирахьэкIыну зэгурыIуэныгъэ езыщIылIахэу дзэ къулыкъущIэ 2173-м зэ етыгъуэ ахъшэ яIэрыхьащ.

КъБР-м и Правительствэм и гъэтIылъыгъэ фондым щыщу сом мелуан 1665,41-рэ апхуэдэ мурадым трагъэкIуэдащ.

«Ветеранхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ закон №5-ФЗ-уэ 1995 гъэм щIышылэм и 12-м къыдэкIам и 21-нэ статьям ипкъ иткIэ, социальнэ къыщхьэщыжыныгъэмкIэ органхэм Донецк ЦIыхубэ Республикэм, Луганск ЦIыхубэ Республикэм, Украинэм я щIыналъэхэм дзэ Iуэху хэхам хэту щыхэкIуэда (лIа) дзэ къулыкъущIэхэм я унагъуэхэм ящыщхэм льготэмкIэ хуитыныгъэ зэраIэмкIэ тхылъу 108-рэ иратащ.

Зыщагъэпсэху, я узыншагъэхэр щрагъэфIэкIуэж IуэхущIапIэхэм зэрыкIуэну тхылъхэмкIэ къызэрагъэпэщащ сабий 315-рэ.

СВО-м хэтхэм я унагъуэ 4991-р къызэрапщытам икIи абыхэм социальнэ паспортхэр зэрыратам теухуа дэфтэрхэр зэхалъхьащ.

СВО-м хэтхэм я унагъуэхэм ящыщхэу 783-м псэуныгъэкIэ дэIэпыкъунымкIэ Iуэхутхьэбзэхэр хуащIащ нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм къабгъэдэкI дэIэпыкъуныгъэхэр ялъэIэсащ. Унагъуэхэм ящыщу зи ныбжь хэкIуэтауэ 6-м я унэхэм кIуэурэ Iуэхутхьэбзэхэр хуащIэну ягъэуващ, унагъуэхэм ящыщу 637-м хьэпшыпхэр иратащ, цIыху 2074-м ерыскъыкIэ зыщIагъэкъуащ, унагъуэхэм ящыщу 4572-м психологие, цIыху 3415-м юстицэ я лъэныкъуэкIэ дэIэпыкъуащ, цIыху 4389-м Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр гурагъэIуащ. 2023-2024 гъэхэм санаторэхэмрэ курортхэмрэ щеIэзащ цIыхуи 130-м.

2024 гъэм и щIышылэ-дыгъэгъазэм езыхэм къезэгъын лэжьапIэ къагъуэтынымкIэ къэрал Iуэхутхьэбзэхэр хуащIэну хуейуэ ЦIыхухэм лэжьыгъэ къахуэгъуэтынымкIэ центрым зыхуагъэзащ СВО-м хэта 23-м, абыхэм ящыщу 20-р IэнатIэншэу къалъытащ, лэжьапIэншагъэмкIэ ахъшэ къыIахыжыну хуитыныгъэ яIэу.

ЦIыхухэр IэщIагъэм хуэунэтIыным хуэгъэза къэрал Iуэхутхьэбзэ хуащIащ СВО-м хэта 19-м, психологие и лъэныкъуэкIэ зыщIагъэкъуащ СВО-м хэта лэжьапIэншэу 7-м. Мамыр псэукIэм хэгъэзэгъэжынымкIэ къэрал Iуэхутхьэбзэ хуащIащ а лIэужьыгъуэм хыхьэ цIыхуи 6-м, СВО-м хэтахэм ящыщу зым къэрал Iуэхутхьэбзэ хуащIащ хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэм щIидзэным хуэгъэхьэзырынымкIэ.

Апхуэдэу я гуащIэ дэхуэн лэжьыгъэ къахуэгъуэтынымкIэ икIи лэжьапIэншэхэр я социальнэ гъащIэм хэзэгъэжынымкIэ къэрал Iуэхутхьэбзэхэр хуащIащ СВО-м хэтхэм я унагъуэхэм ящыщу 16-м. IэщIагъэм хуэунэтIынымкIэ къэрал Iуэхутхьэбзэ хуащIащ а лIэужьыгъуэм хыхьэ цIыху 16-м, психологие дэIэпыкъуныгъэ иратащ цIыхуи 9-м, лэжьапIэхэр щагъэлъагъуэ щIыпIэм цIыхуи 9-м щыхуащIащ лэжьапIэншэхэр социальнэ псэукIэм хэзэгъэнымкIэ къэрал Iуэхутхьэбзэхэр, хьэрычэт лэжьыгъэм щIадзэным хуэгъэхьэзырынымкIэ къэрал Iуэхутхьэбзэ хуащIащ СВО-м хэтхэм я унагъуэхэм ящыщу 3-м, цIыхуи 3 лэжьапIэ ягъэуващ.

2024 гъэм мэкъуауэгъуэм и 26-м Уполномоченнэм и деж щыIэ Эксперт советым иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтахэр а Iуэхум тепсэлъыхьащ. ЗэIущIэм доклад щищIащ Дадэ М. А. - «Хэкум и хъумакIуэхэр» СВО-м хэтхэр дэIыгъынымкIэ къэрал фондым КъБР-м щиIэ къудамэм и унафэщIым.

ЗэIущIэм хэтахэм къыхагъэщхьэхукIащ абы и лъэныкъуэкIэ екIуэкI лэжьыгъэм фIы куэдым зыщрагъэсами, уполномоченнэхэри зыхэтын хуей Iуэхухэри къызэрыкъуэкIыр.

2024 гъэм дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ, апхуэдэу IэмалыншагъэкIэ къэIэпхъуахэм къабгъэдэкIыу Уполномоченнэм зыкъыхуагъэзащ цIыху 99-м.

Тхыгъэхэм итщ хъыбарыншэу кIуэдахэр къэлъыхъуэным щIэгъэкъуэн хуэхъуным теухуа лъэIухэр (35-рэ), гъэрыпIэм къишыжынымкIэ щIэгъэкъуэн хуэхъуну зэрызыкъыхуагъэзахэр (30), абыхэм пIалъэкIэ къулыкъу зыщIэ зауэлIхэм я адэ-анэхэм къабгъэдэкIхэри (18) яхэту, СВО-м хэтхэр зэрыхэкIуэдам е уIэгъэ зэрыхъуам къыхэкIыу ахъшэхэр иратыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ (11), медицинэ дэIэпыкъуныгъэ иратынымкIэ (2), уголовнэ IуэхукIэ зэхэзехуэн ящыIыр ягъэувыIэнымкIэ (2), я унагъуэ, нэгъуэщI Iуэхухэр зэфIагъэкIынымкIэ (11), зы дзэ частым ирагъэкIыу нэгъуэщIым ягъэкIуэнымкIэ (1), СВО-м хыхьэну зэгурыIуэныгъэ иращIылIэнымкIэ щIэгъэкъуэн хуэхъуну суд зытращIыхьахэм я лъэIухэр (2), зэрыдэIэпыкъуам папщIэ фIыщIэ ящIу зыкъыхуэзыгъэзахэр (5).

2024 гъэм ехъулIэныгъэ хэлъу къагъэсэбэпащ дзэ Iуэху хэхар зэрырагъэкIуэкIым ехьэлIауэ цIыхухэм зэрызыкъыхуагъазэхэм къэрал органхэм, граждан жылагъуэм и IэнатIэхэм я гъусэу хэплъэным и Iэмалыр.

Сэбэп зэрыхъур къигъэлъэгъуащ Уполномоченнэмрэ СВО-м хэтхэр дэIыгъынымкIэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ къудамэм и унафэщI Дадэ М. А.-рэ Iэ зытрадза зэгурыIуэныгъэм, зэпыщIэныгъэфIхэр хуаIэщ «Афганистаным, зауэ щхьэхуэхэм, дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм я ветеранхэм я зэгухьэныгъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Тхьэгъэлэдж Т. Л., КъБР-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министрым, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым, КъБР-м и дзэ комиссарым, хэкIуэда зауэлIхэм я унагъуэхэм защIэгъэкъуэным, уIэгъэ хъуа зауэлIхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ граждан жылагъуэм хэзэгъэжын мурадкIэ къыдэлэжьэну хуей нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм.

НаIуэщ ВСУ-р Курск областым зэрытеуам икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ зауэлIхэри яхэту урысеидзэм къулыкъу щызыщIэхэр зэраубыдам къыхэкIыу гъэр хъуа зауэлIхэр къэлъыхъуэным, абыхэм я цIэ-унэцIэхэр зэгъэщIэным икIи езыхэр я Хэкум къэшэжыным егъэщIылIа Iуэхухэр ткIий зэрыхъуар.

КъБР-м и дзэ комиссариатымрэ КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советымрэ я гъусэу дэ 2024 гъэм щIэгъэкъуэн дыхуэхъуащ ди лъахэгъухэр гъэрыпIэм къишыжынымкIэ анэхэм я комитетым, ар дэтIыгъащ. Апхуэдэ мурадкIэ дэ жыджэру Iуэхум къыхэтшащ дзэ частхэмрэ подразделенэхэмрэ я унафэщIхэр, Дунейпсо Жор Плъыжьыр, Урысейм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и дзэ полицэр, ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыIэ Москальковэ Т. Н. Абы хуедгъэхьащ гъэр хъуахэм я спискэр, зэпымыуи дыпыщIащ. ИкIи жыIэн хуейщ Москальковэ Т. Н.-рэ абы и IуэхущIапIэмрэ а Iуэхур зэфIахын папщIэ къыпхуэмылъытэн хуэдизу куэд зэрызэфIагъэкIар.

Дэ зэпымыуэ дапыщIауэ щытащ дзэ къулыкъущIэхэм я адэ-анэхэм, анэхэм дащыIущIащ дзэ комиссариатым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унэм, Анэхэм я комитетым хэтхэм яIущIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ К. В.

Уполномоченнэр щытыкIэм кIэлъыплъащ жэщи махуи, ди лъахэгъухэм я Iуэху зыIутым теухуа хъыбархэу федеральнэ органхэмрэ къэрал зэхуаку гуманитар зэгухьэныгъэхэмрэ къыбгъэдэкIахэм. Анэхэм я комитетым хэтхэм ялъигъэIэсыжащ, сыт и лъэныкъуэкIи защIигъэкъуащ, психологие дэIэпыкъуныгъэ яритащ.

Iуэхум къегъэщIылIа зэгухьэныгъэ, IуэхущIапIэ псори гъэхуауэ зэрылэжьам и фIыгъэкIэ ди лъахэгъу зауэлI 14 гъэрыпIэм кърашыжащ икIи а лэжьыгъэм пащэ.

А лэжьыгъэм зэрыхэтам папщIэ Уполномоченнэм и цIэкIэ фIыщIэ тхыгъэищ къэкIуащ дзэ Iуэху хэхам хэтахэу гъэрыпIэм кърашыжахэм я анэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ къабгъэдэкIыу.

Зи чэзуу къыдолъытэ Урысейм и Пенсэ икIи социальнэ фондым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ къудамэм дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэу къагъэкIуэжахэм санаторэ-курорт, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр Соцфондым и центрым щыхуащIэным теухуауэ къащта унафэр. Дзэ Iуэху хэхар иухыху дэ дяпэкIи, Урысейм и Юристхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм щыщхэм драгъусэу, пщIэншэу юридическэ дэIэпыкъуныгъэ еттынущ СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм хыхьэхэмрэ. Абы папщIэ мазищ къэс дащыIущIэнущ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и къудамэм.

Уполномоченнэр дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ я Iуэхухэм зэрыхыхьэм и щапхъэхэу увыфынут 2024 гъэм зэфIигъэкIа зыбжанэ.

Къапщтэмэ, 2024 гъэм и щIышылэм цIыхухэр щригъэблагъэм Уполномоченнэм зыкъыхуигъэзащ Бахъсэн районым щыщ цIыхубзым. Ар лъаIуэрт и щхьэгъусэр дзэ Iуэху хэхам зэрыхэтым къыхэкIыу КъБР-м и Правительствэм къыбгъэдэкI ахъшэр къарату щIадзэжынымкIэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъуну. Ахъшэр кърагынымкIэ ягъэувыIат, абы дзэ частыр щхьэзыфIэфIу къигъэна хуэдэу ягъэIури.

Уполномоченнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм зыхуигъэзащ икIи псори къапщыта иужь, 2024 гъэм мазаем и 1-м ахъшэ кърагыным щIадзэжащ.

Дзэ къулыкъущIэм и адэр лъэIуащ и къуэр зи унафэщIхэр къыщыIея частым къыхагъэкIыу «Ахъмэт» спецназым ягъэкIуэну.

Уполномоченнэм къыдэIэпыкъуну елъэIуу зыхуигъэзащ езым и лэжьэгъум - ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Шэшэн Республикэм щыIэм. Iуэхур пIалъэ кIэщIым зэфIэкIащ.

ЗэрыдэIэпыкъуам папщIэ фIыщIэ къызэрыхуищIыр зэрыт тхыгъэкIэ Уполномоченнэм зыкъыхуигъэзащ Прохладнэ къалэм щыпсэу цIыхубзым. Ар лъэIуат уIэгъэ хъуа и къуэм щхьэкIэ медицинэ тхылъ кърататынымкIэ дэIэпыкъуну.

Уполномоченнэм Севастополь къалэм дэт дзэ-тенджыз уIэгъэщым и унафэщIхэм занщIэу зэрызахуигъэзам Iэмал къитащ мы Iуэхур псынщIэу зэфIахыну.

Нарткъалэ щыпсэу К. цIыхубзым Уполномоченнэм фIыщIэ къыхуищIащ и щхьэгъусэ Т. гъэру зэрыщытам икIи еIэзэн зэрыхуейм теухуа тхылъхэр къыIэрыхьэн папщIэ зэрадэIэпыкъуам къыхэкIыу.

Дзэ Iуэху хэхар щекIуэкIым хъыбарыншэу кIуэдам и анэ К. Уполномоченнэм фIыщIэ къыхуищIащ ахъшэ кърататынухэмрэ пособиехэмрэ хуагъэувын папщIэ Налшык къалэм и ЗАГС-м тхылъхэр къыIихынымкIэ зэрыдэIэпыкъуам папщIэ.

Прохладнэ районым щыпсэу У. цIыхубзым и къуэр гъэрыпIэм кърашыжа иужь, къитха фIыщIэм къыщигъэлъэгъуащ Дунейпсо Жор Плъыжьым Москва щиIэ къудамэм и лэжьакIуэр и гъусэу Уполномоченнэр хэмылIыхьыфамэ, абы и къуэр къагъэутыжыну икIи и Хэкум къэкIуэжыну зэрыщымытар.

Дзэлыкъуэ районым кIуауэ цIыхухэр щригъэблагъэм щIыпIэм щыпсэу Д. Уполномоченнэм фIыщIэ къыхуищIу зыкъыхуигъэзащ зэригъэгушхуам папщIэ икIи жиIащ ар жыджэру зэрыдэIэпыкъуам и фIыгъэкIэ дзэм пIалъэкIэ къулыкъу щызыщIэ и къуэр украин гъэрыпIэм къызэрикIар.

Дзэ Iуэху хэхар щекIуэкIым хэкIуэда ди лъахэгъухэм я фэеплъ ягъэувыну Уполномоченнэм зэрызахуигъэзар унафэщIхэм даIыгъащ, унафэ къащтащ ар ТекIуэныгъэм и паркыу Налшык щыIэм щагъэувыну. Дэ жыджэру дыдоIыгъ муниципальнэ органхэм, районхэмрэ къалэхэмрэ, жылагъуэм лIыхъужьхэр щеджа школхэм мемориал пхъэбгъуэхэр къыщызэIуахыным, Хэкум и хъумакIуэхэм я цIэхэр классхэм яфIэщыным теухуауэ къащтэ унафэхэр, фэеплъ Iуэхухэм дыхэтщ. Уполномоченнэм Эксперт советым и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ икIи республикэ, федеральнэ органхэм захуигъэзащ СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ я хуитыныгъэхэр, социальнэ шэсыпIэхэр къызэрагъэпэщын мурадкIэ зэфIагъэкIхэр зэрагъэзэуIуэну къыхилъхьэу. Зауэ Iуэхухэр щекIуэкI зэманым IуэхущIапIэ псоми я лэжьыгъэм къегъэув хъыбархэмкIэ зэхъуэжэныр, къулыкъукIэ я пщэ къыдэхуэ къалэнхэр щагъэзащIэкIэ зэгъусэу зэфIагъэкIхэр зэрагъэкIуэну.

2024 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м Уполномоченнэм Эксперт советым и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм щыIэ уполномоченнэхэм я ЗэзыгъэуIу советым къищта унафэр и тегъэщIапIэу, абы къэрал, муниципальнэ властым мыпхуэдэ чэнджэщхэр иритащ:

1. Дзэ Iуэху хэхам хэтахэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ яхуэгъэза профилактикэ, диагностикэ Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыным, еIэзэным, медико-социальнэ реабилитацэм хуэунэтIауэ лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр зэфIэгъэкIын хуейщ. Ахэр медицинэ IуэхущIапIэхэм кIуэмэ, чэзум щIыхэтын, унейкоммерцэ IуэхущIапIэхэм къыщыхуащIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм щIатын, операцэ гугъухэр зэрырагъэщIыну ахъшэхэр къалъыхъуэн хуейкъым.

2. Дзэ Iуэху хэхам хэтахэм, зауэ Iуэхухэм я ветеранхэм щеIэзэну реабилитацэ центр Налшык курортым щаухуэну къыхалъхьам хэплъэн. Абы щеIэзэфынущ, гъащIэм щыхагъэзэгъэжыфынущ зауэ Iуэхухэм я ветеранхэу Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэм щыщхэми.

3. Езыхэм яфIэфIу гуп зэрыгъэхъуахэм яхэту дзэм къулыкъу щызыщIахэм ехьэлIауэ «зауэм къыхиха фэбжь» псэлъафэм и мыхьэнэр къызэрыдгурыIуэм тету ныкъуэдыкъуагъэр къызыхэкIа щхьэусыгъуэхэр гъэувыным теухуа Iуэхум хэплъэну.

ЩыIэ правовой пщалъэхэм япкъ иткIэ, «зауэм къыхиха фэбжь» псэлъафэм тету ныкъуэдыкъуагъэр къызыхэкIа щхьэусыгъуэхэр е езыхэм яфIэфIу зэхыхьа гупхэм хыхьэным теухуауэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэмкIэ и къалэнхэр зэригъэзащIэм къыхэкIыу игъуэта бэуытIэIум, уIэгъэм, фэбжьым, контузиехэм) я Iэужь ныкъуэдыкъуагъыр дзэ къулыкъущIэхэмрэ езыхэм яфIэфIу зэхыхьа гупым хэтхэмрэ хуагъэув, Урысей Федерацэм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм, и «Дзэ-дохутыр экспертизэмкIэ и центр нэхъыщхьэ» федеральнэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, абы и къудамэхэм щыщхэм, я дзэ-дохутыр комиссэхэм (ВВК) я заключенэхэр яIэмэ. Унейдзэ компаниехэм (ЧВК), абыхэм «Вагнер» ЧВК-ри яхэту, я лэжьакIуэхэм ВВК-м и заключенэхэр яхуэгъэувыныр а зи гугъу тщIа Iуэхухэм къыщыгъэлъэгъуакъым.

4. Дзэм къулыкъу щызыщIэхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ планым тету етыным ехьэлIа Iуэхухэмкiэ куэдрэ зэрызыкъытхуагъазэм къыхэкIыу хэплъэн хуейщ СВО-м хэтхэу дзэ къулыкъум хамыгъэкIахэм, ауэ сымаджагъэкIэ зыгъэпсэхуакIуэ щыIэхэм е и дзэ къалэнхэр пIалъэкIэ имыгъэзэщIэфыну къалъытахэм узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щратынымкIэ щыIэ Iэмалхэм.

Урысейм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и унафэм щIэт медицинэ IуэхущIапIэхэр зэрызэпэубыдам къыхэкIыу, абыхэм я лэжьыгъэр ящыгъэпсынщIэн мурадкIэ къыхыдолъхьэ Фондым и къудамэхэмкIэ апхуэдэ цIыхухэр, къеузым тещIыхьауэ, медицинэ IуэхущIапIэхэм ягъэкIуэну.

5. ЩыIэ законодательствэм пщIэншэу къыщеIэзэн папщIэ санаторэхэмрэ курортхэмрэ гъэкIуэным хыхьэ социальнэ Iуэхутхьэбзэ псори къыхуагъанэкIэрэ зауэ Iуэхухэм я ветеранхэмрэ хэкIуэдахэм я унагъуэхэм ящыщхэмрэ псом япэу санаторэхэмрэ курортхэмрэ къыщегъэIэзэным теухуа зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэн, абы къыдэкIуэуи санаторэхэмрэ курортхэмрэ къыщеIэзэну зауэ Iуэхухэм я ветеранхэр щагъакIуэкIэ я унагъуэхэм ящыщхэми къыщеIэзэнымкIэ хуитыныгъэр (зэгъусэу щыIэныр) къыщыгъэлъэгъуэн хуейщ.

6. Я зауэлI къалэнхэр зэрагъэзащIэм къыхэкIыу СВО-м хэтхэу зи дзэхэр Iухуахэм е зи дзэхэм ящыщ Iухуахэм пщIэншэу протез хуIуалъхьэным теухуа Iуэхум хэплъэн хуейщ.

7. ЩыIэ законодательствэм егъэджэныгъэмкIэ и Iыхьэм зэхъуэкIыныгъэ халъхьэн хуейщ СВО-м хэтхэм, зауэ Iуэхухэм я ветеранхэм, СВО-м хэту хэкIуэдахэм я бынхэр зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щаIыгъ, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм чэзум хэмыту щагъэтIысхьэнымкIэ хуитыныгъэ зиIэхэм хагъэхьэныр.

Ещанэ Iыхьэ
ЦIыхухэм я хэхыныгъэ хуитыныгъэхэм къащхьэщыжыныр, властым и хабзэгъэув, цIыхубэ органхэм хэхыным зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымрэ

Урысей Федерацэм и Конституцэм и 32-нэ статьямрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 36-нэ статьямрэ ягъэув къэрал властым и органхэмрэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэмрэ хахынымкIэ икIи зыхрагъэхынымкIэ, апхуэдэу референдумым хэтынымкIэ Урысей Федерацэм и цIыхухэм яIэ хуитыныгъэр.

А конституцэ хабзэр пхигъэкIын папщIэ Уполномоченнэр купщIафIэу долажьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм. АбыкIэ щIэгъэкъуэн хъунущ дэ Iэ зытеддза ЗэгурыIуэныгъэр зэрагъэзащIэр, Уполномоченнэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI Джэш В. М.-рэ зи кIэлъыплъыныгъэм щIэтыр.

Уполномоченнэр и Iэтащхьэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и деж щыIэ жылагъуэ-чэнджэщэгъу советым икIи щIэгъэкъуэн хуохъу хэхыныгъэ законодательствэр пропагандэ щIыным, зи чэзу хэхыныгъэхэм зыхуагъэхьэзырыным теухуауэ щIыналъэ комиссэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр ирагъэфIэкIуэным, цIыхухэм я хуитыныгъэхэр пхагъэкIыным. Хуитыныгъэхэм къащхьэщыжхэр кандидатхэр, кандидатхэм я спискэхэр щагъэлъагъуэ зэIущIэхэм, хэхыныгъэхэм я пэ къихуэ агитацэм, хэхыныгъэхэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъыным, IэIэтым кърикIуахэр зэхэлъхьэжынри, хэхыныгъэ зэриухари, нэгъуэщI хэхыныгъэ Iуэхухэри яхэту хэхакIуэ комиссэхэм я лэжьыгъэм хэтщ.

2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щекIуэкIащ хэхыныгъэ IуэхуитI - Урысей Федерацэм и Президентыр хэхынымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еблэнэ зэхуэсыгъуэр хэхынымрэ.

А хэхыныгъэхэр ягъэхьэзыращ икIи ирагъэкIуэкIащ КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм, щIыналъэ комиссэу 13-м, участкэ хэхакIуэ комиссэу 355-м. А лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным псори зэхэту хэхакIуэ комиссэхэм щыщу, абыхэм я лэжьакIуэу минищым нэблагъэ пэрытащ.

Хэхыныгъэхэм зыщыхуагъэхьэзырым икIи щрагъэкIуэкIым жыджэру зэфIагъэкIащ хъыбарегъащIэ-гурызыгъаIуэ лэжьыгъэр. Абы Iуэху зэпыщIа зыкъом къызэщIиубыдэрт, уэрамхэм къыщыфIадзэ щагъэув хъыбарегъащIэхэри, телерадионэтынхэр гъэхьэзырынри, тхыгъэхэр къыдэкIынри, интернет Iэмалхэри хыхьэу.

Къэгъэлъэгъуэн хуейщ хэхыныгъэ Iуэхухэр къанэ щымыIэу зэрекIуэкIыр КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и официальнэ сайтым къибгъуатэу зэрыщытари.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ хэхыныгъэхэр къызэзыгъэпэщахэмрэ хэхыныгъэ Iуэхухэм хэт нэгъуэщIхэмрэ ирагъэджэным: хъыбарегъащIэ-методикэ тхыгъэхэр зэбгрырагъэхащ, гурызыгъаIуэ лэжьыгъэм егъэщIылIа щрагъаджэ семинархэр, зэхуэсхэр, зэIущIэхэр ирагъэкIуэкIащ.

Къапщтэмэ, 2024 гъэм екIуэкIыну хэхыныгъэхэм хуитыныгъэхэр щыпхыгъэкIыным икIи абыхэм къащхьэщыжыным теухуа Iуэхухэм жылагъуэр зэреплъыр зригъэщIэн икIи зэпкърихын мурадкIэ Уполномоченнэм и унафэм щIэту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и деж щыIэ Жылагъуэ-чэнджэщэгъу советым и зэIущIитI екIуэкIащ. Абыхэм щытепсэлъыхьащ сэбэп зыпылъ хъыбархэмкIэ хэхыныгъэхэр къызэгъэпэщыным, цIыхухэм, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэри яхэту, я хэхыныгъэ хуитыныгъэхэм я шэсыпIэ нэхъыщхьэхэр пхыгъэкIыным теухуа Iуэхухэм, нэгъуэщIхэми. ЗэIущIэхэм кърикIуахэм япкъ иткIэ зэхалъхьащ икIи къыхалъхьащ хэхыныгъэ IэнатIэр егъэфIэкIуэным, хэхыныгъэхэм зыщыхуагъэхьэзыркIэ нахуагъэр, зэгъэхауэ щытыныр къызэгъэпэщыным хуэунэтIа Iуэхухэмрэ чэнджэщхэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм къаруушхуэ ирихьэлIащ хэхакIуэ нэхъыбэ хэхыныгъэхэм хишэным. Урысей Федерацэм и Президентыр хэхыным зыщыхуагъэхьэзырым хъыбарегъащIэ-гурызыгъаIуэ лэжьыгъэм къыдэкIуэу цIыхубэ информацэм и IэнатIэхэмкIэ теплъэ зиIэ хъыбарегъащIэ Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ хэхыныгъэхэм теухуа хъыбархэр нагъэсын мурадкIэ псэупIэ унэхэр къызэхэкIухьурэ, республикэм щагъэзэщIащ «Информ УИК» къэрал проектыр. А къэрал проектыр щагъэзащIэм къызэхакIухьащ псори зэхэту унэ мин 280-м щIигъу е процент 99,9-р, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэри къалъытащ хэхакIуэхэм я деж кIуэурэ хъыбар щезыгъащIэ щIыналъэ нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ.

Иджы япэу къэралым и Iэтащхьэм папщIэ хэхыныгъэхэр махуищкIэ - 2024 гъэм гъатхэпэм и 15-м къыщыщIэдзауэ 17-ри хиубыдэу екIуэкIащ. Абыхэм хэтащ хэхакIуэ 518002-рэ. ПроценткIэ къапщтэмэ, IэIэтым екIуэлIащ ятха хэхакIуэхэм я процент 95,8-р, Iэ щаIэт махуэм хэхыпIэ участкхэм, щIыналъэ комиссэхэм щыIащ кIэлъыплъакIуэхэу 1100-рэ (1129).

Урысей Федерацэм и Президентыр хэхыным теухуауэ Iэ зэраIэтам ипкъ иткIэ Путин В.В. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Iэ щыхуаIэтащ хэхакIуэхэм я процент 94,21-м (488023-м).

Зэрыщыту къапщтэмэ, Урысей Федерацэм и Президентыр хэхыным зыхуэгъэхьэзырыным икIи егъэкIуэкIыным теухуа лэжьыгъэр хуабжьу зэщIэгъэуIуауэ икIи Урысейм и ЦИК-м зэфIагъэкIынухэм я планым сыт и лъэныкъуэкIи техуэу ягъэзэщIащ.

2024 гъэм фокIадэм и 8-м - зэуэ Iэ щаIэта махуэу ягъэувам - Iэ яIэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еблэнэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэм папщIэ. Депутат 70 щыхахырт зыуэ щыт республикэ хэхыпIэ округым.

IэIэтым хэтащ хэхакIуэ зэгухьэныгъэу хым я кандидату 350-рэ.

ХэхакIуэхэм зыкъагъэлъэгъуащ жыджэрагъ яхэлъу. IэIэтым хэтащ хэхакIуэ 400961-рэ, хэхыпIэхэм екIуэлIащ процент 73,73-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еблэнэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хэхыным теухуауэ Iэ зэраIэтам ипкъ иткIэ хэхакIуэ зэгухьэныгъэу 5-р зыхуеину проценти 5 мардэм щхьэдэхыфащ. Арати, депутат мандатхэр зэхуэгуэша хъуащ мыпхуэдэу: республикэм и хабзэубзыху органым тIысыпIэ 50 къащылъысащ «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и лIыкIуэхэм, мандати 9 яIэрыхьащ «КПРФ»-м и республикэ къудамэм, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей-Хэкупсэхэр-Пэжым и телъхьэхэр» парту КъБР-м щыIэм, мандат тIурытI яIыгъщ «ЛДПР» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэмрэ «Удзыфэхэр» экологие партым и къудамэу КъБР-м щыIэмрэ.

Хэхыныгъэхэм егъэщIылIа Iуэхухэр щекIуэкIа лъэхъэнэ псом хэхакIуэхэм чэнджэщэгъу-правовой дэIэпыкъуныгъэ иратын икIи абыхэм япыщIауэ щытын папщIэ КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм «линие пщтырыр» щылэжьащ.

2024 гъэм республикэм щекIуэкIа хэхыныгъэ Iуэхухэм кърикIуахэм къагъэлъэгъуащ я хэхыныгъэ хуитыныгъэхэр къызэрызэпаудамкIэ тхьэусыхэу зы хэхакIуэми Уполномоченнэм зэрызыкъыхуимыгъэзар икIи зэрыхуэмытхьэусыхар.

Къэрал властым и органхэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я гъусэу КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм зыхуеину псори зэфIигъэкIащ хэхыпIэ участкэхэр шынагъуэншэу щытын икIи хэхакIуэхэм зыхуеину Iэмал псори къыхуэзэрагъэпэщым папщIэ.

ЕплIанэ Iыхьэ
ЦIыхум псэуныгъэ-экономикэ IэнатIэм щиIэ хуитыныгъэхэр

ЦIыхум лэжьэнымкIэ, зигъэпсэхунымкIэ, и IэнатIэм ехьэлIауэ иIэ хуитыныгъэхэмрэ хабзэкIэ и сэбэп зыхэлъхэмрэ къащхьэщыжыныр, абыхэм лэжьапIэншагъэм щыхъумэнри яхэту, къонэж Уполномоченнэм и лэжьыгъэм щыщу цIыхухэр нэхъ зыхуэныкъуэ икIи нэхъ мыхьэнэшхуэ щызиIэ унэтIыныгъэу.

2024 гъэм Уполномоченнэм тхьэусыхафэу, нэгъуэщI зыкъыхуэгъэзэныгъэу 121-рэ (91) къыIэрыхьащ республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, коммунальнэ IуэхущIапIэхэм ялэжьхэм (ямылэжьхэм) ятеухуауэ. Зэрызыкъыхуагъэзахэм я бжыгъэм хэхъуэныр къэзышар социальнэ къызэгъэпэщыныгъэм ехьэлIа Iуэхухэмрэ - 51-рэ (33), лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэмкIэ - 12 (9), щIы IуэхухэмкIэ - 14 (11), коммунальнэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэм и фIагъымкIэ - 19 (15) къэтхьэусыхэхэр нэхъыбэ зэрыхъуарщ.

2024 гъэм Уполномоченнэм зэрызыкъыхуагъазэу 15 къыIэрыхьащ лэжьапIэ ягъэувыжыну, IэнатIэ къыхуагъуэтыну, пенсионерхэм я лэжьыгъэм хэлъ щхьэхуагъэхэр, лэжьапIэ къезытымрэ езыхэмрэ я улахуэр зыхуэдизынум теухуауэ яку къыдэхъуэ зэдауэр зэрызэфIахыну щIыкIэр гурагъэIуэным теухуа лъэIухэр иту. Зыкъомхэр зэфIагъэкIми, IуэхущIапIэхэм улахуэхэр зэрыщагъэгувэм пыщIа мыхъумыщIагъэр иджыри щыIэщ.

Абы щыхьэт тохъуэ Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ управленэм 2024 гъэм апхуэдэ дэфтэру 134-рэ къызэрыIэрыхьам икIи 111-м япкъ иткIэ лэжьапщIэхэмкIэ къатехуа щIыхуэу псори зэхэту сом мелуан 21-рэ мини 154-рэ хъууэ къеIыхыжыным теухуа унафэ къызэращтам ехьэлIауэ къитахэр. «Къэббалъкъэнерго» муниципальнэ унитар IуэхущIапIэм егъэщIылIауэ сом мин 410-рэ хъууэ иджыри и кIэм намыгъэса апхуэдэ IуэхуитI къэнащ.

Урысейм ФССП-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм къыбгъэдэкIа хъыбарыр зэрыпэжым щыхьэт тохъуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм къитахэри. Абыхэм япкъ иткIэ, 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлIэу зэрыщытамкIэ, экономикэ лэжьыгъэм и лIэужьыгъуэ зыкIэлъыплъхэм я IуэхущIапIэхэм ягъэгува лэжьапщIэр сом мини 106-рэ щыхъуащ («Экотехпром»).

Лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэм я IэнатIэм щыIэ къалэнхэм я купщIэр къыдгурыIуэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэм-кIэ и къэрал инспекцэм къитахэр къэтхьын хуейщ.

Къапщтэмэ, 2024 гъэм абыхэм цIыхухэм зэрызыкъыхуагъэзахэу 356-рэ зэфIахащ илъэс ипэкIэ зэрыщыта 283-м и пIэкIэ. Абыхэм ящыщу 112-р (103) лэжьапщIэ тыным ехьэлIа IуэхухэмкIэ, 65-р (80) лэжьыгъэ зэгурыIуэныгъэхэр зэщIылIэнымрэ кърутэжынымрэ хуэгъэзауэ, 8-р (12) - лэжьэгъуэ зэманымрэ зыгъэпсэхугъуэ зэманымрэ, 16-р лэжьыгъэ дисциплинэмрэ зэрылажьэ щIыкIэмрэ, 7-р (6) - лэжьыгъэр хъумэным, 148-р (69) - нэгъуэщI Iуэхухэм яхуэгъэзауэ.

Инспекцэм 2024 гъэм планым хэмыхьэу къэпщытэныгъэ 59-рэ (43-рэ) иригъэкIуэкIащ. Абыхэм ящыщу 22-р (9-р) лэжьапщIэкIэ законодательствэм зэрытетым ехьэлIа IуэхухэмкIэ. Къэпщытэныгъэхэм сэтей къащIащ къызэпыудыныгъэу 375-рэ (514), а бжыгъэм щыщу 151-р (283) лэжьапщIэ тыным пыщIа Iуэхухэм ехьэлIащ. Инспекцэм ирагъэкIуэкIа кIэлъыплъыныгъэ, профилактикэ Iуэхухэм кърикIуахэм япкъ иткIэ, 2024 гъэм IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэу 5550-м (3600) ягъэгува лэжьапщIэхэр иратыжащ псори зэхэту сом мелуани 146-рэ (72) хъууэ. ЛэжьапщIэр ямыту зэрызэблагъэуам къыхэкIыу къуэдыхэр ирашэлIэным хуэгъэзауэ я хъуэжыпIэм ирашэлIащ къуэншахэу 23-рэ (54-рэ) абыхэм ящыщу къулыкъущIэ 12-р (49) жэуапым щIрашэлIар и чэзум лэжьапщIэхэр зэрамытым и закъуэщ. ЛэжьапщIэхэр тынымкIэ законодательствэр къызэрызэпаудам теухуа къэпщытэныгъи 6-м (4) ехьэлIа дэфтэрхэр Урысейм и СК-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ и къудамэм хуагъэхьащ къуэншахэр УФ-м и УК-м и 145.1-нэ статьямкIэ жэуапым ирашэлIэным унафэ трищIыхьын папщIэ.

Хуатха, ауэ ирамыта лэжьапщIэхэр хагъэзыхьу къыIахыжыным теухуа унафэу 58-рэ (26) къащтащ икIи Суд приставхэм я IэнатIэм хуагъэхьащ, лэжьыгъэ хуитыныгъэхэм я пщалъэхэр къызэрызэпаудам къыхэкIыу административнэ жэуапым ирашэлIащ къуэншахэу 5309-рэ (5749).

Урысейм и СК-м КъБР-м щыIэ и СУ-м къыбгъэдэкIа хъыбарым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, цIыхухэм я лэжьыгъэ хуитыныгъэхэр къызэрызэпаудам къыхэкIыу, абыхэм лэжьапщIэ тынымкIэ законыр къызэрызэпаудар, хабзэншагъэкIэ лэжьапIэ зэраIуагъэкIар, лэжьапIэ ягъэувын зэрамыдар, лэжьыгъэр шынагъуэншэу къызэгъэпэщынымкIэ хабзэхэр зэрамыгъэзащIэр яхэту, 2024 гъэм щIэпхъаджагъэхэу 56-рэ (54-рэ) ятхащ.

ЩIэпхъаджагъэхэм ятеухуауэ къатахэм зэрыхэплъам ипкъ иткIэ, уголовнэ Iуэхуи 8 (11) къаIэтащ, къатахэм ящыщу 37-мкIэ (35) уголовнэ Iуэху къаIэтыну ядакъым, Iуэхуи 6 (4) зэхагъэкIыну хуагъэхьащ, илъэсыр щиухым къэнар Iуэхуи 5-щ (4).

Уголовнэ Iуэху 13-м (11) елэжьащ. ЗэрызэхагъэкIам кърикIуэхэм япкъ иткIэ уголовнэ Iуэхуи 6 (2) ягъэувыIащ (УФ-м и УК-м и 145.1-нэ статьямкIэ - 6), зэхагъэкIри судым хуагъэхьащ - 6 (4), къэнар - 1-щ (5).

ЦIыхухэм зэрызыкъыхуагъазэм Уполномоченнэр хэплъащ гъэзэщIакIуэ властым и республикэ органхэмрэ властым и федеральнэ органхэмрэ я гъусэу. Iуэху куэдым щыхэплъащ щIыпIэхэм кIуэурэ, апхуэдэу тхьэусыхафэхэм къыщагъэлъэгъуахэр, абы теухуауэ зыщыгъуазэ хъуахэр зэхигъэкIыурэ.

Къапщтэмэ, щIыпIэм кIуэри, Прохладнэ къалэм и прокуратурэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэмрэ я гъусэу хэплъащ «Магнит» тыкуэныр зейм Прохладнэ къалэм Головко и цIэр зезыхьэ уэрамым фэтэр куэду зэхэту тет унэм щыпсэухэм я зэхуэдэ мылъкуу къыщIэкIынкIэ хъуну щIы Iыхьэм хабзэншагъэкIэ къращIэкIа бжыхьыр Iухыжын зэрыхуейм, цIыхухэм я хуитыныгъэхэр нэгъуэщIхэмкIэ къызэрызэпаудам хуэгъэзауэ С. къигъэхьа тхьэусыхафэм.

Къэтхьэусыха цIыхубзым къитха псори къапщытэжа иужь Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм властым и щIыпIэ органхэм захуигъэзащ къэхъуахэр яригъэлъагъужу, Прохладнэ къалэм и прокурорым быдэу жраIащ езым и унафэм щIэтхэм я лэжьыгъэм ткIийуэ кIэлъыплъын зэрыхуейр.

Краснодар крайм щыпсэу Ч. цIыхубзым Уполномоченнэм зыкъыхуигъэзащ Налшык къалэм щыщу цIыхухэр къезышэкIым фIагъ зыхэмылъ транспорт Iуэхутхьэбзэ къыхуэзыщIам теухуа зэдауэр зэфIэхынымкIэ къыдэIэпыкъуну къелъэIуу. Абыи хэплъащ Налшык къалэм и прокуратурэр и гъусэу. Зэдауэр зэфIаха иужь цIыхубзым тхыгъэ къигъэхьащ зэрыдэIэпыкъуам папщIэ фIыщIэ къыхуищIу.

ЦIыхухъу Я. цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ Уполномоченнэу Алтай крайм щыIэм и сайтым кърилъхьа тхыгъэмкIэ ар Уполномоченнэм къелъэIуурт Бахъсэн районым щыщ Кременчуг-Констатиновскэ къуажэм илъэс 89-рэ ныбжьым иту щыпсэу фызыжьым аргуэру къытрагъэзэжу социальнэ лэжьакIуэ ирагъэубыдылIэн папщIэ дэIэпыкъуну. Iуэхум хэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ ЦIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэр и гъусэу, икIи ар арэзы зыщI унафэ тращIыхьащ.

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм 2024 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа доклад

Налшык къалэм щыпсэу Ж. Уполномоченнэм къелъэIуащ суд унафэр якъутэжыну, фэтэр куэду зэхэт унэр къызыхуэтыншэу къэгъэщIэрэщIэжыным ехьэлIауэ къытехуа щIыхуэм къиша зэдауэм и зэранкIэ сом мин 60 хъууэ лъабжьэншэу и счетым ирахар къратыжыну дэIэпыкъуну.

Къэлъэlуам Уполномоченнэм етIуанэу зыкъыхуигъэзащ судым щIилъхьэну тхылъыр игъэхьэзырынымкIэ, суд унафэр къыIэрыхьэнымкIэ икIи лъабжьэншэу яубыда ахъшэр кърахыжынымкIэ зэрыдэIэпыкъуам къыхэкIыу фIыщIэ къыхуищIу.

Ди жагъуэ хъууэ жытIэн хуей мэхъу Урысей Федерацэм и закон щхьэхуэхэу цIыхум совет лъэхъэнэм лэжьыгъэм щызэфIагъэкIахэр къызэрамылъытэм къыхэкIыу тхьэусыхэу зи ныбжь хэкIуэтахэм 2024 гъэми зэрызыкъытхуагъэзар. ИлъэсипщIыхэр къызэщIэзыубыдэ лэжьыгъэ стаж, зэрагъэпэжа дамыгъэ куэд яIэми, пенсэ щыкIуэкIэ апхуэдэ цIыхухэм хуагъэувыр пенсэ цIыкIу дыдэрщ. А цIыхухэм я дежкIэ гугъущ пенсэхэр зэраубзыху балл хабзэщIэр къагурыIуэнри, абы иригъуэзэнри.

ИпэкIэ тщIа докладхэми дэ къыщыхэтлъхьащ, иджыри щIыдогъэбыдэ «Лэжьыгъэм и ветеран» фIащын папщIэ щIэн хуейхэмрэ зэрыфIащ хабзэмрэ я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №57-РЗ-уэ 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м къыдэкIам зэхъуэкIыныгъэхэр хагъэхьэну къызэрезэгъыр. Абы и 2-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм щIыгъужын хуейщ «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэр щыфIащкIэ лэжьыгъэ стажым и кIыхьагъыр, дамыгъэ лъапIэхэр, совет, парт, профсоюз органхэм зэрагъэпэжар къэзылъытэ пункт. Къезэгъыу къыдолъытэ «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэр зэрыфIащ щIыкIэм теухуа хабзэмрэ а цIэр къызэрыфIащам къыхэкIыу хуагъэув льготэхэмрэ нэхъ ялъэIэсыгъуафIэ ящIу лэжьыгъэм и ветеранхэм ятеухуа федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэныр.

Етхуанэ Iыхьэ

Унагъуэм и хуитыныгъэхэмрэ къыддэгъуэгурыкIуэ унагъуэ лъапIэныгъэхэмрэ хъумэныр

2024 гъэр Урысей Федерацэм и Президет Путин В. В. Унагъуэм и илъэсу игъэуваuэ щытащ. «Ди къэралым и цIыхухэр, псом хуэмыдэу зи ныбжькIэ щIалэхэр, унагъуэ яухуэным икIи сабийхэр зрагъэгъуэтыным хущIэкъун папщIэ къэралым зэтриухуэн хуейщ унагъуэ зэIузэпэщыныгъэм и шэсыпIэу нэхъ цIыкIу мыхъухэр, икIи, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэращи, зыхэпщIэхэр». А къалэныр зэфIэгъэкIынымкIэ щIэкъуэнышхуэу ФедерацэмкIэ Советым и УнафэщI Матвиенкэ В. И. къелъытэ Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьхэм яIэ социальнэ шэсыпIэ, льготэ псори анэ-лIыхъужьхэм ялъысыныр.

НаIуэу зэрыщытщи, Урысей Федерацэм и Конституцэм (38-нэ статья) къэралым щигъэбыдащ анагъэмрэ сабиигъуэмрэ, унагъуэмрэ унагъуэ лъапIэныгъэхэмрэ къащхьэщыжыныр къызэригъэпэщыныр. АрщхьэкIэ гъащIэм дэ дащрохьэлIэ зи бын хыфIэзыдза адэ-анэхэм социальнэ зеиншагъэр къызэнэкIа хъуакъым. Я псэупIэхэмрэ мылъкумрэ тезыхыну хущIэкъу пхъу, къуэ нэпсейхэм ящытхъумэну къыдэлъэIуу анэхэм зырызыкъытхуагъэзэм и щапхъэхэр мащIэкъым.

Уполномоченнэм и лэжьыгъэр хуэгъэзащ унагъуэм и хуитыныгъэхэмрэ унагъуэ лъапIэныгъэхэмрэ хъумэныр къызэгъэпэщыным. Нэхъапэхэми хуэдэу, властым и къэрал, муниципальнэ органхэм гулъытэ хэха хуащI унагъуэхэр дэIыгъыным, сабийуэ къалъхухэм хэгъэхъуэным, къуажэ щIыпIэхэм щыпсэун папщIэ Iэмалыфlхэр къызэгъэпэщыным, нэхъыжьхэмрэ щIалэгъуалэмрэ дэIыгъыным. Абы къокI цIыхум и хуитыныгъэхэм тетыныр къызэрагъэпэщын папщIэ Iэмалхэр зэтраухуэну.

Уполномоченнэр хэтащ икIи къыщыпсэлъащ «Унагъуэм псэуныгъэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм щиIыгъ увыпIэр: тхыдэр, хабзэхэр, иджырей лъэхъэнэр» щIэныгъэ-практикэ конференцым.

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ зыуэ щыт Урысейпсо дерсу унагъуэм, унагъуэ лъапIэныгъэхэр хъумэным теухуам ипкъ иткIэ Уполномоченнэм и аппаратым и лэжьакIуэхэр школхэм, еджапIэ IуэхущIапIэхэм лекцэхэм къыщеджащ.

Унагъуэ Iуэхур зэи ямыухщ. Псом хуэмыдэу КъухьэпIэм Урысейм и бийуэ гущIэгъуншэу иригъэкIуэкI бэнэныгъэм Iэмал хьэдэгъуэдахэхэр, емыкIу зыпылъхэр къыщигъэсэбэп мы зэманым.

Либерал демократхэр хущIокъу ди лъапIэныгъэ нэхъ ин дыдэр - цIыху цивилизацэхэр къызытехъукIа цIыхухъумрэ цIыхубзымрэ я зэхущытыкIэхэр, сабийхэр къытщIэзыгъэувэр, унагъуэхэр зэтезыухуэр икIи гъащIэм пызыщэр - ягъэпудыну икIи хаутэну.

Республикэм куэд щызэфIагъэкI бгырыс жылагъуэхэм сыт щыгъуи я псэм хэлъу щыта унагъуэ лъапIэныгъэхэр яхъумэным икIи ягъэбэгъуэным хуэунэтIауэ. «Унагъуэр быдэмэ, унэцIэр, лъэпкъыр, жылагъуэр лъэщщ, къэралыр лъэщщ» псалъэхэм я мыхьэнэр мы зэманми кIуэдыжакъым.

Урысей Федерацэм и Конституцэм игъэуващ: «Урысейм социальнэ къэрал еухуэ икIи абы и дежкIэ япэ итхэм ящыщщ унагъуэмрэ сабиигъуэмрэ я нэIэ тетыныр икIи ахэр хъумэныр». «ЛIэщIыгъуэ куэд ипэкIэ къыщежьауэ, - къыхигъэщхьэхукIащ Путин В. В. - мис а унэрщ, унагъуэрщ, къэзыухъуреихь лъагъуныгъэмрэ гулъытэмрэщ, сабийм и Iуэху еплъыкIэхэр, абы и хьэлыр, граждан. Хэкупсэ гупсысэхэр зэфIэзыгъэувэр, адэхэм я хабзэхэр къыхэзылъхьэр».

А къалэныр зэфIэгъэкIын папщIэ лъабжьэ, социально-правовой Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрагъэпэщ.

Мыхьэнэ ин иIэщ а дэIыгъыныгъэр пыухыкIауэ, щхьэхуэ-щхьэхуэу яхуэгъэзэауэ, къэралым и гулъытэр дэтхэнэ унагъуэми зыхищIэу щытыным.

Еханэ Iыхьэ

ФIагъ зиIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр къыхуащIэнымкIэ цIыхухэм яIэ хуитыныгъэхэр

«Дэтхэнэми хуитыныгъэ иIэщ и узыншагъэр ихъумэну , медицинэ дэIэпыкъуныгъэ къратыну». Урысей Федерацэм и Конституц

Дэ захуагъэ хэлъу къыдолъытэ цIыхухэм фIагъ зиIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр къыхуащIэнымкIэ яIэ хуитыныгъэхэм къащхьэщыжыным ехьэлIа Iуэхухэм гулъытэ хэIэтыкIа Урысей Федерацэм зэрыщыхуащIым. Абы щыхьэт тохъуэ уполномоченнэхэм я зэзыгъэуIу советхэм я зэIущIэхэр центрми щIыналъэхэми зэрыщрагъэкIуэкIар.

Урысей уполномоченнэхэм я ЗэзыгъэуIу советым и лэжьыгъэм кърикIуахэм ятещIыхьауэ апхуэдэ совет Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIыналъэхэми щрагъэкIуэкIащ, мы Iуэхум щытепсэлъыхьащ щIыналъэхэм щылажьэ уполномоченнэхэм я деж щыIэ эксперт советхэми. ФIагъ зиIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр къыхуащIэным щыщыIэ къалэнхэм тхыгъэхэр траухуащ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэми.

Дэ, цIыхухэм я хуитыныгъэхэм къащхьэщыжхэр, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэщIагъэлIу дыкъыщыщIэмыкI куэдрэ къохъу, ауэ дэ диIэщ цIыхухэм еIэзэныр къызэгъэпэщыным, ахэр хущхъуэкIэ зыхуей хуэгъэзэным дызэрыхэIэбэфыну Iэмалхэр. Апхуэдэу щыIэщ, къызэпауд хъужыкъуэмэ, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр къыхуащIэнымкIэ цIыхухэм яIэ хуитыныгъэхэр зэрызэфIагъэувэжыфыну Iэмалхэр. Апхуэдэ Iуэхухэм сыт щыгъуи я нэIэ тетщ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыIэмрэ абы и аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ. Абы щыхьэт тохъуэ а Iуэхум теухуауэ ЗэзыгъэуIу совет зэрырагъэкIуэкIамрэ апхуэдэу ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыIэм щхьэхуэу зи чэзу бюллетень къызэрыдигъэкIамрэ.

«Лъэпкъ узыншагъэр хъумэн» Конгрессым хэтхэм защыхуигъазэм Путин В. В. жиIащ: «Къэралым медицинэм зегъэужьыныр унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къелъытэ. Ар пхигъэкIын папщIэ зэхалъхьащ икIи ягъэзэщIэн папщIэ зыхуеину мылъку, техникэ, лэжьакIуэхэр зыхухаха федеральнэ лъэпкъ проектхэр. ИкIи абы кърокIуэ къэралым узыншагъэр хъумэнымкIэ и зэфIэкIым хэпщIыкIыу хэхъуэныр, цIыхухэм хуащIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм зиужьыныр, фIагъ зиIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр нэхъыбэм къагъэсэбэпыфыныр. А псори къанэ щымыIэу епхьэлIэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэрми.

Федеральнэ центрым къадиIыгъыурэ, иужь илъэсхэм перинатальнэ центр ин щаухуащ, гемодиализым и къудамэхэу а медицинэ IуэхумкIэ зыхуеину псори къызэзыгъэпэщхэр къыщызэIуахащ, зэпэщу щолажьэ онкологие, кардиологие центрхэр, лъынтхуэ хирургием и къудамэр. 2024 гъэм Налшык къалэм щаухуащ зэуэ цIыху 500 зэкIуалIэ поликлиникэ ин.

Республикэм и унафэщIхэм зэпымыууэ я нэIэ тетщ сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ я лэжьыгъэм, ахэр медицинэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ къызэгъэпэщыным, диагностикэм и Iэмалхэр егъэфIэкIуэным, цIыху куэд зыгъэсымаджэ узхэр зэуэлIахэм еIэзэным ехьэлIа Iуэхухэм. Апхуэдэ мурадхэмкIэ хагъахъуэ республикэ бюджетым къыхэкI ахъшэм. 2024 гъэм и закъуэ абы сом меларди 9,5-м нэблагъэ хухахащ. Федеральнэ, республикэ бюджетхэм я хьэкъкIэ хущхъуэхэмкIэ, медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ, сымаджэхэм хухаха ерыскъыхэкIхэмкIэ къызэрагъэпэщ нэхъ хуэмыщIа цIыхухэр.

АрщхьэкIэ дэ жытIэфынукъым я узыншагъэр яхъумэнымрэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ къратынымкIэ цIыхухэм яIэ хуитыныгъэхэр республикэм къанэ щымыIэу щыпхагъэкIыу.

Ш., Г., Т., Х., К. сымэ зэрызыкъыхуагъэзам тету Уполномоченнэр абыхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуащ дохутыр Iэзэхэр къызыхэшэн хуей медицинэ дэIэпыкъуныгъэ къратынымкIэ. Жьы хъуа зи закъуэхэр щапIыж унэм щыпсэу Д. цIыхубзым дэIэпыкъуащ Санкт-Петербург къалэм операцэ гугъу щащIын папщIэ ахъшэ иратынымкIэ. СВО-м хэта, зауэ Iуэхухэм я ветеран Т. езыр къыщыIущIам къелъэIуат дзэ-дохутыр комиссэр къеплъынымкIэ икIи ныкъуэдыкъуагъэкIэ зыхыхьэ гупыр хуагъэбелджылынымкIэ щIэгъэкъуэн хъуну. Iуэхур псынщIэу зэфIэха хъун мурадкIэ, СВО-м хэтам дэIэпыкъуащ, Дон Iус Ростов къалэм дзэ-дохутыр комиссэр къыщеплъын папщIэ зыхуеину медицинэ дэфтэрхэр зэхуихьэсынымкIэ. Нэхъапэхэми хуэдэу, ткIийуэ къонэж орфан уз зэузхэр зыхуеину хущхъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным и Iуэхур. А къалэныр зэфIэхыным дэ илъэс куэдкIэ яужь дитащ. ЖыIэн хуейщ абы и лъэныкъуэкIэ мащIэу зэхъуэкIыныгъэфIхэр щыIэу, псом хуэмыдэу федеральнэ фонд хэха къызэIуаха иужь. АрщхьэкIэ а узыр зэфыкIыу къахутахэм еIэзэн папщIэ ахъшэу къаутIыпщар ирикъунукъым. 2024 гъэм апхуэдэ цIыхухэм планкIэ хухахын хуея ахъшэм (сом мелуани 144,8-рэ) щыщу къаутIыпщар сом мелуан 80,6-рэщ - процент 44,3-рэ хущыщIащ. Гугъуехьхэр щыIэщ льготэ зиIэхэр финансхэмкIэ щIэгъэбыдэн и лъэныкъуэкIи. Мыбдеж федеральнэ бюджетым къикI ахъшэм процент 53,9-рэ хущощIэ. Арщи, уи нэгу къыщIэхьэгъуейкъым «федеральнэ» льготэ зиIэхэр хущхъуэхэмкIэ, медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ, сымаджэхэм хухаха ерыскъыхэкIхэмкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIа къалэныр щагъэзащIэкIэ зыхуэфащэ IэнатIэхэр гугъуехьу зыхэтыр зыхуэдизыр.

Республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм, псом япэ пэщIэдзэхэм, IэщIагъэлIхэр яхурикъуркъым. Iуэхур зэфIэгъэкIа хъунт IэщIагъэхэм хурагъэджэнухэр къызэрыхах щIыкIэр гъэувыныр, апхуэдэу ординатурэмрэ аспирантурэмрэ нэхъ убгъуауэ къэгъэсэбэпыныр зэтраухуамэ.

Уполномоченнэм и деж щыIэ Эксперт советым и зэIущIэ екIуэкIащ 2024 гъэм. Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм щыIэ уполномоченнэхэм я ЗэзыгъэуIу советым и чэнджэщхэм дытету дэ къэрал, муниципальнэ властым и органхэм яхуедгъэхьащ республикэм щыпсэухэм фIагъ зыхэлъ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр хуащIэнымкIэ яIэ хуитыныгъэхэм къащхьэщыжынымкIэ къыхалъхьэхэр.

КIэщIу ахэр зыхуэгъэзар мыхэращ:

1. Санаторэхэмрэ курортхэмрэ пщIэншэу къыщеIэзэнымкIэ хуащIэ социальнэ Iуэхутхьэбзэ псори къыхуагъэнэжу зауэ Iуэхухэм хэтахэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ псом япэу санаторэхэмрэ курортхэмрэ къыщеIэзэным теухуа пункт щыIэ законодательствэм халъхьэным, апхуэдэу зауэ Iуэхухэм хэтахэр къыщеIэзэну санаторэхэмрэ курортхэмрэ щагъакIуэкIэ апхуэдэ хуитыныгъэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэм етыныр (зэгъусэу щыIэныр) абы къыщалъытэным.

2. Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэм и къалэнщ къуажэ щIыпIэхэмрэ жылэ пхыдзахэмрэ щыIэ медицинэ IуэхущIапIэхэм IэщIагъэлIхэр ирашэлIэн папщIэ «Къуажэ дохутыр/къуажэ фельдшер» программэр нэхъ жыджэру къигъэсэбэпыну.

Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и IэнатIэхэм пащэн хуейщ медико-психологие консультацэхэр щрагъэкIуэкI кабинетхэм, дохутыр-психиатрхэм я кабинетхэм фэбжьхэм зи узыншагъэр зэIагъэхьахэм е абыхэм я нэщэнэхэр къызыхуинахэм медико-психологие дэIэпыкъуныгъэхэр, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хэхар зэрыщрат Iэмал укъэзымыгъэщIэхъунухэр къызэрагъэпэщыным, апхуэдэу психоневрологие диспансерым психикэ узыфэ зиIэхэу щаIыгъхэр психосоциальнэ реабилитацэ щIыным хуэгъэза лэжьыгъэм.

Пенсионерхэм, зи узыншагъэм сэкъат иIэ цIыхухэм, сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэхэм я нэIэм щIэмытыжу къэна сабийхэмрэ я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщыным теухуа лэжьыгъэр

Ипэ ита илъэсхэми хуэдэу, 2024 гъэми Уполномоченнэм гулъытэ нэхъыбэ хуищIащ зи ныбжь хэкIуэтахэм, гъащIэм щытыкIэ гугъу иригъэува цIыху нэхъ хуэмыщIахэм я хуитыныгъэхэм къащхьэщыжыным, апхуэдэу сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэхэм я нэIэм щIэмытыжу къэна сабийхэмрэ псэупIэхэмкIэ къызэгъэпэщыным. Апхуэдэ мурадхэмкIэ кууэ ядэлэжьащ Урысей Федерацэм и Пенсэ икIи Социальнэ фондым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэми щиIэ къудамэм, Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ министерствэм, муниципальнэ къызэгъэпэщыныгъэхэм я щIыпIэ администрацэхэм я IэтащхьэхэмкIэ.

2024 гъэм Уполномоченнэм къыIэрыхьащ икIи ар хэплъащ социальнэ къыщхьэщыжыныгъэмрэ пенсэкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ ехьэлIауэ зэрызыкъыхуагъэзауэ 50-м, абыхэм и щхьэгъусэ Г. ныкъуэдыкъуагъэкIэ зыхэт гупым хэплъэжынымкIэ къыдэIэпыкъуну къелъэIуу Аруан районым щыпсэу Д. цIыхубзым зэрызакъыхуигъэзари яхэту.

Езым къыщригъэблэгъам Уполномоченнэм гуригъэIуащ ищхьэкIэ щытхъэусыхэным ипэ къихуэу ныкъуэдыкъуагъэкIэ зыхэт гупыр зэрихъуэкIын зэримыдамкIэ медико-социальнэ экспертизэмкIэ комиссэм къищта унафэр тхыгъэкIэ къыIэрыхьэн зэрыхуейр. ЕтIуанэу щригъэблэгъам Уполномоченнэр Д. дэIэпыкъуащ ныкъуэдыкъуагъэмкIэ гупыр зэрихъуэкIын зэримыдам теухуа тхьэусыхафэм и проектыр игъэхьэзырынымкIэ.

Зэрысабийрэ ныкъуэдыкъуэ и пхъум папщIэ автотранспорт къратынымкIэ къыдэIэпыкъуну къелъэIуу Лэскэн районым щыпсэу С., цIыхухъур зыщригъэIэзэн папщIэ Санкт-Петербург къалэм зэрыкIуэнум текIуэдэнур хуатынымкIэ дэIэпыкъуну къелъэIуу Налшык къалэм щыпсэу А., цIыхубзым бын куэд хъу унагъуэр зыхуей хуигъэзэн папщIэ ахъшэкIэ зыщIагъэкъуэну къелъэIуу Дзэлыкъуэ районым щыпсэу Т., цIыхухъум зи нэхэмкIэ ныкъуэдыкъуэхэм щIыналъэм щрат техникэ IэмэпсымэхэмрэхуащIэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ зегъэубгъунымкIэ дэIэпыкъуну къелъэIуу «Нэфхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэ» щIыналъэ къудамэм и лIыкIуэм, жьы хъуа зи закъуэхэм я унэм щыпсэу цIыхухэм, коммунальнэ фэтэрым къыщIагъэкIыу ягъэIэпхъуэнымкIэ ядэIэпыкъуну къелъэIуу Налшык къалэм щыпсэу В., ахъшэкIэ зыдигъэIэпыкъуну 3-нэ гупым хыхьэ ныкъуэдыкъуэ М., псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэ зыхуеинум хуэдизу иратыр къыхуагъэнэжыным щIэлъэIуу Май районым щыпсэу Ш. сымэ зэрызыкъыхуагъэзам Уполномоченнэр хэплъащ министерствэхэм я унафэщIхэр, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым, муниципальнэ къызэгъэпэщыныгъэхэм я щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр и гъусэу. Абы щыгъуэми, пыухыкIауэ дэтхэнэми законодательствэм къитIасэу унафэ тращIыхьащ.

ЗэрызыкъытхуагъэзахэмкIэ ящыщ куэд теухуауэ щытащ ныкъуэдыкъуагъэ зэрабгъэдэлъым и щыхьэт тхылъ зэрагъэгъуэтыным, сабий зеиншэу къалъытахэм хабзэм ебакъуэу къыхагъэкIыжахэм я мыарэзыныгъэхэм, «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэр хуагъэувыным, суд унафэкIэ тезыр зытралъхьауэ ар щагъэзэкIуэж щIыпIэхэм щыIэхэм и чэзум пенсэхэр зэрыратыным, пенсэм и зэхуэзэхьэс Iыхьэр зэрыхуагъэув щIыкIэм, Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм щылажьэхэм пенсэ хуагъэувын папщIэ я лэжьыгъэ стажыр къэлъытэным, «зауэм и бынхэр» гупым хабжахэм льготэхэр зэрыхуагъэувым, Шэшэн Республикэм щекIуэкIа дзэ Iуэхум хэтахэм «Зауэ Iуэхухэм я ветеран» тхылъыр къыдахыным, сабий ипIыну къыIихынымкIэ дэIэпыкъуным. А псомкIи закъыхуэзыгъэзахэм Уполномоченнэр и щхьэкIэ яIущIэурэ зэхигъэкIащ икIи дэтхэнэми и Iуэхум теухуауэ къэрал хабзэм щыубзыхуахэр, щыIэ мардэхэр и тегъэщIапIэу яхузэпкърихащ. Уполномоченнэм цIыхухэм чэнджэщ яритащ зэфIимыгъэкIыу, Iуэхукlи куэдрэ ядэIэпыкъуащ, къапщтэмэ, зыхуэфащэ IуэхущIапIэхэм ягъэхь лъэIу тхылъхэр зэратх щIыкIэр, нэгъуэщI дэфтэрхэр зэрызэхагъэувэр яригъэлъагъуу.

Зи Iуэхур зэхагъэкI Т. лъэIукIэ зыкъыхуигъэзат ар щаIыгъ, Налшык къалэм дэт СИЗО №1-м медицинэ дэIэпыкъуныгъэ тэмэм къыщыхуащIэнымкIи, Уполномоченнэмрэ КъБР-м и прокуратурэмрэ яужь ихьэри, цIыхубзым и хуитыныгъэхэр хабзэм къызэригъэувым хуэдэу зэфIагъэувэжащ икIи абы фIыщIэ къазэрыхуищI тхыгъэ къахуигъэхьащ, и Iуэхур псынщIэу зэрыхузэфIагъэкIам, къазэрыдэIэпыкъуам папщIэ.

Май къалэм щыпсэу Д. Уполномоченнэм къыхуитхащ, цIыхубзым и къуэ, илъэс 11 зи ныбжь цIыкIур Тэрч къалэм дэт кадет еджапIэ №3-м щIэтIысхьэнымкIэ зэрыдэIэпыкъуам папщIэ фIыщIэ къыхуищIу.

Жьы зэрыхъуам теухуа страховой пенсэ хуагъэувынымкIэ дэIэпыкъуну къелъэIуу Прохладнэ къалэм щыщ А. Уполномоченнэм зыкъыхуигъэзат. Абы и Iуэхум хэплъащ УФ-м Пенсионнэ, Социальнэ страхованэмкIэ и фондым КъБР-м щыIэ и къудамэм и IэщIагъэлIхэр щIыгъуу. Уполномоченнэр Iуэхум зэрыхыхьам и фIыгъэкIэ цIыхухъум и дэфтэрхэм пIалъэ кIэщIым къриубыдэу хэплъэри, пенсэр иратыным теухуа унафи къащтащ. Уполномоченнэм къыIэрыхьащ зэрыдэIэпыкъуам папщIэ абы фIыщIэ къыщыхуищI тхыгъэ. Арэзы утехъуэу къыхэбгъэщ хъунущ лъэжьапIэншэ цIыхухэм социальнэ ахъшэ псори ирикъуу 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м ирихьэлIэу зэрыратар.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэн» къэрал программэм къыщыгъэлъэгъуахэр ягъэзащIэкIэрэ, 2024 гъэм къриубыдэу социальнэ льготэхэр, компенсацэхэр, нэгъуэщI ахъшэ лIэужьыгъуэхэм хуэдэхэр иратащ цIыху 204770-м, псори зэхэту сом мин 8424511,74-рэ хъууэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хуэмыщIауэ щыпсэу унагъуэхэм, зи закъуэ псэу хуэмыщIахэм зэрызыщIагъакъуэ къэрал социальнэ дэIэпыкъуныгъэ ахъшэхэр зыхуэдизынур убзыхуным, ахэр зэрыхуагъэув икIи зэрырат щIыкIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2021 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ социальнэ пособие папщIэу къэрал социальнэ дэIэпыкъуныгъэр 2024 гъэм цIыху 869-м иратащ, псори зэхэту сом мин 10395,90 хъууэ (2023 гъэм социальнэ пособие папщIэу къэрал социальнэ дэIэпыкъуныгъэр цIыху 768-м иратащ, псори зэхэту сом мин 9539,75-рэ хъууэ).

Ведомствэхэм зэдай, социальнэ зэгурыIуэныгъэхэмкIэ комиссэм и унафэм тету социальнэ зэгурыIуэныгъэхэм япкъ иткIэ цIыху 445-м ахъшэ иратыну унафэ къащтащ.

2024 гъэми пащащ мазэ къэс ахъшэ пыухыкIа зратын хуейхэм хагъэхьа цIыху щхьэхуэхэм, лэжьыгъэм и ветеранхэм, тылым щылэжьахэм, политикэ залымыгъэм и зэран зэкIахэм, къуажэхэмрэ абы хуагъадэ щIыпIэхэмрэ щыпсэу икIи щылажьэ IэщIагъэлIхэм, къуажэхэм щылажьэ егъэджакIуэхэм, апхуэдэуи илъэс къэс ахъшэ зратыну хуитхэм, «Урысейм пщIэ зиIэ и донор» бгъэхэIу дамыгъэр зыхуагъэфэщахэм хагъэхьэнухэр убзыхуным пыщIа Iуэхухэм.

Сабий зеиншэхэр, адэ-анэм я нэIэ щIэмытыжу къэна сабийхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным хуэгъэза Къэрал хабзэр гъэзэщIэным гугъуехьышхуэхэр зэрыпылъыр къилъытэри, Уполномоченнэм 2024 гъэм Сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэр щIыгъуу кIэлъыплъащ а Законыр зэрагъэзащIэм.

Гу зылъытапхъэ.

Сабий зеиншэу, адэ-анэм я нэIэ щIэмытыжу къэна сабийхэу республикэм и список зэхэтым щатхахэм я бжыгъэр 2024 гъэм щышылэм и 31-м ирихьэлIэу цIыху 1481-рэ хъууэ щытащ, абыхэм ящыщу 170-м яIэт псэупIэ къратын зэрыхуейм теухуауэ судым и унафэ (суд приставхэм я реестрым ипкъ иткIэ).

2024 гъэм сабий зеиншэхэм ящыщу цIыху 68-м псэупIэ иратащ (абыхэм ящыщу 50-м псэупIэ фондым щыщ фэтэрхэр къызэращтамкIэ зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIауэ, 18-м Урысей Федерацэм и Правительствэм «Сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я нэIэ щIэмытыжу къэна сабийхэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэнымкIэ шэсыпIэхэм я Iуэхукlэ» Къэрал хабзэм и 8.1 статьям и 1-нэ пунктым къыщыгъэлъэгъуа цIыхухэм псэупIэ етыным и Iуэхукlэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2023 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къыдигъэкIа унафэ №2227-м тету псэупIэ сертификатхэр къагъэсэбэпащ, псэупIэ зэIузэпэщ езыхэм ейуэ къащэхуным е къащта щIыхуэр къанэ щымыIэу япшыныжыным трагъэкIуэдэну.

«Сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я нэIэ щIэмытыжу къэна сабийхэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэнымкIэ шэсыпIэхэм я Iуэхукlэ» Къэрал законым и 8-нэ статьям и 9.1 пунктым ипкъ иткIэ зратахэр цIыху 14 мэхъу, Украинэм, Донецкэ, Луганскэ ЦIыхубэ Республикэхэм, Запорожье, Херсон областхэм я щIыналъэхэм щыIэхэу дзэ Iуэху хэхам хэтахэм ящыщу, адрейхэм япэ ирагъэщу псэупIэ къратыну хуитыныгъэ яIу, Список зэхэтым итхэу.

Апхуэдэхэм ящыщхэм псэупIэ къахуэщэхуным трагъэкIуэдэну 2024 гъэм хухахат сом мин 110000-рэ абыхэм ящыщу 2023 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м зэращIылIа ЗэгурыIуэныгъэ №069-09-2024-301 - 33-м ипкъ иткIэ сом мин 957,4-рэ (сом мин 32259,5-р къэрал бюджетым, сом мин 1697,9-р республикэ бюджетым къыхэкIыу) хухахат; республикэ бюджетым щыщу къыщIагъужащ сом мин 76042,6-рэ.

ЗэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ хухаха мылъкумрэ республикэ бюджетым щыщу къыщIагъужамрэ псори зыхухаха Iуэхум нэсу къыхуагъэсэбэпащ 2024 гъэм.

Апхуэдэу щытми, хухаха ахъшэр псоми яхурикъуркъым икIи къалэнхэр къызэфIагъэкIыркъым.

КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм 2024 гъэм мазаем и 29-м къыдигъэкIа унафэ №22/153-м ипкъ иткIэ къызэрагъэпэща, ведомствэхэм зэдай комиссэу сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я нэIэ щIэмытыжу къэнахэу илъэс 23-рэ ирикъуахэм псэупIэ зэпэщ къахуэщэхуным е апхуэдэ зыIэрагъэхьэн папщIэ къащта щIыхуэр зэрыщыту яхуэпшыныным, ипотекэ яхуэтыным е апхуэдэхэр яхуэмыщIэным и унафэр къэзыщтэу зи пщэ дэлъым, «Сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я нэIэм щIэмытыжу къэна сабийхэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэнымкIэ шэсыпIэхэм я Iуэхукlэ» Къэрал хабзэм и статья 8.1-м и 2-нэ пунктым и 2-нэ пункт къуэдзэр и лъабжьэу и нэхъыбапIэкIэ сертификатхэр апхуэдэ цIыхухэм яритын идэркъым, ящэж унэхэм псэупIэм и инагъымрэ и уасэмрэ зэхуэкIуэ зэрахэмытым, псэупIэхэр лъапIэ зэрыхъум, апхуэдэуи цIыху минипщIым щIигъу щыпсэу щIыпIэхэм щыIэ, фэтэр куэд хъу унэхэм ящыщу псори зэхэту процент 25-рэ фIэкIа а унэхэм къыщыпщэху зэрымыхъум къыхэкIыу.

Абы къыхэкIыу хэплъэжащ сабий зеиншэхэм псэупIэ къахуэщэхуным зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэхэм икIи унафэхэр къащтащ:

пIалъэ кIыхым тещIыхьа зэгурыIуэныгъэхэр зэращIылIэнымкIэ Iэмал етыным теухуауэ, абы кърикIуащ подрядчикхэм а Iуэхум хэкIыпIэ нэхъ къыхуагъуэтыфын щIыныр;

унэ ящэхэр къэпщытэным, а Iуэхум хэт ухуакIуэ организацэхэу зи цIэ фIыкIэ Iуахэм ядэлэжьэным теухуауэ;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкIыу а Iуэхум трагъэкIуадэ мылъкум, илъэситIым тещIыхьа контрактхэри хэту, къыщIегъэгъуным теухуауэ.

Абы къыхэкIыу, нэхъапэми зэрыжытIащи, ноби властым и зыхуэфащэ органхэм аргуэру гу лъедгъэтэн хуей мэхъу, унагъуэхэр социальнэ псэпIэкIэ къызэгъэпэщыным и Iуэхур нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщу къызэрынэжам. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, социальнэ псэупIэхэр республикэм щамыухуэу жыпIэ хъунущ. Iуэхур апхуэдэу адэкIи екIуэкIмэ, чэзум щытхэр щыгугъ хъунукъым я гъащIэм къриубыдэу псэупIэ къратыным. Уполномоченнэр илъэс зыбжанэ хъуауэ яужь итщ сабий зеиншэхэр, адэ-анэм я нэIэ щIэмытыжу къэна сабийхэр, абыхэм яхуэдэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным пыщIа Iуэхухэм. ИщхьэкIи къызэрыщыхэдгъэщащи, иужьрейхэм я бжыгъэм илъэс къэс къыхохъуэ. Зрикъун мылъку зэрыхухамыхым къыхэкIыу республикэм илъэс куэд хъуауэ щагъэзащIэркъым сабий зеиншэхэм псэупIэ иратын зэрыхуейм теухуауэ судхэм къащта унафэхэу къару зыгъуэтахэр.

А гугъуехьхэр дэгъэкIынымкIэ хэкIыпIэр дэ зыхэтлъагъуэр «Сабий зеиншэхэм папщIэ псэупIэ» Президент программэ къэщтэнырщ, абы текIуэдэну мылъкур къэрал бюджетым щхьэхуэу щыубзыхуауэ щыту. «Урысейм щыIэн хуейкъым «рязанскэ» зеиншэхэр е «калужскэ» зеиншэхэр икIи гугъуехьхэр дэгъэкIыныр субъектым ахъшэу иратым тещIыхьауи щыт хъунукъым». (Лиханов А.)

Ныкъуэдыкъуэхэм, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм я хуитыныгъэхэм къащхьэщыжыныр

Псоми ящIэ къэралымрэ жылагъуэмрэ я зыужьыныгъэр зыхуэдэр къызэралъытэ пщалъэу щытыр ахэр ныкъуэдыкъуэхэм, сымаджэхэм зэрахущытыр зэрыарар.

Къыхэгъэщыпхъэщ Урысей Федерацэм зэрыщытуи, абы хыхьэ щIыналъэхэми къазэрыщыгурыIуэр зи узыншагъэкIэ сэкъат зиIэхэм я гугъуехьхэр ящхьэщыхын зэрыхуейр. Абы и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ Урысей Федерацэм и Конституцэми а къалэныр къызэригъэувыр - демократиер зи лъабжьэ социальнэ къэрал ухуэныр. Ар гъэзэщIа хъун папщIэ ныкъуэдыкъуэхэм къемыхьэлъэкIын псэукIэ, лэжьыгъэ къахузэгъэпэщын, ахэр жылагъуэ гъащIэм тэмэму хэтыфын хуэдэу. Зи узыншагъэкIэ сэкъат зиIэхэр лэжьапIэ щыувкIэ, жылагъуэ транспорткIэ щызекIуэкIэ, медицинэ, социальнэ Iуэхутхьэбзэ хуей хъуми лъэпощхьэпохэм Iуун хуейкъым. Жылагъуэм пщIэ щыхуащIын хуейщ апхуэдэ цIыхухэм.

Уполномоченнэм мызэ-мытIэу захуигъэзащ зи узыншагъэкIэ сэкъат зиIэхэм и хуитыныгъэхэр хъумэным хэлъ гугъуехьхэм, ахэр илъэс къэс ищI докладхэми къыщыхигъэщащ. Дэ щIыпIэ хэхахэм дыкIуэурэ къэпщытэныгъэхэр едгъэкIуэкIащ, абыхэм кърикIуахэр Эксперт советхэм щызэпкърытхыжащ, ди чэнджэщхэр яхуедгъэхьащ властым и къэрал, муниципальнэ органхэм, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм жылагъуэм я Iуэху еплъыкIэхэм дыщытепсэлъыхьащ.

Республикэм къыщызэрагъэпэщауэ хъарзынэуи щолажьэ ныкъуэдыкъуэхэм щыхуейм деж IуэхущIапIэхэм, хабзэхъумэ органхэм, цIыхухэм я псэукIэм пыщIа нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм зэрыхыхьагъэзэфын инфраструктурэ. Фэтэр куэду зэхэт яухуэ унэхэм, социальнэ IуэхущIапIэхэм, къэрал, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм я щIыхьэпIэхэм хуащI абыхэм къемыхьэлъэкIыу зэрыщIыхьэфыну дэкIуеипIэ хэхахэр, пандусхэр, аппарелхэр. Пэжщ, а псори зи фIыщIэр цIыхухэм я хуитыныгъэхэм къащхьэщыжхэм я закъуэу жыпIэныр тэмэмкъым, ауэ а гугъуехьхэр дэгъэкIыным тращIыхьа унафэм дэ хэлъхьэныгъэ зэрыхуэтщIыр убзыщIынри захуагъэкъым.

Апхуэдэу щытми, а IэнатIэм иджыри мымащIэу щыIэщ зэфIэгъэкIын хуей къалэнхэр.

ЦIыхухэм лэжьапIэ яIэнымкIэ къэрал къулыкъущIапIэм къызэритымкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъу, ауэ лэжьэфыну исщ цIыху 29197-рэ, абыхэм ящыщу IэнатIэ пэрытыр 6272-рщ.

ЦIыхухэм IэнатIэ къахуэзыгъуэт IуэхущIапIэхэм езыхэм яхузэфIэкIын лэжьыгъэ къалъыхъуэу 2024 гъэм зыхуагъэзащ ныкъуэдыкъуэ 458-м, абыхэм ящыщу лэжьапIэншэу къалъытащ 443-р.

Иджыри IуэхущIапIэ куэдым къыщызэрагъэпэщакъым гу цIыкIум ис ныкъуэдыкъуэм папщIэ IэнатIэхэр. Къат куэду зэтет унэ псоми яIэкъым апхуэдэ сымаджэхэр зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэр.

2025 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу ныкъуэдыкъуи 177-рэ лэжьапIэншэу ятхауэ учетым щытщ. ЩыIэщ цIыхуищэм щIигъу зыгъэлажьэ IуэхущIапIэхэр, ауэ ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ IэнатIэ ямылъэу.

Уполномоченнэмрэ абы къалэ округхэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэмрэ щиIэ жылагъуэ дэIэпыкъуэгъухэмрэ, цIыхухэм лэжьапIэ къахуэзыгъуэт къулыкъухэм ящыгъуу ирагъэфIэкIуэн хуейщ ныкъуэдыкъуэхэм я гуащIэм дэхуэн IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыным, ахэр IэщIагъэхэм хуегъэджэжыным теухуауэ. Ныкъуэдыкъуэхэм я хуитыныгъэхэм теухуа программэхэр дгъэзащIэкIэрэ, дэ яужь дитынущ зи узыншагъэкIэ лэжьыгъэ гугъухэм пэмылъэщхэм къащхьэщыжыным, ахэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэща зэрыхъуми ди нэIэ тедгъэтынущ.

Уполномоченнэр 2025 гъэми жыджэру ядэлэжьэнущ Ныкъуэдыкъуэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм, Нэфхэм, зи тхьэкIумэхэм зэхамыххэм я Урысейпсо зэгухьэныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щаIэ къудамэхэм, «Афганистаным, нэгъуэщI зауэ зэпэщIэтыныгъэхэм я ветеранхэм я зэгухьэныгъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм, нэгъуэщIхэми.

ЩIалэгъуалэм я хуитыныгъэхэр хъумэныр

ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэм къыщхьэщыжхэм илъэс куэд хъуауэ я къалэн нэхъыщхьэу къалъытэ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я хуитыныгъэхэр хъумэныр.

ЩIалэгъуалэм я хуитыныгъэр, хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэр хъумэныр нэхъри егъэфIэкIуэным гулъытэшхуэ хуэщI УФ-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ Москальковэ Т. Н. Абы и жэрдэмкIэ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ «ЩIалэгъуалэ политикэм теухуауэ» Къэрал хабзэм, къапщтэмэ, IупщIу убзыхуауэ абы иратхащ щIалэгъуалэр хабзэхэм хуегъэджэным, абыхэм социально-психологие дэIэпыкъуныгъэ етыным, щIалэгъуалэ политикэр пхыгъэкIыным хуэгъэпса щIалэгъуалэ центр къызэгъэпэщыным фIагъыу къишэнум, 5 - 8-нэ классхэм щIэсхэм ирагъэдж «Обществознание» предметым «ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэн» Iыхьэр хэгъэхьауэ зегъэубгъуным. Урысей уполномоченнэхэм я ЗэзыгъэуIу советым къыщаIта чэнджэщхэм къыщыхалъхьащ волонтёр зэщIэхъееныгъэр, щIалэгъуалэ советхэм я лэжьыгъэр ядэIыгъыныр, щIалэгъуалэм нэхъ быдэу япыщIауэ щытын папщIэ интернет-Iэмалхэр къэгъэсэбэпыныр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къытщIэхъуэ щIэблэм я хуитыныгъэхэр хъумэныр, щIэныгъэфI зрагъэгъуэтыныр, улахуэфI къыщахь лэжьапIэ IэнатIэ яIэныр зи къалэн нэхъыщхьэу щытыр властым и органхэм я закъуэкъым, атIэ граждан жылагъуэм и институт нэхъыщхьэхэми я нэIэ тетщ а Iуэхухэм. Уполномоченнэри хэтщ абы ехьэлIа жэрдэмыщIэхэр пхыгъэкIын Iуэхум, абы щыщщ республикэм и зыхуэфащэ министерствэхэм я лэжьыгъэм зэрыхэIэыпылъыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, илъэс 18 - 25 ныбжьхэм къриубыдэу курыт IэщIагъэ е щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэхэр икIи IэщIагъэм зэрыхуеджам щыхьэт техъуэ тхылъыр къызэрыратыжрэ илъэс хъуауэ IэнатIэ зымыгъуэтхэр пIалъэкIэ лэжьапIэ къызэгъэпэщыным теухуа Iуэхутхьэбзэ хуащIащ цIыхуи 130-м, 2024 гъэм я мурадам (цIыхуи 128-рэ) тету, ар зыхуагъэувыжа къалэным и проценти 101,6-рэ мэхъу.

ЕщIагъэм хурагъэджэну, IэщIагъэщIэ ирагъэгъуэтыну 2024 гъэм ягъэкIуащ лэжьапIэншэ цIыхуи 108-рэ, а илъэсым я мурадам хуэдиз.

2024 гъэм зэраубзыхуам тету, цIыхухэм езыхэр зыхуей IэщIагъэхэм хуегъэджэным, IэнатIэ къахуэгъуэтыным, IэщIагъэщIэ зрагъэгъуэтыным хуэгъэза къэрал Iуэхутхьэбзэ цIыху мини 6,2-м хуащIащ (я мурада 5850-м и пIэкIэ). Къапщтэм пIалъэм къриубыдэу ар проценти 106,3-рэ хъуащ.

IэщIагъэ къыхахыным хуэгъэзауэ илъэс къэс ирагъэкIуэкI акцэм хэтащ курыт щIэныгъэ щрат IуэхущIапIэхэм щеджэ ныбжьыщIэ мини 3,8-м нэблагъэ.

2024 гъэм къриубыдэу психологие дэIэпыкъуныгъэ иратащ лэжьапIэншэу 879-м, 2024 гъэм зыдэлэжьэну я мурада цIыху 789-м и пIэкIэ (проценти 114,5-рэ).

ЛэжьапIэ езыхэм къалъыхъуэным и хабзэхэм 2024 гъэм хурагъаджащ, чэнджэщхэр иратащ IэнатIэншэ цIыху 874-м (768-м и пIэкIэ). Ар къалэну зыхуагъэувыжауэ щытам проценти 113,8-кIэ хуокIуэ.

2024 гъэм гулъытэшхуэ хуащIащ 6 - 11-нэ классхэм щIэсхэм IэщIагъэ къыхахыным егъэгупсысынымкIэ, хуэунэтIынымкIэ, абыхэм сабий зеиншэхэр, адэ-анэм я нэIэм щIэмытыжу къэнахэр, сабий ныкъуэдыкъуэхэр, зи узыншагъэкIэ сэкъат зиIэхэр яхэту. Апхуэдэ Iуэхухэм къызэщIрагъэубыдащ ныбжьыщIэ 32909-рэ, абыхэм ящыщу 495-м IэнатIэ иратащ.

Зи ныбжьыр илъэс 14-м къыщыщIэдзауэ 18 хъухэр я еджэным къыщыдэхуэ зэманым гъэлэжьэным щIэгъэкъуэн хуэхъун Iуэхум хыхьэу, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я Урысейпсо жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэри хэту, зэгурыIуэныгъэу 6 зэращIылIащ.

А лэжьыгъэм хыхьэу ягъэзэщIащ щIыналъэ проектхэу: «Хэкупсэ гъэмахуэ», «УкъыщIалъхуа щIыпIэм сэбэпи ущохъу!» форум-экскурсиер, «Про.Ток» проектыр (IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зыщрагъэплъыхьу), «ТрудКрут» проектыр, щрагъаджэ семинархэр тест лэжьыгъэхэр, зыгъэсэныгъэхэр, мастер-классхэр, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри къызэрагъэпэщащ. А унэтIыныгъэхэм хэтащ ныбжьыщIэ 4858-рэ, абыхэм ящыщу 107-р лэжьапIэ къащтащ.

ЩхьэрыутIыпщу дэт, хабзэм ебакъуэ ныбжьыщIэхэм якIэлъыплъынымкIэ IуэхущIапIэхэм я нэIэ щIэт, зыщIыпIи щемыджэ икIи мылажьэ, балигъыпIэ имыхуахэм ядэлэжьащ, цIыху 821-рэ къызэщIаубыдэу, абыхэм ящыщуи цIыху 238-м IэнатIэ иратащ. Гъэгу цIэнтхъуэрыгъуэ теувахэм е гъащIэм щытыкIэ гугъу иригъэувахэм щхьэхуэу ядэлэжьэным, абыхэм гъэсакIуэхэр егъэбыдылIэным теухуа Iуэхур ирагъэфIакIуэ. Абыхэм папщIэ мастер-классхэр ирагъэкIуэкI, республикэм и IуэхущIапIэхэм яшэурэ я лэжьэкIэхэм щыгъэзэ ящI.

Зи ныбжьыр илъэс 30 иримыкъуа IэнатIэншэ щIалэгъуалэ 26-рэ лэжьапIэ ягъэуващ мыпхуэдэ IуэхущIапIэхэм: щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэ Джатэгъэжь А. М. и деж, «Карданов и Компания» ООО-м, КъБР-м пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и къэрал управленэм, мыпхуэдэ IэщIагъэхэмкIэ: щхъуантIагъэр зыгъэкI, оператор, кьащхуу кърахьэха хьэпшыпхэр зейхэм щратыж щIыпIэм и лэжьакIуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министервэр, къыщыIэупщIэхэм IэнатIэ къахуэгъуэтынымкIэ центрхэр, «Урысейм щыIэ лэжьапIэ IэнатIэхэр» бжыгъэрылъэнэ платформэм ипкъ иткIэ цIыхухэр IэщIагъэхэм хурагъэджэным яужь итщ.

2024 гъэм цIыхухэм IэнатIэ къахуэгъуэтынымкIэ IуэхущIапIэхэм щапщытыкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьапIэ щызытхэм цIыхухэр хэхауэ IэщIагъэ пыухыкIам хуегъэджэжыным теухуауэ къыхалъхьа жэрдэм 230-рэ.

ЩIалэгъуалэ политикэр пхыгъэкIынымкIэ иужьрей зэманым мыхьэнэшхуэ яIэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм, ЩIалэгъуалэ правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм. Абыхэм я лэжьыгъэр Уполномоченнэм жыджэру ядеIыгъ. Дэ дыхэтщ цIыху куэд къызрихьэлIэ жылагъуэ Iуэхухэу «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» Урысейпсо зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къызэригъэпэщхэм. Къапщтэмэ, Уполномоченнэр хэтащ ар къызэгъэпэщынымрэ лъэ быдэкIэ увынымрэ, мы зэманым абыхэм я унэтIакIуэщ.

«Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» къудамэм зэгурыIуэныгъэ етщIылIащ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я хуитыныгъэхэр хъумэным пыщIа Iуэхухэмкlэ. ЗэщIэхъееныгъэр цIэрыIуэ хъуащ икIи республикэм ис щIалэгъуалэм я сэбэп зыхэлъхэр пхыгъэкIыным толажьэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр жыджэру къыщызэрагъэпэщ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр щылэжьэным хуэщIа лъабжьэ. Апхуэдэу, муниципальнэ зэгухьэныгъэ псоми яIэ хъуащ щIалэгъуалэ центрхэр. Абыхэм ныбжьыщIэхэм къащыдэIэпыкъуфынущ я хуитыныгъэхэр, я сэбэп зыхэлъхэр яхъумэнымкIэ, лэжьапIэ яIэнымкIэ, унагъуэщIэхэм, щIалэгъуалэ зэчиифIэхэм, еджэным, лэжьэным, щIэныгъэм къащыхуэсэбэпыну IэщIагъэхэр зрагъэгъуэтыным хуэщхьэпэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм экономикэ, социальнэ, правовой щытыкIэхэр къахузэгъэпэщынымкIэ щIэгъэкъуэн щахуохъу.

Уполномоченнэхэм я Урысейпсо ЗэзыгъэуIу советым и чэнджэщхэм тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щIалэгъуалэ политикэр щыгъэзэщIэным жыджэру яужь щитын хуейщ, щIалэгъуалэм я хуитыныгъэхэр къащыхузэгъэпэщыпхъэщ, ахэр къыщызэпауд къэхъумэ, зэфIэгъэувэжын хуейщ.

Властым и къэрал, муниципальнэ органхэм, граждан жылагъуэм и институтхэм, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм ящIыгъуу Уполномоченнэр хэтынущ къалэн нэхъыщхьэр гъэзэщIэным: щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным, Хэкум хуэпэжу, къыддекIуэкI хабзэфIхэр игъэлъапIэу, дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэм зыщIагъакъуэу.

Абы папщIэ:

Республикэм и щIалэгъуалэр Урысейм и адрей щIыналъэхэм щыщ я ныбжьэгъухэм быдэу япыщIауэ щытыным хуэгъэза Iуэхухэр дэIыгъыпхъэщ;

щIалэгъуалэм я хуитыныгъэхэр нэсу хъума хъун папщIэ къэрал властым и органхэм, хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм, граждан жылагъуэм и институтхэм быдэу япыщIауэ ядэлэжьапхъэщ;

щытыкIэ гугъу къихута щIалэгъуалэм, ныкъуэдыкъуэхэм, сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я нэIэм щIэмытыжу къэна сабийхэм я хуитыныгъэхэр хъумэн хуейщ;

волонтёр, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм ящIыгъуу пыщэн хуейщ къагъэлэпхъуа цIыхухэм, СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщыным теухуа лэжьыгъэм.

ЩIалэгъуалэ политикэр гъэзэщIэным ипкъ иткIэ, ныбжьыщIэхэм я хуитыныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ къащхьэщыжын мурадкIэ, Уполномоченнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и властым и къэрал, муниципальнэ органхэм мыпхуэдэ чэнджэщхэр ярет:

щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм мылъкукIи къызэгъэпэщыныгъэ и лъэныкъуэкIи защIэгъэкъуэн, абыхэм я творческэ зэфIэкIхэр къызыкъуахынымкIэ, ахэр гъащIэм хапщэнымкIэ;

ныбжьыщIэхэм къыхаха IэщIагъэмкIэ лэжьапIэ яIэнымкIэ, щIалэгъуалэр социально-экнономикэ и лъэныкъуэкIэ дэIыгъыным гулъытэ хэха хуэщIыным, абыхэм ипотекэ программэри, я еджэнми зэрыхудачых кредитхэр къыщагъэсэбэпынымкIэ иджыри лэжьыпхъэхэр зэфIэгъэкIын;

сабий зеиншэхэр, адэ-анэм я нэIэм щIэмытыжу къэна сабийхэм, тезырхэр щрагъэпшыныж щIыпIэхэм къикIыжа нэужь псэупIэхэр къахуэщэхуным текIуэдэну ахъшэр къагъуэтыну.

Нэхъапэми хуэдэу, дэ гулъытэ хэха хуэтщIынущ щIалэгъуалэр терроризмэм, экстремизмэм я идеологием щыхъумэным, мыбдежым унагъуэхэм, школхэм, курыт IэщIагъэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм ядэлэжьэным, дин зэхьэкIар, экстремизмэр ди жылагъуэм къыхыхьэнкIэ Iэмал емытыным нэхъ щытедгъэщIэнущ.

Еблан Iыхьэ

Хабзэхъумэ, суд органхэм я лэжьыгъэм цIыхухэм я хуитыныгъэхэм щытетыныр къызэгъэпэщыныр

Уполномоченнэр цIыхум и хуитыныгъэхэр хъума, и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэща хъун папщIэ, IуэхуфIхэр къыдэкIуэу ядолажьэ республикэм и хабзэхъумэ, суд органхэм. Лэжьыгъэр ирегъэкIуэкI щыIэ законодательствэм, зэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэм тету.

Зи гугъу тщIы IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм гулъытэ хуащI Уполномоченнэм абыхэм зэрызахуигъэзэ Iуэхухэм. Нэхъ быдэу япыщIауэ, нэхъ жыджэру ядолажьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм, Урысей ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм, Суд приставхэм я къулыкъущIапIэм.

Илъэс кIуам Уполномоченнэм зэрызыкъыхуагъэзахэм я нэхъыбэр ехьэлIащ языныкъуэ къулыкъущIэхэр тэмэму зэрымылажьэм, Iуэхухэр зэхэгъэкIыныр кIыхьлIыхь зэращIым, къэхъуар тэмэму убзыхуным теухуа зыхуэфащэ Iуэхухэр ирамыгъэкIуэкIыу, хабзэр къызэпауду, уголовнэ Iуэхум теухуа унафэхэр къызэращтэм.

Апхуэдэ ныкъусаныгъэхэм Уполномоченнэм мызэ-мытIэу гу лъаригъэтащ кIэлъыплъакIуэ прокурорхэм, «Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ уполномоченнэхэм ятеухуауэ» Къэрал хабзэ №48-ФЗ-м, 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къащтам, и 1-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм кърит хуитыныгъэхэр жыджэру къигъэсэбэпащ, цIыхум и хуитыныгъэ къызэпаудахэр зэфIигъэувэжын папщIэ.

Уполномоченнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэр, Урысейм и ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэмрэ Суд приставхэм я къэрал къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэмрэ ящIыгъуу хузэфIэкIащ республикэм и цIыхубэм я хуитыныгъэхэр екуэкуншэу къызэпаудыныр къимыгъэхъуныр.

Iуэхур зэхэзыгъэкIхэмрэ суд органхэмрэ я лэжьыгъэм (е тэмэму зэрымылажьэм) теухуауэ Уполномоченнэм 2024 гъэм къыIэрыхьа тхьэусыхафэхэр процент 57,5-кIэ ехащ икIи 19 (2023 гъэм - 33-рэ) хъуащ. Абыхэм ящыщу 5-р Iуэхур кIыхьлIыхь зэращIамрэ следствиемрэ дознаниемрэ лъабжьэ зимыIэ унафэхэр къызэращтамрэ теухуат, 9-м зыкъыхуагъэзат суд унафэхэмкIэ мыарэзыуэ икIи абыхэм ятеухуауэ тхьэусыхэжынымкIэ къелъэIурт, 1-р хабзэншагъэкIэ къызэрыхагъэзэхьым теухуат.

Апхуэдэу, Бахъсэн щIыналъэм щыщ Т. Уполномоченнэр щыIущIам цIыхубзым къыжриIащ, и щхьэгъусэ М. уголовнэ IуэхукIэ лъабжьэншэу къызэрырахуэкIыр, ар дзэ частым къыдэкIа хуэдэу.

И щхьэгъусэм щIэпхъаджагъэ лъэпкъ илэжьынкIэ Iэмал иIакъым, сыту жыпIэмэ, и дзэ частыр здэщыIэ Ингуш Республикэм, Донецкэ ЦIыхубэ Республикэм зэпымыууэ и къулыкъур щрихьэкIащ е уIэгъэ зэрыхъуам къыхэкIыу дзэ госпиталхэм щIэлъащ.

Уполномоченнэр цIыхубзым дэIэпыкъуащ и щхьэгъусэр къыщIагъэкъуаншэ Iуэхум иIэ лъабжьэм, хабзэм къигъэувым теухуауэ дзэ прокурорым жэуап къритыжынымкIэ.

Суд унафэкIэ ягъэтIыса Т., зи къуаншагъэр Тэтэрстан Республикэм зыщрагъэпшыныжым, и тхьэусыхафэм ипкъ иткIэ Уполномоченнэм Краснодар крайм и прокурорым зыхуигъэзащ, С. цIыхубзым хабзэр къызэрызэпиудам, Т. и паспортри зэридыгъуам теухуауэ уголовнэ Iуэху къаIэтыну иужьрейм Урысей МВД-м Краснодар къалэм щиIэ Управленэм и лэжьакIуэхэм зэрызахуигъэзар уэим зэращIам и пэжыпIэр зэхигъэкIыну.

Уполномоченнэр зыщIэупщIам и жэуапу, Краснодар къалэм и Прикубанскэ административнэ округым и прокурорым и къалэнхэр зыгъэзащIэм жэуап зэпкърыха къыхуигъэхьыжащ къэтхьэусыхам жыхуиIэ Iуэхухэм набдзэгубдзаплъэу зэрыхэплъам теухуауэ.

Жьы хъуахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ щапIыжу Налшык къалэм дэт унэ-интернатым щыIэ К. зыкъытхуигъэзащ и фэтэрыр, лъыкIэ къыгуэмыхьэ и дэлъхум хьэгъэщагъэ зэрихьэу зыIэригъэхьэу езым имыщIэу ищар, къратыжынымкIэ дыдэIэпыкъуну. ЩыIэ хабзэм тету, Уполномоченнэм К. и тхыгъэр Налшык къалэм и прокурорым хуигъэхьащ, абы итхэр зэхигъэкIын папщIэ. Уполномоченнэмрэ абы и аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ цIыхубзым етIуанэу щыхуэзам абы дэIэпыкъуащ Урысейм и Налшык къалэ УМВД-м и участковэ уполномоченнэм лъабжьэ зимыIэ унафэ къызэрищтам теухуа тхьэусыхафэмкIэ Налшык къалэм и прокурорым зэрызыхуигъэзэ тхылъыр игъэхьэзырынымкIэ.

Налшык къалэм щыщ Ж. зыкъыхуигъэзащ Уполномоченнэм. Абы зэрыжиIэмкIэ, Урысей УМВД-м Налшык къалэ округым щыIэ и полицэ къудамэ №1-м и лэжьакIуэхэм захуигъэзат, и унагъуэм и мылъкум ехьэлIа хьэгъэщагъэхэр зэрызэрихьам къыхэкIыу А. уголовнэ жэуапым ешэлIэным теухуауи, хабзэхъумэхэм ар къафIэIуэхуакъым. Уполномоченнэм а тхыгъэри Налшык къалэм и прокурорым хуигъэхьащ. Налшык къалэм и прокурорым и къуэдзэм къигъэхьыжа жэуапым къызэрыхэщымкIэ, тхьэусыха цIыхубзым жиIахэр пэжт, полицэм и лэжьакIуэ Iуэхур тэмэму зэхэзымыгъэкIахэр жэуапым ирашэлIащ, тхьэусыхафэм зэрызахуигъэзахэм щыщ Iыхьэхэр цIыхубзым хуащIащ.

Езым къехьэлIауэ хабзэр полицэм и лэжьакIуэхэм къызэпаудауэ къэзылъытэ, Санкт-Петербург къалэм щыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щаубыду административнэ жэуапым ирашэлIа Б. Уполномоченнэм къыхуигъэхьа тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуахэр адэкIэ зэхагъэкIын папщIэ Iэрагъэхьащ Урысей Федерацэм СледствиемкIэ и комитетым СледствиемкIэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым.

Шэджэм щIыналъэм щыпсэу Ш. IущIа нэужь Уполномоченнэм ар хуигъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и лэжьакIуэм. Закъыхуэзыгъэзар тхьэусыхэрт, Урысей МВД-м Налшык къалэм щыIэ и СУ-м и следователхэм езым и фэтэрыр хабзэншагъэкIэ тезыхам теухуа Iуэхур кIыхьлIыхь зэращIым къыхэкIыу.

ТутнакъэщхэмкъикIа зэрызыкъыхуагъазэхэр, ягъэтIысахэр зэрагъэкъуаншэхэмкIэ, щхьэхуимыту яIыгъыну хуагъэува пIалъэхэмкIэ зэрымыарэзыр къыщагъэлъагъуэр, апелляцэ, кассацэ тхьэусыхафэхэр зэратхыну щIыкIэр гурагъэIуэну, уголовнэ Iуэхухэм ятеухуа нэгъуэщIхэмкIи къеупщIу къыхуагъэхьахэр Уполномоченнэм зэфIигъэкIащ, абыхэм зыхуэфащэ чэнджэщхэр хабзэм тету яритурэ.

2024 гъэм Уполномоченнэм цIыхухэм зэрызыкъыхуагъэзахэр зэпкърыпхыжа, апхуэдэуи хабзэхъумэ IэнатIэхэм къагъэхьыжахэм уахэплъэмэ, наIуэ мэхъу уголовнэ Iуэхухэр щызэпкърахкIэ абы хэтхэм я хуитыныгъэхэр нэхъ мащIэу къызэпауд зэрыхъуар.

Апхуэдэу 2023 - 2024 гъэхэм къэлъыхъуэныгъэ щрагъэкIуэкIым, Iуэхухэр щызэхагъэкIым цIыхухэм я хуитыныгъэхэр къызэрызэпаудам къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ МВД-м и лэжьакIуэхэр уголовнэ жэуапым зэи ирашэлIакъым.

Абы къыдэкIуэу, 2024 гъэм полицэм и лэжьакIуэхэм уголовнэ Iуэхухэр щызэхагъэкIым залымыгъэ, нэгъуэщI хыбзэншагъэ къыкIэлъызэрахьауэ цIыхуи 5 къэтхьэусыхауэ ятхащ (АППГ-23), абыхэм ящыщу тхыгъи 2-р УФ-м и УПК-м и 144-нэ, 145-нэ статьяхэм тету следователхэм хэплъэну хуагъэхьащ. Абыхэм хэплъа нэужь, тхьэусыхафэхэм къыщыгъэлъэгъуахэм лъабжьэ иIэу къагъуэтакъым.

Къыхэгъэщыпхъэщ «Урысей Федерацэм и цIыхухэр хэхауэ дзэм ираджэным теухуауэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2022 гъэм фокIадэм и 21-м къыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ дашахэм, дзэ Iуэху хэхам хэту къулыкъур езыхьэкIхэм, апхуэдэуи я унагъуэхэм я хуитыныгъэхэр къызэпаудауэ е абыхэм яхуэгъэзауэ щIэпхъаджагъэхэр ялэжьауэ Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым СледствиемкIэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм 2023 - 2024 гъэхэм апхуэдэ хъыбархэр къазэрыIэрымыхьар. Апхуэдэуи ДНР, ЛНР, Херсон, Запорожье областхэм кърагъэIэпхъуэкIахэми яхуэгъэзауэ хабзэхэр къызэпаудауэ ятхакъым.

СледствиемкIэ, дознаниемкIэ органхэм уголовнэ Iуэхухэр щызэхагъэкIым цIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ къызэрызэпаудам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судхэр уголовнэ Iуэхуи 6-м (АППГ-6) щыхэплъэм къыщIагъэща ныкъусаныгъэхэмкIэ хъыбар ирагъэщIащ хабзэхъумэ органхэм я зыхуэфащэ къудамэхэм я унафэщIхэм икIи дяпэкIэ апхуэдэ хабзэншагъэхэр къамыгъэхъунуи хуагъэлъэгъуащ.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм 2024 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа доклад

(КIэухыр. Пэщlэдзэр 1 - 3-нэ нап).

Аращи, статистикэм къигъэлъагъуэмрэ щапхъэхэмрэ зэпэплъытыжмэ, гурыlуэгъуэ мэхъу цlыхум и хуитыныгъэхэр хъумэн и лъэныкъуэкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм lуэхур иджыри фlы дыдэу зэрыщымытыр.

Прокурор, суд къулыкъущlапlэхэм щрагъэкlуэкlа, къэхуа щlэпхъаджагъэхэм ятеухуа lуэхухэр, хьыбархэр следствием дознанием [illegible] щlыгъуэжахэщ. Наркотикхэр хабзэр къызэпызыудахэм я [illegible] профилактикэ лэжьыгъэр, хьыбархэр [illegible] щlыгъуэ [illegible] хуейщ.

Еянэ Iыхьэ
Республикэм и тутнакъэщхэм щаIыгъхэм я хуитыныгъэхэр хъумэныр

Урысей Федерацэм и Конституцэм, Урысей Федерацэм и Уголовнэ-процессуальнэ кодексым, Урысей Федерацэм и Уголовнэ-гъэзэщlакlуэ кодексым, къэрал законхэмрэ нэгъуэщl мардэ актхэмрэ щысхьэ йоувэ цlыхум и щlыхьыр хъумэнымкlэ. Законым къегъэув зэрыхъумэр [illegible].

Аргуэру къыхэгъэщын хуейщ [illegible].

Урысей ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лэжьакlуэхэм я lуэхущlапlэхэм ятеухуауэ ФСИН-м и къудамэхэм, абыхэм нэгъуэщl [illegible] 2023 гъэм ильэсытауэ хъуащ - 93-у щытамэ, 161-м нэсащ.

Апхуэдэу а бжыгъэр нэхъыбэ щlэхъуэм и щхьэусыгъуэщ Уполномоченнэр, КъБР-м и ОНК-мрэ КъБР-м и прокуратурэмрэ я лlыкlуэхэр [illegible] ятеухуат. Зэрызыкъыхуагъэзахэм я нэхъыбэр я lыхьлыхэм яхуэзэну яlэ хуитыныгъэр, электроннэ, мобильнэ lэмэпсымэхэр къэрагъэгъэсэбэпыным, ягъэпэжэным е къытральхьа къуэдыр трахыжыным, нэхъ пасэу къаутlыпщыжыным е и тезырыр нэхъ щабэкlэ хузэрахъуэкlыным теухуат.

А псоми къахэдгъэщ гулъытэ нэхъыбэ зыхуэдlауэ зэпкърыхыпхъэхэм ящыщу къэтлъытащ медицинэ и лъэныкъуэкlэ щlыпlэхэм щыlэ щытыкlэр мыщlагъуэу (24-рэ), тутнакъэщхэм я лэжьакlуэхэр щхьэхуимыту яlыгъэхэм захуагъэр и лъабжьэу къахущымыту зэрыжаlэр зэхэгъэкlыныр (54-рэ).

Тутнакъэщхэм кlуэурэ абы исхэм зэрахуэзам ипкъ иткlэ, Уполномоченнэмрэ абы и аппаратым и лэжьакlуэхэмрэ я гъэкъуэншахэм я хуитыныгъэхэр суд щекlуэкlкlэ хъумэным, абы ехьэлlа дэфтэрхэр, ахэр зэрызэхалъхьа щlыкlэр кърагъэлъагъуным теухуа юридическэ дэlэпыкъуныгъэ етыным пыщlа lуэхухэр зэфlагъэкlащ. Зи суд ящlахэм, абыхэм я унагъуэхэм исхэм, я узыхэм я тхьэусыхафэхэм япкъ иткlэ lуэхур аргуэру зэхагъэкlыжын хуей хъумэ, ахэр хабзэхъумэ lэнатlэхэм хуагъэхьыжащ, иджыри зэ хэплъэжыну чэнджэщ ирату.

Тезыр зытралъхьахэм я тхьэусыхафэхэм Уполномоченнэр и нэхъыбапlэкlэ хэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ палатэм, Жылагъуэ кlэлъыплъакlуэ комиссэм я лlыкlуэхэм, Урысей ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм и къудамэхэм я унафэщlхэм ящlыгъуу.

Цlыхухэр щхьэхуимыту щаlыгъ щlыпlэхэм щыlэхэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэща хъун и лъэныкъуэкlэ зэдэлэжьэн папщlэ Уполномоченнэм 2024 гъэми къыпищащ Урысей ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм ирищlылlа Зэгурыlуэныгъэм.

2024 гъэм Уполномоченнэмрэ абы и аппаратым и лэжьакlуэхэмрэ, республикэм и Жылагъуэ кlэлъыплъакlуэ комиссэмрэ прокуратурэмрэ я лlыкlуэхэр ящlыгъуу, 22-рэ щыlащ цlыхухэр щхьэхуимыту щаlыгъ щlыпlэхэм. 2024 гъэм мазаем и 20-м, накъыгъэм и 24-м, мэкъуауэгъуэм и 19-м, фокlадэм и 18-м Уполномоченнэмрэ абы и аппаратым и лэжьакlуэхэмрэ КъБР-м и прокуратурэмрэ КъБР-м и ОНК-мрэ я лэжьакlуэхэр ящlыгъуу къапщытащ цlыхухэр щхьэхуимыту щаlыгъ щlыпlэхэм, хэхауэ къэбгъэлъагъуэмэ, Урысейм и УМВД-м и ИВС-м и унэу Налшык къалэм дэтымрэ КъБР-м щыlэ МВД-м цlыхухэр зрашалlэ и унэ хэхамрэ, ис цlыхухэм я хуитыныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщыр.

Урысей ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыlэм и СИЗО-1-м ис, зи lуэхур зэхагъэкl Т. 2024 гъэм мазаем тхьэусыхафэкlэ зыкъытхуигъэзащ абы хуащlэ медицинэ lуэхутхьэбзэм и фlагъым арэзы темыхъуэу. Уполномоченнэм КъБР-м и прокуратурэм и лэжьакlуэр щlыгъуу зэхигъэкlащ цlыхубзым пlалъэ кlыхькlэ дохутыр-терапевт къеплъыну lэмал зэримыlам теухуа тхьэусыхафэр и пэжыпlэр. Уполномоченнэм lуэхум хэlэба нэужь зи lуэхур зэхагъэкl Т. аргуэру тхыгъэ къитхащ зыхуэныкъуэ дэlэпыкъуныгъэр къызэрыратар иту икlи фlыщlэ къытхуищlу.

ЯгъэтlысахэуТ., М. сыми зыхуэфащэ медицинэ дэlэпыкъуныгъэ зэрамыгъуэтым теухуа я тхьэусыхафэр, КъБР-м щыlэ УФСИН-м и ИК-1-мрэ ИК-3-мрэ ягъэхьар, Уполномоченнэм Урысей ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм и унафэщlым хуигъэхьащ абыхэм хэплъэу lуэхур зэхигъэкlын папщlэ. Тхьэусыхафитlым Управленэм и унафэщlхэм псынщlэу унафэ тращlыхьащ икlи ягъэтlысахэм медицинэ дэlэпыкъуныгъэ иратыным теухуа lуэхур тэмэму хузэфlагъэкlащ.

Урысей ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм и СИЗО-1-м щаlыгъэм 2024 гъэм гъатхэпэм и щхьэкlэ щаlущlэм зи lуэхур зэхагъэкl С. цlыхубзыр Уполномоченнэм къелъэlуащ илъэсиплl хъу и къуэ Я. ягъэхъужынымкlэ къыдэlэпыкъуну. Щlалэ цlыкlум къыдалъхуауэ узыфэ зыбжанэ иlэт. Уполномоченнэм абы теухуауэ зыхуигъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкlэ и министр Къалэбатэ Р. М. Абы и унафэкlэ сабийр ягъэхъужын папщlэ РДКМЦ-м ягъэгъуэлъащ.

Суд унафэкlэ ягъэтlыса, Урысей ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм къуаншагъэр щагъэзэкlуэж ФКУ центрым щыlэ Н. и тхыгъэмкlэ Уполномоченнэм хьыбар къригъэщlащ lуэхущlапlэм и лэжьакlуэхэм езым ехьэлlауэ хабзэр къызэрызэпаудым, къуаншагъэ имылэжьауэ жэуапым зэрырашалlэм теухуауэ. А тхьэусыхафэр Уполномоченнэм хуигъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Хабаров Н. А., ягъэтlысам зи гугъу ищlхэр прокурорхэм зэхагъэкlыну елъэlуу. Ягъэтlыса Н. и lуэхум хэплъэри, республикэм и прокурорым жэуап зэпкърыха къыхуигъэхьыжащ Уполномоченнэм.

Уполномоченнэр щхьэхуэу зэлэжь унэтlыныгъэхэм ящыщщ хабзэм ебакъуэу ягъэтlысауэ кърэралым и нэгъуэщl щlыпlэхэм щаlыгъхэм зэрызыкъыхуагъэзахэм хэплъэныр.

Уполномоченнэм 2024 гъэм щlышылэм зыкъыхуигъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ, тралъхьа тезырыр Пензэ областым зыщрагъэхьыныжых Х. и тхьэусыхафэр. Абы и тхыгъэм къыщигъэлъагъуэрт lуэхущlапlэм и унафэщlхэм езым теухуауэ къащта унафэмкlэ, тутнакъ хабзэм зэрытрагъэувамкlэ зэрымыарэзыр. А тхьэусыхафэм дыхэплъащ цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэу Пензэ областым щыlэм щlыгъуу икlи езым теухуауэ къащта унафэм лъабжьэ зэриlэр къызыхэщ жэуап иратыжащ ягъэтlысам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Т., илэжьа къуаншагъэм щхьэкlэ Пермскэ крайм тутнакъыу щаlыгъым, Уполномоченнэм зыкъыхуигъэзащ дзэм къулыкъу зэрыщищlам щыхьэт техъуэ и тхылъыр къигъуэтыжынымкlэ е ар щlэрыщlэу къыдихыжынымкlэ дэlэпыкъуну. Ар зэрифlэкlуэда щlыкlэр езым ищlэжыртэкъым. Уполномоченнэм а lуэхур тэмэму хузэфlигъэкlащ къэлъэlуам.

Зи lуэхур зэхагъэкl Б., Урысей ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм и СИЗО-1-м щаlыгъым, Уполномоченнэм зыкъыхуигъэзащ, абы теухуа уголовнэ lуэху къызэрыlэтамкlэ зэрымыарэзыр, зэрагъэкъуаншэхэри зэхаджауэ къызэрилъытэр жиlэу икlи къелъэlурт захуагъэр и лъабжьэу и lуэхур зэхагъэкlынымкlэ дэlэпыкъуну. Уполномоченнэм зэрызахуигъэзам ипкъ иткlэ, прокуратурэм lуэхур зэхигъэкlыну яужь ихьащ икlи Урысейм и Следственнэ комитетым Следствиемкlэ и управленэу КъБР-м щыlэм пщэрылъ щащlащ тхыгъэм къыщыхьахэм я пэжыпlэр зэхигъэкlыну.

Уполномоченнэм и лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ дыдэ щызиlэхэм ящыщщ тутнакъэщхэм щаlыгъхэм медицинэ lуэхутхьэбзэхэр хуащlэнымкlэ яlэ хуитыныгъэхэр зэрыхуагъэзащlэм и нэlэ тригъэтыныр. Илъэс блэкlам Уполномоченнэм тхьэусыхафэрэ лъэlуу 3l-рэ къыlэрыхьащ, медицинэ дэlэпыкъуныгъэ тэмэм кърататынымкlэ щlэгъэкъуэн яхуэхъуну. А тхьэусыхафэхэм щыхэплъэм Уполномоченнэр быдэу япыщlауэ ядэлэжьащ суд унафэкlэ тезыр зытралъхьахэм ар щрагъэпшыныж къэрал lуэхущlапlэхэу ди щlыналъэм щыlэхэми, аппарат нэхъыщхьэми я унафэщlхэм.

Урысей ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм и коллегием и зэlущlэм Уполномоченнэм а lуэхущlапlэм и унафэщlхэмрэ зэхуэсым хэтхэмрэ гу щалъригъэтащ абы и медицинэ къудамэхэр дохутыр lэщlагъэлl зэмылlэужьыгъуэхэмкlэ ирикъуу къызэрызэмыгъэпэщам - ставкэ 11,5-рэ, дохутыр-хирург, дохутыр-анестезиолог, терапевт, узыфэ зэрыцlалэхэр зыпкърытхэм еlэзэ дохутыр зэрыхуэныкъуэм, къимыдэкlэ, медицинэ lэмэпсымэ псори (компьютер, малъхъэдис-резонанс томографхэр) зэрамыlэм. Абдежым къыщыхагъэщащ а ныкъуаныгъэхэм зыхуэфащэ дохутыр дэlэпыкъуныгъэ ягъуэтынми, абы Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и УФСИН-м и медицинэ lуэхущlапlэхэм хирургие операцэхэр щегъэкlуэкlынми пыщlа нэгъуэщl гугъуехьхэр къызэрашэр.

Щlэпхъаджагъэ ялэжьауэ шэч зыхуащlхэу, ягъэкъуаншэхэу, тезыр зытралъхьахэу Урысей ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм къегъэбыдылlа тутнакъэщхэм щаlыгъхэм я псэупlэкlэ, зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкlэ, медицинэ я лъэныкъуэкlэ къызэгъэпэщыным теухуа lуэхухэр Уполномоченнэм аргуэру къиlэтауэ щытащ абы Урысей УФСИН-м и комиссэм хэту инспектор къэпщытэныгъэхэр Урысей ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм щригъэкlуэкlыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и УФСИН-м и унафэщlу ягъэувам 2024 гъэм мазаем и 9-м, Урысейм и ФСИН-м и УИС-м и инспектор нэхъыщхьэ Виноградов Г. В. сымэ 2024 гъэм мэкъуауэгъуэм лэжьыгъэ lуэхукlэ щахуэзам щыгъуэ.

Къыхэгъэщын хуейщ иужьрей зэманым Урысей ФСИН-м и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм къегъэщlылlа медицинэ lуэхущlапlэхэм я лэжьыгъэр нэрылъагъуу зэрефlэкlуар абыхэм щаlыгъхэм дохутыр дэlэпыкъуныгъэ ягъуэтынымрэ хущхъуэхэмкlэ къызэгъэпэщынымрэ я лъэныкъуэкlэ.

Республикэм и прокуратурэм къызэритамкlэ, 2024 гъэм нэхъ мащlэ хъуащ нэхъапэм хабзэм ебакъуэу суд зытращlыхьауэ уголовнэ-гъэзэщlакlуэ инспекцэхэм я учетым щытхэм ящыщу къытрагъэзэжу щlэпхъаджагъэ зылэжьхэм я бжыгъэр - 157-м и пlэкlэ 139-рэ, административнэ кlэлъыплъыныгъэм щlэтхэр 83-рэ хъууэ щытамэ, иджы 80-м нэсащ. Апхуэдэуи шэч зыхуащlхэр я lуэхур зэхагъэкlыхукlэ изоляторым щаlыгъхэм я бжыгъэми хэмыхъуэу щытщ.

2025 гъэм дэ унэтlыныгъэ псомкlи жыджэру дадэлэжьэнущ Урысей ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм и къудамэхэм.

Дэ къыпытщэнущ:

зи суд ящlахэм Уполномоченнэмрэ управленэм и унафэщlымрэ яlущlэным;

прокуратурэм, Жылагъуэ палатэм, ОНК-м, Урысей ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм я лlыкlуэхэр хэту мазищ къэс зэ лэжьыгъэ lуэхукlэ ирагъэкlуэкl зэlущlэхэм. Абыхэм щыхоплъэ шэч зыхуащlхэр, ягъэкъуаншэхэр, тезыр зытралъхьахэр щаlыгъ щlыпlэхэр зыхуэдэм, ахэр ерыскъыкlэ, медицинэ дэlэпыкъуныгъэкlэ къызэрызэрагъэпэщым щыгъуазэ зыщащl;

Уполномоченнэм и аппаратым и лэжьакlуэхэр хэту административнэ, хабзэр къызэпемыгъэудынымкlэ комиссэхэм Урысей ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм и колониехэм щрагъэкlуэкl, суд унафэкlэ тезыр зытралъхьахэр зэрагъэтlыса пlалъэр яхуэгъэмэщlауэ нэхъ пасэу тутнакъэщым къигъэкlыжыным, лъэхъуэщым щагъэкlуэн хуейуэ къахуэнэжа зэманыр нэхъ тыншкlэ яхузэхъуэкlыным щыхэплъэ зэlущlэхэм дяпэкlи хэтыныр;

щхьэхуимыту щаlыгъа щlыпlэхэм къикlыжахэр жылагъуэ псэукlэм хэзэгъэжынымкlэ защlэгъэкъуэным пыщlа lуэхухэр.

Сыт хуэдэ лэжьыгъэ ирамыгъэкlуэкlми, республикэм иджыри щыгугъущ хабзэм ебэкъуауэ щытахэр цlыхубэм я псэукlэм хэзэгъэжыным пыщlа lуэхухэр. Республикэм иджыри къыздэсым къыщызэрагъэпэщакъым а lуэхум хуэщlа социальнэ центр. А гугъуехьыр зэфlэгъэкlыным мыхьэнэшхуэ зэриlэр къэтлъытэри, Эксперт советым и зэlущlэ щхьэхуэ абы хухэтхащ, «Тутнакъэщхэм къикlыжу хуит хъужахэр гъащlэм хэзэгъэжыныр» фlэщыгъэр иlэу. А зэlущlэм доклад щищlу къыщыпсэлъащ Урысей ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм и унафэщl Демидов А. А.

КъБР-м щыlэ УФСИН-м къызэритамкlэ, 2024 гъэм уголовнэ-гъэзэщlакlуэ инспекцэр хэплъащ ягъэтlыса цlыху 4043-м я lуэхум, абыхэм ящыщу 3853-м хабзэхъумэхэм гурагъэlуащ я lуэхум нэхъ щабэу хэплъэным теухуауэ яlэ хуитыныгъэхэр къагъэсэбэпын папщlэ зыхуэфащэ lэнатlэм зыхуагъэзэну lэмал зэраlэр, «Урысей Федерацэм щыlэ пробацэм теухуауэ» Къэрал закон №10-ФЗ-м ипкъ иткlэ.

Социальнэ гъащlэм хэзэгъэжынымкlэ ядэlэпыкъуну щlэлъэlуу 2024 гъэм фокlадэм и 29-м ирихьэлlэу цlыху 94-м зыкъытхуагъэзащ.

Ягъэтlыса псоми ятеухуа lуэхухэр къудамэ зэмылlэужьыгъуэхэм ягъэхьащ абыхэм хэплъэн папщlэ.

Суд унафэкlэ ягъэтlыса цlыху 31-м ядэlэпыкъуащ 2024 гъэм, 4-м защlэбгъэкъуэным мыхьэнэ зэримыlэмкlэ унафэ къащтащ, зы цlыхум закъыхуигъэзащ пробацэм и хабзэхэм зэрахуэмыныкъуэм теухуауэ, 12-м апхуэдэ lэмалыр щхьэщахащ учетым зэрырахыжам къыхэкlыу, 9-м яхуэгъэзауэ унафэ къащтащ абыхэм ехьэлlауэ а хабзэр къамыгъэсэбэпыну, цlыху щхьэхуэхэм хуэгъэза программэм къыщыгъэлъэгъуахэр зэрамыгъэзэщlам къыхэкlыу.

Ди республикэм щынэхъ гугъу дыдэхэм ящыщщ терроризм, экстремизм щхьэусыгъуэкlэ ягъэтlысауэ щытахэр мамыр гъащlэм къыхэшэжыным теухуа lуэхухэр.

Мыбдежым къыщыхэгъэщын хуейщ терроризмэм, экстремизмэм ехьэлlа lуэхухэм къапыкlыным теухуа мурад зыщlа цlыхухэр мамыр псэукlэм хэзэгъэжынымкlэ ядэlэпыкъунымкlэ комиссэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и lэтащхьэм деж щыlэм мыхьэнэшхуэ зэриlэр (ар къыщызэрагъэпэща махуэм щегъэжьауэ Комиссэм хэтщ Уполномоченнэр). Ар псынщlэу хэплъащ хабзэм къарит lэмалыр къагъэсэбэпыну мурад зыщlа цlыхухэм зэрызыкъыхуагъэзахэм, нэхъапэм яlа пщlэр зрагъэгъуэтыжынымкlэ, мамыр гъащlэм хыхьэжыну хуейхэм я lуэхухэм. Абы и лъэныкъуэкlэ къагъэсэбэп lэмал, мардэ зэмылlэужьыгъуэхэр. Псом япэрауэ, граждан жылагъуэм и институтхэм щызэпальыта lуэху дэгъэкlыкlэр зэхэлъхьэн хуейщ, лъэпкъхэм, унагъуэхэм, къуажэхэм я нэхъыжьхэм, щlалэгъуалэ зэщlэхъееныгъэхэм я унафэщlхэм къыхахын хуейщ гъащlэ и пlалъэ зыщlэхэр, ныбжьыщlэхэм гъуазэ яхуэщlыпхъэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муслъымэнхэм я дин lуэхущlапlэри хэту къызэрагъэпэщ профилактикэ лэжьыгъэхэм япкъ иткlэ, хабзэм ебэкъуауэ щытахэм ядэlэпыкъу щlэныгъэ зрагъэгъуэтынымкlэ, лэжьапlэ lэнатlэ яlэнымкlэ. Апхуэдэ унагъуэхэм дыкlуэу ди хабзэщ, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щlэпхъаджагъэ хьэлъэу зэрыщытыр гурагъаlуэу. А лэжьыгъэм жыджэру къыхашэ хъыбарегъащlэ lуэхущlапlэхэри.

Къэрал законыр гъэзэщlэным зыщыхуагъэхьэзыркlэ къыкъуокl пробацэмкlэ центр къызэгъэпэщыным хуэгъэза къалэныр. Ар lуэхущlапlэ хэхащ, щхьэхуимыту яlыгъахэр щыlэу, пlалъэкlэ щыпсэууэ, зыщlэгупсысыжу.

Властым и муниципальнэ органхэмрэ цlыхухэм лэжьапlэ lэнатlэ етынымкlэ центрхэмрэ я лэжьыгъэм ухэплъэмэ, наlуэ мэхъу цlыхум и хьэл мыхъумыщlэхэр зыхинынымкlэ щадэlэпыкъу апхуэдэу центрхэмрэ пробацэхэмкlэ центрхэмрэ къызэрагъэпэщын хуэдэу муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм мылъку зэрабгъэдэмылъыр.

Зи лэжьыгъэр фейдэ къегъэщlыным пымыщlа lуэхущlапlэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, социальнэ lэнатlэм егъэбыдылlа, коммерцэм хэмыт lуэхущlапlэхэм, абыхэм диным хуэлажьэхэри яхэту, апхуэдэ цlыхухэм щадэlэпыкъу центрхэр къызэlуахыну хуит ещl «Урысей Федерацэм щыlэ пробацэм теухуауэ» Къэрал законым и мардэхэм.

Дэ адэкlи пытщэнущ а законым къигъэувхэр къызэрыдгъэсэбэпыфынум делэжьыным, апхуэдуи къэрал властым и республикэ органхэм сыт и лъэныкъуэкlи дадэlэпыкъунущ пробацэмкlэ центрхэр къызэlухыным теухуауэ, граждан жылагъуэм и институтхэр, абыхэм жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ фейдэм темылажьэхэмри яхэту, а лэжьыгъэм къыхэшэнымкlэ.

Дэ ди дежкlэ мыхьэнэшхуэ иlэщ щхьэхуимыту яlыгъа цlыхухэр къаутlыпщыжа нэужь ахэр гъащlэм хэзэгъэжыным хуэгъэзауэ Тэтэрстан республикэм, Красноярскэ крайм, Москва, Воронеж областхэм щызэтраухуа lуэху бгъэдыхьэкlэхэр къэдгъэсэбэпыным. Ресоциализацэм и центрхэр республикэм къыщызэгъэпэщыным хуэунэтlа жэрдэмхэмкlэ дэ зыхуэдгъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щlыналъэм и Уполномоченнэхэм я Зэзыгъэуlу советым и чэнджэщхэм тету, 2024 гъэм Магас щрагъэкlуэкlа зэlущlэм кърикlуахэм япкъ иткlэ, дэ пыдощэ щхьэхуимыту щаlыгъа щlыпlэхэм къикlыжахэм я хуитыныгъэхэр, абыхэм ахэр зэрызыхъумэ lэмалхэри яхэту, ягурыгъэlуэным теухуа лэжьыгъэхэм. Гулъытэ щхьэхуэ яхудощl балигъ мыхъуахэм, цlыхубзхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр хэплъэну къыхэлъхьэн хуейщ тутнакъэщхэм исахэр къаутlыпщыжа нэужь цlыхухэм яхэзэгъэжыным теухуа lуэхумрэ абы хуэщlа республикэ центр къызэlухыным пыщlамрэ.

А гугъуехьыр дэгъэкlа хъун папщlэ Уполномоченнэм Урысей ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм и лэжьакlуэхэм чэнджэщ ярет «Урысей Федерацэм щыlэ пробацэм теухуауэ» Къэрал законым къарит хуитыныгъэхэр нэсу къагъэсэбэпыну.

Республикэ властым и къэрал, муниципальнэ органхэм Уполномоченнэм чэнджэщ ярет щхьэхуимыту щаlыгъа щlыпlэхэм къикlыжа цlыхухэм зыщlагъэкъуэну, икlэщlыпlэкlэ зыхуэныкъуэ хъу социальнэ дэlэпыкъуныгъэ иратыну, апхуэдэ цlыхухэу щытыкlэ гугъум къихутахэр абы къикlа хъуным гулъытэ хуащlыну, апхуэдэуи зи щхьэ lуэху тэмэму зезымыхуэжыфу абыхэм яхэтхэм (ныкъуэдыкъуэхэм, тутнакъэщхэм щаlыгъахэм, унагъуэ мыхъумыщlэхэм къыщыхъу сабийхэм) папщlэ зэфlагъэкlыну lуэху хэхахэр яубзыхуну.

ЕбгъуанэIыхьэ
Властымрэ щIыпIэхэм унафэр щызыщIхэмрэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм зэрапыщIар

2024 гъэм Уполномоченнэм lэ тридзащ Къэрал статистикэмкlэ федеральнэ къулыкъущlапlэм и управленэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щlыналъэм щыlэм (2024 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м), Узыншагъэм кlэлъыплъынымкlэ къэрал къулыкъущlапlэм и щlыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм (2024 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м) ярищlылlа Зэгурыlуэныгъэхэм.

Сыхэтащ цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэхэмрэ СВО-м хэтхэм защlэгъэкъуэным хуэгъэпса «Хэкум и Хъумакlуэхэр» къэрал фондым и къудамэу Урысей Федерацэм и Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэхэм щылажьэхэм я унафэщlхэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лlыкlуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щlыналъэм щыlэм ядригъэкlуэкlа зэlущlэу 2024 гъэм шыщхьэуlум и 1-м Пятигорск къалэм щызэхэтам.

Урысей Федерацэм Цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ и уполномоченнэр Урысей Федерацэм Федерацэмкlэ и Советым, Къэрал Думэм, Президентым и Администрацэм, къэрал министерствэхэмрэ lуэхущlапlэхэмрэ быдэу япыщlауэ зэрыщытым и сэбэп къокl уполномоченнэхэм я лэжьыгъэм.

Цlыхум и хуитыныгъэхэм ятеухуа lуэхухэм Къэрал Думэм щыхэплъэныр хабзэфl мэхъу. Комитетхэм я зэlущlэхэм ирагъэблагъэ уполномоченнэхэр икlи абы жылагъуэ-политикэ мыхьэнэшхуэ иlэщ. Къыхэгъэщыпхъэщ, унафэхэр субъектхэм я унафэщlхэм зэрыхуагъэхьыжыр, аращи, уполномоченнэхэм я лэжьыгъэм хэлъ гугъуехьхэм гулъытэ ягъуэт.

Щапхъэ къэсхьынщ. 2024 гъэм екlуэкlащ Къэрал Думэм и комиссэхэм я зэlущlэ зэхэт. Абы къыщаlта чэнджэщхэр, Къэрал Думэм и Комитетым и унафэщl Тимофевэ О. В. и тхыгъэ щlыгъуу, щlыналъэхэм я унафэщlхэм хуагъэхьауэ щытащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и lэтащхьэм гу лъитащ Уполномоченнэм и аппаратым мылъкукlи лэжьакlуэкlи зыщlэгъэкъуэн зэрыхуейм теухуауэ комитетым ита чэнджэщхэм икlи зыхуэфащэхэм абыкlэ пщэрылъхэр яхуищlащ.

Комитетым и тхыгъэм lуэхуфl кърикlуащ - Уполномоченнэм иlэ хабзэубзыху хуитыныгъэр къигъэсэбэпри, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщыхилъхьащ «Цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным и lуэхукlэ» законым и проектыр икlи ар къащтащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и lэтащхьэм къытхуищlащ зы лэжьакlуэ къэтщтэным теухуа ди лъэlур. Абы дэ, фlыщlи хуэтщlу, щыдгъэгъуэзащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и Комитетым и унафэщl Москальковэ Т. Н.

2024 гъэми дэ пытщащ Цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыlэм быдэу дыпыщlауэ дыдэлэжьэнми. Псом хуэмыдэу ар наlуэ къэхъуащ дзэ lуэху хэхар щекlуэкlым. Къыхэгъэщын хуейщ Цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэу къэралым щыlэ Москальковэ Т. Н. иригъэкlуэкl, дзэм хэту хъыбарыншэу кlуэдахэр къэлъыхъуэжынымкlэ ахэр зейхэм ядэlэпыкъуным, гъэрхэмкlэ зэхъуэжэным хуэгъэза лэжьыгъэшхуэм щlыналъэхэм икъукlэ фlыщlэшхуэ зэрыхуащlыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ зауэлlхэр 2024 гъэм и шыщхьэуlум Украинэм гъэр щыхъуат, жыпlэнурамэ, абыхэм я нэхъыбапlэр дзэ къулыкъум ираджа сэлэт ныбжьыщlэхэрт. Украинэ нацистхэм гъэр хъуахэр зыхашэну яужь ихьащ. lэмалу щыlэр къагъэсэбэпурэ, Урысей властым и къэрал органхэм лъагъумыхъуныгъэ хуаlэным, сэлэтхэм я анэхэр, lыхьлыхэр унафэщlхэм япэщlэзыгъэувэ пэкlухэр къызэрагъэпэщыным къыхурагъэджэрт. Къэхъуащ ахэр абы къащехъулlаи. Абдежым къызэрагъэпэщащ гъэр хъуа сэлэтхэм я анэхэм я комитет. Япэщlыкlэ абыхэм ящыщ языныкъуэхэр кlий-гуоуэ, я lуэхур кlэлъэф ищl хуэдэу къэралыр ягъэкъуаншэу, я сабийхэр икlэщlыпlэкlэ гъэрэщым къэрашыжыну къагъэуву утыку къихьат. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и lэтащхьэри и щхьэкlэ къыдэlэпыкъуу, езыри хэту, Уполномоченнэм, КъБР-м Жылагъуэ шынагъуэншагъэмкlэ и советым и Секретарь Тату К. Б., КъБР-м и дзэ комиссариатым и лlыкlуэхэр ящlыгъуу куэдрэ яlущlащ анэхэм я комитетым хэтхэм, абыхэм епсэлъылlащ, абы къыдэкlуэу, къэрал, дунейпсо lуэхущlапlэхэм, къапщтэмэ, Дунейпсо Жор Плъыжьым, УФ-м Зыхъумэжыныгъэмкlэ и министерствэм и дзэ полицэм, дзэ прокуратурэм я унафэщlхэм, дзэ частхэм я командирхэм, икlи, зэрыгурыlуэгъуэщи, Цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыlэм зыхуагъэзащ. lуэхум Москальковэ Т. Н. псынщlэу къызэрыхыхьам и фlыгъэкlэ, цlыхубзхэм бзэ нэхъ къахуэдгъуэтащ, щытыкlэр къагурыдгъаlуэри, нэхъ зашыlэ хъуащ икlи зэдэлэжьэн щlэддзащ, абы ипкъ иткlэ Уполномоченнэр Анэхэм я комитетым хагъэхьащ. Куэдрэ дызыпэплъа, гъэрхэмкlэ зэхъуэжыныр ирагъэкlуэкlри, ди хэкуэгъу 14-м я щlыналъэм къагъэзэжащ. Москальковэ Т. Н. зэралъагъуу, сэлэтхэм я анэхэм я гум илъхэр яхуэгъэпщкlуакъым - Къэрал уполномоченнэм фlыщlэ, пщlэ зэрыхуащlыр жраlащ, ехъуэхъуащ.

Уполномоченнэр хэтащ Къэрал уполномоченнэм къызэригъэпэща Зэзыгъэуlу советхэм я зэхуэсу Москва, Мэхъэчкъалэ щекlуэкlахэм. Икъукlэ щхьэпэу щытащ уполномоченнэхэм щlыналъэхэм щрагъэкlуэкl лэжьыгъэхэм зыщыбгъэгъуэзэныр. Абыхэм къыщаlта чэнджэщхэм щытепсэлъыхьыжащ эксперт советым и зэхуэсхэм. Урысей Федерацэм щыlэ УППЧ-м и Зэзыгъэуlу советым къыхилъхьа чэнджэщхэр гъэзэщlа зэрыхъуну щlыкlэхэр республикэм щыдубзыхуащ.

Дэ икъукlэ жыджэру дэтlыгъащ Санкт-Петербург къалэм цlыхухэм я псэукlэр зыхуэдэр къэзыгъэлъагъуэ, ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэр, апхуэдэ щытыкlэхэм зэрызахъуэж щlыкlэхэм ятеухуа я lуэху щlэкlэр, апхуэдэуи Москва къалэм зи закъуэ псэухэу, ныкъуэдыкъуэхэу медицинэ lуэхущlапlэхэм къыщlатхыкlыжауэ социальнэ гулъытэ хуэныкъуэхэм медицинэ дэlэпыкъуныгъэ щрат къудамэхэр медицинэ lуэхущlапlэхэм егъэщlылlауэ къызэlухыным хуэгъэзауэ зэфlагъэкlхэр.

ЕпщIанэ Iыхьэ
Хамэ къэралхэм щыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым къакIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным хуэунэтIа лэжьыгъэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Курортхэмрэ туризмэмкlэ и министерствэм къызэритамкlэ, 2024 гъэм пlалъэкlэ здэщыlэ хъуну щlыпlэхэм егъэзыпlэ щагъуэтауэ щытащ цlыху 94-м. Ахэр я нэхъыбапlэкlэ Урысей Федерацэм и цlыхухэщ, Палестинэм кърашу Урысейм къагъэlэпхъуа хамэ къэрал цlыхухэщ.

Уполномоченнэм и аппаратым и лэжьакlуэхэр щэнейрэ кlуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэ МВД-м Нэгъуэщl къэралхэм щыщ цlыхухэм пlалъэкlэ егъэзыпlэ щагъуэт и центрым. Абыхэм къриубыдэу хамэ къэрал щыщ цlыху 84-м гурагъэlуащ lуэхущlапlэм щыlэным пыщlа хабзэхэр, езыхэм я хуитыныгъэр къыхузэрагъэпэщын папщlэ Уполномоченнэм, якlэлъыплъ прокурорым зэрызыхуагъэзэну щlыкlэхэр. Хамэ къэрал щыщхэм зэрызыкъыхуагъэзахэр хуагъэхьащ прокуратурэм и органхэм, дзэ комиссархэм, Урысей МВД-м и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм, Урысейм и УСПП-уэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм, властым и нэгъуэщl органхэм я унафэщlхэм, абыхэм щыхэплъэн папщlэ.

Палестинэ Автономием щыщ цlыху 55-м, «Налшык» курортымрэ «Маяк» санаторэмрэ щlагъэтlысхьахэм, и щхьэкlэ щаlущlам Уполномоченнэм абыхэм зыкъыхуагъэзат еджапlэ нэхъыщхьэхэм, курыт щlэныгъэ щрагъэгъуэт еджапlэхэм щlагъэтlысхьэнымкlэ, медицинэ дэlэпыкъуныгъэ кърататынымкlэ, lэпхъуэшапхъуэм и статусыр кърататынымкlэ защlигъэкъуэну, абы пыщlа дэфтэрхэр къыдэхыным пыщlа lуэхухэмкlэ чэнджэщ хуэныкъуэу, абыхэм я благъэрэ lыхьлыуэ Палестинэ щlыналъэм къинахэр Урысей Федерацэм къэгъэlэпхъуэным пыщlа lуэхухэм къыlэупщlыу.

Зэрызыкъыхуагъэза псоми ятеухуа lуэхухэр и чэзум зэфlагъэкlащ. Къапщтэмэ, Уполномоченнэм а lуэхухэмкlэ къыдэlэпыкъуну захуигъэзащ lэпхъуэшапхъуэхэм я lуэхухэмкlэ управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ цlыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкlэ къащхьэщыжынымкlэ и министерствэм, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэм, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкlэ и министерствэм, Урысей Федерацэм нэгъуэщl къэрал lуэхухэмкlэ и министерствэм и къулыкъущlапlэу Минеральные Воды къалэм щыlэм и унафэщlым, Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгухьэныгъэм хамэ къэралхэм щыпсэу зэхэкуэгъухэм я lуэхухэмкlэ, дунейпсо гуманитар зэдэлэжьэныгъэмкlэ и Агентствэм и унафэщlым.

ЕпщыкIуэзанэ Iыхьэ
Уполномоченнэр конференцхэм, семинархэм, советхэм я зэIущIэхэм, жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ нэгъуэщI Iуэхухэми зэрыхэтар

2024 гъэм щlышылэм и 8-м Уполномоченнэр хэтащ Балъкъэр щlыналъэр Урысей къэралыгъуэм зэрыхыхьэрэ илъэс 200 зэрырикъур гъэлъэпlэным, а махуэм и щlыхькlэ ящlыну ухуэныгъэм и Мывэр гъэтlылъыным теухуа lуэхухэм щытепсэлъыхьа зэlущlэм икlи 2024 гъэм щlышылэм и 13-м къыщыпсэлъащ Ленин В. И. и цlэр зезыхьэ проспектымрэ Лъостэн В. Ч. и цlэр зезыхьэ уэрамымрэ я зэпылъыпlэм деж хуэзэу а Мывэр щыгъэтlылъыным теухуауэ цlыху куэд кърихьэлlэу екlуэкlа пэкlум. 2024 гъэм хэтащ Унагъуэм и илъэсыр къызэрызэlуахым теухуа гуфlэгъуэ пшыхьу Макъамэ театрым щекlуэкlа гуфlэгъуэ пшыхьым. Абы къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и lэтащхьэ Кlуэкlуэ К. В.

2024 гъэм мазаем и 8-м хэтащ икlи къыщыпсэлъащ «Мэкъумэш lэнатlэм пыщlа иджырей щlэныгъэр: зи чэзу lуэхухэр, щыlэ ехъулlэныгъэхэмрэ щlэуэ lэнатlэм къыхыхьахэмрэ» дунейпсо щlэныгъэ-практикэ конференцым.

2024 гъэм мазаем и 15-м къыщыпсэлъащ советыдзэхэр Афганистаным къызэрырашыжрэ илъэс 35-рэ щрикъум ирихьэлlэу ирагъэкlуэкlа пэкlум.

2024 гъэм мазаем и 19-м, Урысей Федерацэм и Къэрал Советым и Комиссэм «Щlэныгъэ» унэтlыныгъэмкlэ и члену щыту, «РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щlэныгъэ центр» къэрал центрым и унафэщlым щlыгъуу, хэтащ Комиссэм и зэlущlэм икlи зытепсэлъыхь lуэхум теухуа чэнджэщхэр къыхилъхьащ.

2024 гъэм мазаем и 26 - 28-хэм хэтащ Москва областым щыщ Солнечногорск къалэм Урысей Федерацэм хыхьэ щlыналъэхэм цlыхухэм я хуитыныгъэхэмкlэ я уполномоченнэхэм щрагъэкlуэкlа Урысейпсо семинар-зэlущlэм.

2024 гъэм накъыгъэм и 29-м хэтащ къэрал антимонопольнэ къулыкъум и органхэм я щlыналъэзэхуаку семинар-зэlущlэм (Налшык къалэ).

2024 гъэм накъыгъэм и 20 - 23-хэм хэтащ зэзыгъэуlу советым къызэригъэпэща, «Зылъэlэсыгъуей жылэхэм, къуажэ жыжьэхэм щыпсэухэм я хуитыныгъэхэр» зи фlэщыгъэ зэlущlэу Мэхъэчкъалэ щрагъэкlуэкlам.

2024 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м езым и чэнджэщхэр къыщыхилъхьэу, «Урысей Федерацэм щыlэ пробацэм теухуауэ» Къэрал хабзэ №10-м, 2023 гъэм мазаем и 10-м къащтар гъэзэщlэным къигъэувхэр» зыфlища доклад нэхъыщхьэр ищlу къыщыпсэлъащ Урысей Федерацэм Цlыхухэм я хуитыныгъэхэмкlэ и уполномоченнэхэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щlыналъэхэм щыlэхэм я зэзыгъэуlу советым и зэlущlэу Магас къалэм щызэхэтам.

2024 гъэм къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ, ипхъу щыпкъэхэу Мечиев Кязим, Пащlэ Бэчмырзэ, Щоджэнцlыкlу Алий, Кlыщокъуэ Алим, Темыркъан Юрэ, Зумакуловэ Танзиля, Къашыргъэ Кlурацэ, Бер Мухьэдин сымэ я юбилейхэм иращlэкlа пшыхьхэм.

Чэнджэщхэр:

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лlыкlуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щlыналъэм щыlэ Чайкэ Ю. Я. гулъытэшхуэ хуещl УФ-м и щlыналъэхэм ящыщу КИФЩl-м хыхьэхэм цlыхухэм я хуитыныгъэхэр къыщызэгъэпэща хъуным. Дэ быдэу дыпыщlащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Васильченкэ Д. А. Абы къыдэкlуэу, нэхъ тэмэмт полномочнэ лlыкlуэр цlыхухэм я хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэу щlыналъэхэм щыlэхэм нэхъ щlэх-щlэхыу яlущlамэ, абыхэм уполномоченнэхэм цlыхум и хуитыныгъэхэр хъумэн и лъэныкъуэкlэ щыlэ щытыкlэм, зыlууэ гугъуехьхэм ар щыгъуазэ ящlу.

Дэ нэхъапэми жытlащ, иджыри къытедгъэзэжыну дыхуейщ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лlыкlуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щlыналъэм щыlэм и нэlэ щlэту екlуэкl зэlущlэхэм уполномоченнэхэр ирагъэблэгъэныр зэрытфlэигъуэр.

Зэ захуэдгъэзауэ щытащ хеящlэхэм я квалификацэ коллегиехэм цlыхухэм я хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэу щlыналъэхэм щыlэхэр хагъэхьэн lуэхум къэралым щыхэплъэну. Абы lэмал къитынущ цlыхухэм зэрызыкъытхуагъазэхэм нэхъ псынщlэу икlи нэхъыфlу хэплъэнымкlэ, унафи къыщаштэнымкlэ.

Апхуэдэу щхьэпэ хъунут, щlыналъэ lуэхущlапlэхэм зыхуэфащэ чэнджэщхэр иратамэ, псом хуэмыдэу хабзэхъумэ lэнатlэхэм, я унафэщlхэм илъэс блэкlам зэфlагъэкlахэм ятеухуа коллегиер щрагъэкlуэкlкlэ Уполномоченнэр ирагъэблэгъэныр. Дэ хьарзынэу дапыщlащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыlэ къэрал lэнатlэ куэдым, дызэрызэдэлэжьэнум теухуа Зэгурыlуэныгъэхэм lэ теддзащ, апхуэдэу щытми, ди зэпыщlэныгъэхэр къэралым къыддиlыгъамэ, ар нэхъ зэтеухуауэ щытынут, нэхъыщхьэращи, цlыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэн, жылагъуэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын lуэхум хуэщхьэпэнут.

Властым и къэрал, муниципальнэ органхэм мыпхуэдэ чэнджэщхэмкlэ захуэдгъэзэнут:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр илъэс къэс Докладым щыхэплъэкlэ, Уполномоченнэм къыхилъхьа чэнджэщхэр ягъэзэщlэныр зыхуэфащэ lуэхущlапlэхэм пщэрылъ ящищlу икlи а лэжьыгъэм кърикlуахэмкlэ хъыбар кърагъэщlэжу lуэхур зэтриухуэну. Уполномоченнэр быдэу пыщlауэ ядолажьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и lэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщlым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, министерствэхэмрэ lуэхущlапlэхэмрэ, абыхэм республикэм щыlэ къэрал lэнатlэхэри яхэту. Дэ къыкъуэкl гугъуехьхэм унафэ ятещlыхьыныр ди пщэ дэтхыжыркъым, ауэ ахэр зэфlэгъэкlа хъуным зыхуэфащэ органхэр къыхыхьэныр lэмалыншэу хъумэ, дэ а lуэхум хэплъэну абыхэм яхудогъэзь. Уполномоченнэм теухуа хабзэм тету, ахэр абы хоплъэ икlи къащта унафэр зыхуэдэм щыгъуазэ дащl.

Къапщтэмэ, Урысей Федерацэм Цlыхухэм я хуитыныгъэхэмкlэ я уполномоченнэхэм я Зэзыгъэуlу совету щlыналъэхэм щыlэм и зэlущlэ екlуэкlащ, абы советым къыщищтащ Уполномоченнэм и хуитыныгъэм къимыубыд чэнджэщхэр, ауэ хэкlыпlэр къэгъуэтын хуейт. Дэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl Мусуков А. Тl. зыхуэдгъэзащ мыпхуэдэ жэрдэмхэмкlэ:

щlыналъэхэм щыlэ суд районхэу зэман кlыхь хъуауэ уэчылу щыlэм я бжыгъэр «Урысей Федерацэм уэчылхэм я лэжьыгъэр къызэрыщызэгъэпэщам и lуэхукlэ» 2002 гъэм накъыгъэм и 31-м къыдагъэкlа ФЗ №63 Къэрал хабзэм и 24-нэ статьям и 1-нэ пунктым къыщыгъэлъэгъуа мардэм нэхърэ щынэхъ мащlэхэм юридическэ чэнджэщхэр щрат щlыпlэхэр къыщызэlухыным теухуа lуэхум хэплъэн;

зылъэlэсыгъуей жылэхэм, къуажэ пхыдзахэм дохутыр-санитар дэlэпыкъуныгъэ цlыхухэм щагъуэтыным, диспансеризацэ а щlыпlэхэм щрагъэкlуэкlыныр фlэкlыпlэншэ медицинэ страхованэмкlэ программэхэм цlыхухэм кърататын хуей lэмалхэм япкъ иткlэ, медицинэ дэlэпыкъуныгъэ пщlэншэу ягъуэтыным теухуауэ щыlэ къэрал шэсыпlэхэр яlэн папщlэ зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр зэфlагъэкlыну;

сабийхэр еджапlэхэм езышалlэ автобусхэр зэрызекlуэ гъуэгухэр зэгъэпэщыжыным, апхуэдэу школ автобусхэр къэгъэщlэрэщlэжыным трагъэкlуадэ мылъкум хагъэхъуэн папщlэ щlыпlэ бюджетхэм я мылъкум яхухэгъэхъуэным и lуэхум хэплъэну;

цlыхухэр хабзэхэм щыгъуазэ щыхуащl центрхэм защlэгъэкъуэн, абыхэм зегъэужьын папщlэ псоми зэхуэдэу къагъэсэбэпыф библиотекэхэм апхуэдэхэр къыщызэгъэпэщын, зылъэlэсыгъуей жылэхэм, къуажэ пхыдзахэм гулъытэ хэха хуэщlауэ;

зылъэlэсыгъуей жылэхэм, къуажэ пхыдзахэм дэс сабийхэм щlэныгъэфl ягъуэтын папщlэ пэlухауэ щlэныгъэ етыным и lэмалхэр еджакlуэхэми егъэджакlуэхэми къахуэзгъэпэщын папщlэ зыхуеину хъыбарегъащlэ-дидактикэ программэхэр къагъэсэбэпыну lэмалхэр етын;

зылъэlэсыгъуей жылэхэм, къуажэ пхыдзахэм цlыхухэм курыт щlэныгъэ щрагъэгъуэту щыlэ еджапlэхэм я лэжьакlуэхэм я lэщlагъэм щыхагъэхъуэн папщlэ абы хуэщlа еджапlэхэм гъэкlуэным хуэунэтlа лэжьыгъэр зэтеухуэн;

зылъэlэсыгъуей жылэхэм, къуажэ пхыдзахэм щыlэ школхэр егъэджакlуэхэмкlэ къызэгъэпэща хъун папщlэ абыхэм щылэжьэнухэм псэупlэхэр етыным пыщlа lуэхум хэплъэн.

Граждан жылагъуэм и ехъулlэныгъэ нэхъ инхэм ящыщщ цlыхур щхьэхуимыту щаlыгъ щlыпlэхэм абыхэм я хуитыныгъэхэр хъума щыхъуныр зи нэlэ щlэт Жылагъуэ кlэлъыплъакlуэ комиссэ къызэрызэрагъэпэщар.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм куэд щlауэ иlэщ Жылагъуэ кlэлъыплъакlуэ комиссэ икlи тутнакъэщхэм щаlыгъхэм я хуитыныгъэхэр хъумэн лэжьыгъэм и пlалъэ фlы дыдэу ищlэ хъуащ абы. Дэ быдэу дызэпыщlауэ долажьэ. lуэхуфlхэр кърокlуэ СИЗО-м, УФСИН-м и lуэхущlапlэхэм ОНК-м, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, Уполномоченнэм и аппаратым и лэжьакlуэхэр, прокуратурэм, дин lуэхущlапlэхэм я лlыкlуэхэр ди гъусэу дыкlуэурэ къэпщытэныгъэхэр зэредгъэкlуэкlым.

Абы lэмал къет суд унафэкlэ ягъэтlысахэр, зи lуэхухэр зэхагъэкlхэр щаlыгъ щlыпlэхэр зыхуэдэм, абыхэм я хуитыныгъэхэр къызэрызэгъэпэщам щыгъуазэ зытщlыну. Тхьэусыхафэ, зэрызыкъытхуагъазэ куэдыр абдежым щызэхыдогъэкl икlи абыхэм ятеухуа унафэхэри къыдощтэ. Республикэм и унафэщlхэр къызэрыддэlэпыкъум и фlыгъэкlэ къызэгъэпэщыныгъэ lуэху куэд, абыхэм мылъкум ехьэлlахэри яхэту, зэфlыдогъэкlыф. Апхуэдэу щытми, ОНК-м и лэжьыгъэр адэкlи егъэфlэкlуэн, зегъэужьын, абы хэтхэм я lулыджыр къэlэтын, цlыхухэм нэхъри дзыхь къыхуащl хъун папщlэ, абы хуэгъэза lуэху зыбжанэ зэфlэгъэкlын хуейщ, абы и лэжьыгъэр зыхуэдэр хъыбарегъащlэ lуэхущlапlэхэм нэхъри хэlущlыlу ящlынри абыкlэ сэбэпт. Апхуэдэуи ОНК-м и унафэщlыр жылагъуэм дежкlэ мыхьэнэшхуэ зиlэ проектхэр гъэзэщlэным пыщlа республикэ совет зэмылlэужьыгъуэхэм хэгъэхьэн, организацэм щыщхэр гъэгушхуэн хуейщ.

Комиссэм хэтхэм жылагъуэ пщэрылъ ягъэзащlэу лажьэу аращ, цlыхухэр щхьэхуимыту щаlыгъ щlыпlэхэм кlуэн папщlэ ахэр жылагъуэ транспорткlэ зекlуэн хуей мэхъу, абы гугъуехьхэр пыщlащ. Кlэлъыплъакlуэ комиссэм хэтхэм жылагъуэм дежкlэ игъэзащlэ къалэныр къэлъытауэ, абыхэм зы автотранспорт яхухэхыным теухуа lуэхур зэфlэгъэкlын хуейщ е ОНК-м и унафэщlыр хуит щlыпхъэщ ягъэтlысахэр щаlыгъ щlыпlэхэр къапщытэн папщlэ комиссэм хэтхэр абыхэм зэрыкlуэну транспорт къриджэну.

Апхуэдэуи Урысей ФСИН-м и унафэщlхэм мыхэр яхудогъэлъагъуэ:

Иужьрей илъэситхум Уполномоченнэм цlыху 50-м зыкъыхуагъэзащ суд унафэкlэ ягъэтlысахэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщхэр республикэм къыщагъэнэжыну, апхуэдэуи нэгъуэщl щlыналъэхэм щагъэтlысахэу ди республикэм щыщхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и тутнакъэщхэм е КИФЩl-м хыхьэ щlыпlэхэм кърагъэшэжыну лъаlуэу. А зэманым къриубыдэу абы и лъэныкъуэкlэ дэ дызыдэlэпыкъуфар тlу къудейрщ. Адрейхэм ятеухуауэ дэ тхыгъэ дызэсэжахэр къытхуагъэхьыжауэ аращ. Мыбдежым къыщезгъыу къыдолъытэ тутнакъхэм тралъхьа тезырхэр хуагъэщэбэныр, езыхэр зыщыщ щlыпlэм е и lыхьлыхэр здэщыlэ щlыпlэхэм пэгъунэгъуу щрагъэпшыныжу.

КIэухыр

2025 гъэм дэ дгъэлъэпlэнущ совет цlыхубэм Хэку зауэшхуэм къыщахьа Текlуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъур. Къэралым и Президент Путин В. В. 2025 гъэр Хэкум и хъумакlуэм и илъэсу игъэуващ. Хабзэ зэрыхъуам тету, къэрал, муниципальнэ властыр, граждан жылагъуэм и институтхэр, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэр, абыхэм Уполномоченнэри яхэту, къыхашащ Текlуэныгъэ Иным и махуэмрэ Хэкум и хъумакlуэм и илъэсымрэ гъэлъэпlэным зыхуэгъэхьэзырыным, абыхэм япыщlа дауэдапщэхэр егъэкlуэкlыным. Дэ, цlыхухэм я хуитыныгъэхэм я хъумакlуэхэр, яужь дитынущ Хэку зауэшхуэм хэтахэм, абы хэтахэм я щхьэгъусэхэм, тылым щылэжьахэм, дзэ lуэху хэхам и ветеранхэм, зауэ зэпэщlэтыныгъэхэм я ветеранхэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщыным. Апхуэдэуи дэ зэпымыууэ ди нэlэ ятедгъэтынущ нэхъ хуэмыщlа цlыхухэм, псом япэрауэ, зи ныбжь хэкlуэтахэм, зи узыншагъэм къимыхьхэм, сабий ныкъуэдыкъуэхэм, сабий зеиншэхэм.

Дэ ди къалэнщ абыхэм я хуитыныгъэхэр текl имыlэу зэрагъэзащlэм, и чэзум икlи нэсу социальнэ ахъшэхэр абыхэм зэраlэрыхьэм дыкlэлъыплъыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и lэтащхьэм деж щыlэ Советым сыхэткlэрэ, афган зауэм и ветерану сыщыту, сэ сыхэтынущ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лlыхъужьхэр» республикэ программэр гъэзэщlэным. lэмалу щыlэр къэзгъэсэбэпу, сыхущlэкъунущ дзэ lуэху хэхахэм хэтхэмрэ ветеранхэмрэ жылагъуэ, къэрал гъащlэм жыджэру хэтыным теухуа lуэхухэр дэгъэкlыным, ахэр гъащlэм тыншу хэзэгъэжынымкlэ, абыхэм я lэзагъэм, щlэныгъэм къызэриубыдым тещlыхьауэ ахэр унафэщl къулыкъухэм пэрытыным хуэгъэхьэзырыным. Республикэм мыхьэнэшхуэ щызиlэ lуэхухэм ящыщу республикэм къыщалъытащ Балъкъэр щlыналъэр Урысей къэралыгъуэм зэрыхыхьэрэ илъэс 200 зэрырикъур 2027 гъэм гъэлъэпlэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и lэтащхьэм къыдигъэкlа Указыр. 2025 гъэм щlадзащ а Указыр гъэзэщlэным. Абы теухуа lуэху псори жылагъуэм хэlущlыlу щыщlын хуейщ, бэр зэкъуигъэувэу, цlыхухэм я хэкупсагъэр игъэбыдэу, зэкъуэшыгъэм къыхуриджэу, лъэпкъхэр, дин зэмылlэужьыгъуэхэр зезыхьэхэм зызэхащlыкlыу, пщlэ зэхуащlу къызэдэгъуэгурыкlуэным хуиузэщlу.

«Къэралыр щыlэн папщlэ, абы хабзэхэм щытетын хуейщ», - жаlэ нэхъыжьхэм. Дэ абыхэм арэзы дадохъу икlи жыджэру абы дыхуэлэжьэнущ.

ЗУМАКУЛОВ Борис,
Цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэ.
«Цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм и lуэхукlэ» КъБР-м и Законым и 25-нэ статьям и пункт 3-м ипкъ иткlэ тыдодзэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщl-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщl-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.456
Заказыр №633
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэlэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.